

62-0422 Reparasyon/Restorasyon Pyebwa Lepouz La

Branham Tabernacle, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Mèsi, frè Orman. Bondye beni w.

Bonjou, zanmi m yo. E se yon privilèj pou nou tounen nan tabènak la, nan bèl maten Pak sa a, pou adore, gran rezirèksyon presye Seyè ak Sovè nou an, Jezikri.

2 Mwen ta renmen di ke mwen te sètènman...Pami tout mesaj mwen te janm tande pastè nou an preche, pi bon mesaj li a se te maten an. Mwen te ale lakay mwen epi mwen te di madanm mwen. Mwen te di: "Cheri, sa a se yon maten ou te rate, paske ou pa leve bonè." Se te pi bon sèmon mwen te tande sou rezirèksyon an, nan tout lavi m. Mwen pa janm tande anyen ki pi bon, sou rezirèksyon an pase sa pastè nou an ban nou maten an. Se yon mesaj etonan, ak tout bagay plase kòm sadwa. Sa montre, ke, lè onksyon an anpare yon nonm, ou wè, kisa—kisa k pase. Sa fè yon bagay lè sa a. E kifè nou kontan ke—ke Bondye ban nou bèl pastè sa a.

Epi kounyeya mwen vle remèsye nou chak.

3 Bon nou te la depi yon ti tan, nan diferan moman, nan fè ale vini, men kounye a m ap pati nan chan misyonè, kòm nou konnen. Semèn sa a, mwen prale kay Endyen kri yo, nan Kolonbi Britanik. Apre sa, soti la, nan Fò Sen Jan. Epi answit, ete sa a, si Seyè a vle, pou antre nan...tout sou kòt Lwès la, moute nan Lès, epi—epi soti sou kòt Lwès la, epi moute nan Alaska, Anchorage, Alaska, epi pa laba a. Epi answit, petèt, soti la, m ap tate teren an pou Lafrik ak rès mond lan, pou sezon fredri k ap vini an. Kifè sa pral pwobableman pran kèk tan anvan m tounen isit la nan tabènak la ankò. Omwen, se pral jouk nan mwa Out oswa yon moman kèlkonk diran otòn sa a, anvan mwen ka retounen ankò.

4 Epi mwen vle remèsye nou tout pou bèl kolaborasyon nou, pou tout sa nou fè. Epi nou regrèt nou pa janm gen plas pou moun ki isit la nan maten sa yo. Nou nan yon pwojè konstriksyon kounye a, jan ou konnen, pou konstwi yon legliz ki pi gwo, lè ... pou sèvis sa yo. E kifè sa pral pwobableman reyalize pa two lontan la a. Yo pral kòmanse travay pou agrandi legliz la. Koulye a, nou dwe...

5 Epiou, mwen vle remèsye nou chak pou...pou kado yo, kat anivèsè nesans yo, kat Pak yo, kado nou te bay Billy yo, ak diferan lòt, pou... ak sa k pou mwen yo; Frè Woods, ak anpil lòt. Mwen apresye yo tout.

6 Epi chak moun vini, pou di...Nou pa konn ki presyon sa fè. Yon moun ki vini pou di: "Kounye a nou vle wè Frè Branham. Nou vle wè papa w," elatriye. Epi li di: "Fèy la plen." Alò, o, ou pa konnen ki jan sa ka anbarasan, lè ou—ou—ou jis ka rankontre yon sèten kantite. Se tout sa ou ka fè.

7 Mwen—mwen swete konsa mwen jis te ka pase yon bon bout tan ak chak moun, nou te kab chita. E mwen espere fè sa yon lè. Men li pa kapab fèt, sou tè sa a, paske gen moun ki vini isit la ki soti toupatou nan mond lan, ou wè, atravè mond lan. Semèn sa a, te gen moun ki soti nan plizyè nasyon isit la, epi yo te gen entèvyou epi yo te priye pou yo, semèn sa a, yo soti nan plizyè nasyon atravè mond lan.

8 E si se te sèlman ti kongregasyon lokal nou an isit la nan Jeffersonville, mwen te kapab byen kontan pran de oswa twa èdtan ak chak moun, epi ale nan fon bagay yo epi kite yo pati. Men, ou wè, pandan ke gen jis petèt, ann di, senk apèl ki soti, oswa, petèt, de apèl ki soti drèt nan kominote lokal nou an, gen yon santèn oswa desan ki soti atravè mond lan, k ap antre an menm tan ke de sa yo. Kifè gen literalman dè milye ke mwen pa t kapab menm manyen, okenn kote, ou wè, moun yo. Epi gen apèl ki mande pou "Vini isit la, epi ale *laba*," ki soti atravè mond lan, epi yo jis voye tikè avyon yo ladan l, ak tout lòt bagay, "Vin lapriye pou malad yo," men ou pa ka fè li.

9 Kifè moun yo desi. Mwen t ap desi, tou. Men mwen jis renmen, nan maten Pak sa a, pou m fè konfesyon m, pou di ke—ke mwen pa konnen kisa pou m fè sou sa. Genyen jis twòp, ou

konnen, pou—pou al jwenn, dè milye e dè milye de moun atravè mond lan. Mwen fè setyèm vwayaj mwen atravè mond lan, kòm nou konnen. E mwen gen kontak pèsonèl ak pi plis pase dis milyon moun atravè lemond.

10 Kidonk, ou ka imajine ki jan—ki jan sa ye, tansyon ke sa kreye. E anpil fwa nou fè fas ak ti tansyon, e mwen konnen sa rive w, tou, ak ti desepsyon. Men, panse a sa ke m genyen yo, desepsyon ke m genyen yo, lè manman malad yo nan telefòn, y ap di, “O Bondye...” Ebyen, tann jis yon minit, Frè Branham. 'Seyè Jezi, mwen—mwen—mwen priye pou w voye l'.'” Epi—epi mwen jis sot rakwoche telefòn lan ak yon lòt moun, e *isit la, e isit la, e isit la*, e nan tout mond lan. Ou konnen kijan sa ye. E se—se pa fasil lè yon moun nan lòt bout telefòn lan, ak yon ti bebe malad, oswa yon mari malad, oswa yon madanm ki sou pwèn mouri, k ap lapriye pou ou vini. Koulye a, ou ka imajine.

11 Se pa etonan mwen soufri nè. Se jis...Se ase pou fè w vin konsa. Men, mwen te fè sèl bagay sa a, olye ke m gen yon konplèks. Mwen eseye rete trankil, nan kenbe je m sou Kalvè a epi kontinye wout mwen, jan L vle m fè l. E anpil nan erè m yo, mwen priye pou Bondye padonnen m pou bagay sa yo, oswa petèt mwen te dwe ale yon kote epi mwen pat fè l. Mwen se imen, e mwen ka...mwen kapab fè erè.

12 Gen yon bèl ti bagay ki te di isit la nan lakou dèyè a, maten an, lè m t ap soti nan sèvis douvan jou a.

13 Mwen gen yon ansyen presye zanmi. Li pwobableman isit la yon kote. Li soti Chicago. Non li se Stewart. Li sou pwèn...Ed Stewart, mwen devine li nan mitan swasanndis li yo, oswa pi plis. Epi li te rankontre m deyò a la. Epi li mete ladim li sou kote nan pyès monnen dis santim. Epi li ban m yon pake dis santim nèt, apeprè *konsa*. Epi, o, mwen pa konnen, mwen... Natirèlman, yo pral sèvi nan zèv misyonè aletranje.

14 Epi bon zanmi lan, ak pa m, Frè Skaggs, Leonard Skaggs, ki soti Lowell, Indiana, te kanpe la. E mwen pat janm konnen anvan; li te yon Fran mason. Li te gen yon bouton Fran mason sou li. Epi nou t ap pale de lòd Fran mason yo.

15 E kifè vye Frè Stewart la te di m, li di: "Mwen renmen w, Frè Branham, e mwen ta renmen pale avè w." Padonnen m ekspresyon sa a. "Men," li te di, "se pi difisil pou antre an kontak avè w pase yon harèm tik."

16 Sa pa gen lontan, yon moun te di m: "Mwen byen kontan, Seyè a pa difisil pou m jwenn Li." Ebyen, se pa mwen ki vle *konsa*. Mwen renmen moun. Men mwen...Jis imajine...

17 Mwen t al lakay mwen epi mwen te di madanm mwen sa, epi nou te chita bò tab la epi nou te ri, ki jan li ta *difisil* pou rive nan yon harèm Tik, ou konnen. Kifè—kifè mwen...

18 Mwen espere ke li pa trè *difisil*, Frè Stewart, si w toujou isit la. Men, se sèten m te panse ke ti pawòl komik sa te fè nou ri kont nou.

19 Kidonk, mwen ta renmen wè tout moun. E mwen renmen tout moun. Sa se vre. Kit yo se yon zanmi oswa yon lènmi, se jis menm bagay la.

20 Epi kounyeya, mwen sètènman ap mande nou pou nou priye pou mwen, nan reyinyon sa a k ap vini an. Mwen pral nan mitan Endyen yo. E nou konnen, nou menm, lè w nan Wòm, ou dwe yon Women; epi lè w ak Endyen yo, ou dwe viv tankou Endyen.

21 Zanmi misyonè mwen an, ki se yon patnè lachas mwen, kote m te ye a, sou otowout la, Otowout Alaska a. Yon jèn gason trè janti, ak madanm li, ki soti nan yon bèl fwaye. Epi mwen...Bra l yo manje, la sou anndan an, epi toutarebò dèyè zòrèy li ak bagay sa yo. E mwen te mande m ki sa l te genyen, "Èske li te gen ekzema?" Se te akòz pis ak pinèz, kote li te oblije vi...ki jan li te dwe viv laba a. E kifè ou dwe viv la ak moun yo, pou gaye yo pou Kris. Yo se eritaj Kris la. Yo se moun pou ki Li te mouri, e yon moun dwe ale bò kote yo.

22 Epi chèf la te rive nan youn nan reyinyon m fenk sot genyen yo nan Nò a, epi Sentespri a te nan reyinyon an, oswa deyò nan kan an, sou teren an (mwen kwè se te nan motèl la), Li te site non l, epi Li te di l ki moun li te ye, ak kisa li te fè. Epi, o la la, sa jis te rezoud pwoblèm lan pou li, avè l. Li te konnen ke moun pa t kapab fè sa; ke sa dwe te soti nan Toupwisan an.

23 Kidonk, chèf sa a te met dife sou tout kòt sa a laba, avèk sa. E nou pral remonte bò kot la nan yon ti bato a vwal epi òganize kèk reyinyon nan plas kote nou prale yo, nan Portland, epi

pi lwen, anwo bò kot la, ak lòt kote, kay Endyen Kri yo, sa yo ke yo te neglije. Anpil nan frè yo, k ap òganize gwo reyinyon, pa t kapab ale kote sa yo. Kounye a, Endyen yo...

24 P ap gen yon sèl santim... Kòm nou konnen, mwen pa janm ramase ofrann nan reyinyon m yo. E mwen pa pran lajan. Men, se legliz sa ki—ki patwone reyinyon sa a kay Endyen yo. Gen yon pati nan lajan dim ou yo, ak bagay sa yo, pral sèvi pou peye, pou pote Mesaj sali ak delivrans sa a bay Endyen pòv, analfabèt sa yo.

25 Epi apre tou, se yo ki Ameriken yo, ou konnen. Nou se etranje yo, ou wè. Nou antre epi nou pran l nan men yo. Epi nou vle... Mwen pa ka remèt yo peyi yo, men mwen ka ba yo espwa yo nan Kris, ki pral mete nou ansanm kòm frè yon jou nan yon Peyi kote pa gen batay ak pran tè, youn nan men lòt. Li pral yon Peyi, yon plas pou tout moun. Mwen pral rekonesan lè tan sa a rive, si tout byenneme m yo sove epi yo pare nan moman sa a.

26 Kounye a, mwen gen anpil zanmi ke m wè, ki chita bò isit la, antan m ap pale a. Mwen kwè mwen remake Sè... Mwen pa ka sonje non l. Yo te konn rele l Lee. Eske se vre? Ou pa madan Lee? Pitit fi w la isit la, pitit fi yo, sila ki te geri a? Se trè byen. Youn te nan Kay Bon Bèje a, oswa non... Kijan sa rele? "Sè nan..." (kèk Enstiti Katolik) "Dam Lapè nou an," se sa li te ye. Mwen pede ap melanje tout non katolik yo. Kifè, laba, epi li te ...li te gen yon kriz de nè. Epi, chè Seyè Jezi a, pandan nou te chita... Mwen te chita nan pye kabann lan, epi presye manman li ak papa l te kanpe toupre. Epi Seyè Jezi a te deklare sa te disparèt, fini. Men li. Tout bagay fini. Epi, natirèlman, nou konnen sè a trè rekonesan maten an, epi...

27 Antan m ap voye je m gade m wè moun ki t ap mouri, dènyèman, ak kansè. Yo ranpe jouk isit la, sou chèz woulant, beki; e men yo isit la, nòmal epi byen, maten an. Se konsa sa ye tout kote. Se pa pa mwen menm; se pa Li, Seyè nou an ki leve soti vivan nan lanmò, Li vivan pou tout tan. Se pou Seyè nou an louwe epi beni pou tout tan, se priyè sensè mwen.

28 Èske n ap priye pou mwen? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.] Nou tout priye pou mwen. Bon, mwen—mwen konte sou sa. Epi lè m rive laba, ou wè, isit la lakay mwen, sa pa twò mal alantou isit la; men lè ou rive laba, se kote ou reyèlman nan fwon batay la. Isi a se antrènman.

29 M te tandè, yè, ke legliz nou an te achte yon—yon nouvo station wagon pou mwen, epi mwen... pou m vwayaje. E lòt mwen genyen an tou fini. E kifè mwen—mwen te limen radyo a epi mwen te koute enfòmasyon yo. Epi answit yo te k ap swiv, yè swa, kote Joseph avè m t ale nan lapriyè a. Alò nou menm, nou te soti Green's Mill, yo... Mwen te limen radyo a. Se te yon emisyon nouvèl, epi yo te di li, apre, *Monitè sa a* t ap swiv yon jèn kanmarad nan fòmasyon li. Ak kijan li te kanpe la ak pòch li plen sab ak tout bagay, ke l te oblije kenbe tèt li tèlman anba, paske mitrayèt la t ap tire bal reyèl drèt anlè tèt li pandan li t ap rale anba fil fè ak lòt bagay, pou pran yon fòmasyon rijid.

Bon, se sa n ap fè la a.

30 Men kounye a sa diferan anpil sou fwon batay la. Ou wè? Mitrayèt sa a kwonometre, pwograme pou tire jis nan yon sèten wotè. Men, sou fwon batay la, li ka monte oswa desann. Ou wè? Kifè—kifè sa a se yon ti kras diferan laba, ou wè, pase sa—pase sa li ye. Kidonk nou gen...

31 Ebyen, sa a se fòmasyon, isit la. Men, deyò a laba ou sou fwon batay la, kidonk nou pral fè fas ak lènmi an kounye a. Alò nou te konn goumen... chante yon ti chante isit la, *Batay La Ap Fè Raj*. Èske gen yon moun ki sonje chante sa a? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.]

Batay la ap fè raj, O sòlda kretyen yo,

Se pou chak moun byen gade ran li,

Avèk zam briyan ki kont lènmi an,

Sa ki byen ak sa ki mal la angaje jodi a.

Se vre. Ou wè?

Batay la ap fè raj, men piga nou fatige,

Pran kouraj! Epi nan fòs Li, kenbe fèm;

Si Bondye pou nou, drapo li sou nou,

Nou pral chante chante venkè a finalman!

32 Se vre. Bon, m te gen anpil bagay pou m di, maten an, men mwen te on jan rakousi l, paske moun nou yo kanpe epi plas la chaje. E yo mete ti opalè deyò a, ak yon ti retransmisyon pa radyo, mwen panse, pou ke chak machin kapab...Sistèm transmisyon an pèmèt nou ale jiska kèlke mètr de tabènak la, avèk sa. E kifè, nou menm, n ap eseye apresye vizit tout moun avèk nou maten an.

33 Kounye a, anvan nou ale pi lwen, ann di sa...Bon, imedyatman apre sa, mwen panse, se sèvis batèm. Premyèman, se liy lapriyè a. Nou pral priye pou malad yo, maten an. Mwen panse, Bondye k ap vini sou sèn lan se yon prèv de sa n ap pale a, rezirèksyon Li. Èske Li vivan, oswa Li pa vivan? Èske sa se jis yon istwa fiktif, oswa èske Se Laverite? Si Li vivan, Li te fè yon pwomès, "M ap la avèk nou tout tan, jouk nan fen mond lan." Kounye a, si Li—si Li vini nan mitan nou isit la epi Li pwouve ke li la, alò pa gen okenn devinèt ankò sou sa. Ou wè?

34 Sonje, tout relijyon yo nan mond lan, yo gen jou sen yo ak jou ferye yo, elatriye. Men, pa gen youn nan yo ki ka pwouve ke fondatè yo a... Ke, lanmò te pran l, e se te tou. Men, pa nou an, relijyon Kreyòl, Fondatè nou an te mouri epi Li te resisite.

35 Nan Meksik, dènyèman, lè laprès te fè yon entèvyou, konsènan rezirèksyon yon ti bebe ki te mouri maten sa a a nevè. E a dizè trant jou swa sa a, dizè trant oswa onzè, li te leve soti vivan nan lanmò, la menm nan bra manman li sou estrad la, devan dè dizèn de milye moun. Trant mil vin jwenn Kris jou swa sa. Ou wè? Kifè, alò, ou ka imajine sa ki te gen la.

36 E ti gason an, m te fè yon vizyon devan m; epi li te di kisa ti non li te ye, ak tout bagay. Epi manman an te byen lwen dèyè a, li pa t ka jwenn yon kat lapriyè, li pa t ka antre. Men, li pa t oblije vini sou estrad la, atravè liy lan. Kifè, lè li te mennen ti bebe a; lapli t ap tonbe fò.

37 Nou panse a nou menm ki kanpe; panse a yo menm. Yo te la a nèvè nan maten, pou sèvis yo ki te gen pou kòmanse a nevè nan aswè. Yo te kanpe nan solèy cho a, apiye youn kont lòt, pou lonbraj. Yo te Kanpe, pa chita; kanpe. E se konsa yo fè, an Afrik ak diferan kote, nan peyi Lend, kote yon demi milyon rasanble ansam, anmenm tan.

38 Bon, ti fanm sa a pa t ka menm jwenn yon kat lapriyè. Te gen plis pase twasan moun k ap mete lòd ki t ap eseye kenbe l, e ke li pa t kapab antre nan liy lapriyè a. Epi li te kanpe la ap priye pou ti bebe sa a; yon ti fanm Katolik. Epi Sentespri a rele, Li di: "Di l pou l mennen l isit la."

39 Epi ti bebe a, anba yon lenn mouye; te kanpe la depi maten sa a. Doktè a te di li mouri. Kounye a, nou gen deklarasyon doktè a sou sa, ki te di li mouri, maten sa a nevè. Epi answit se te jou swa sa a, prèske minwi. Epi mwen menm, jis jan vizyon an te di, mwen te ale, mwen te mete men sou ti bebe a. Men li la ki te vivan. Doktè a bay temwayaj.

40 Laprès te entèvyouve m. Se konsa, m pa gen anyen kont kwayans pèsonn, osi lontan ke li nan Bib la, se kòrèk. Men, mesye ki t ap entèvyouve m lan se te Katolik, e li di m: "Èske w kwè sen nou yo ka fè sa?"

41 Mwen di: "Si yo vivan." Natirèlman, mwen konnen legliz katolik kwè ou dwe mouri, pou w ka yon sen. Kifè alò, mwen di: "Si yo vivan, wi."

Epi li di: "Oh, ou pa ka yon sen si w pa mouri."

42 Mwen di: "Èske Pòl te yon sen anvan l te mouri oswa apre l te mouri? Ki moun li t ap ekri, moun ki mouri yo, lè li te di: 'Pou sen ki nan Efèz yo,' ak sen yo ki nan yon *sèten* kote? Li pa t ap ekri moun ki mouri, ou konnen.

43 Kifè alò li di: "Kounye a, w ap eseye jije ka w la dapre yon Bib. Nou se legliz la."

Mwen di, "Oke, mesye. Dakò."

Epi li di: "Nou se legliz la."

44 Mwen di: "Alò, ann wè legliz la k ap fè sa." Ou wè? Alò, kifè, se sèlman Kris ki ka fè sa. Ou konnen sa.

Li di, "Ki opinyon w sou legliz Katolik la?"

Mwen di, "Mwen swete ou pa ta mande m sa." Ou wè?

Li di, "Oke, mwen ta renmen tande li."

Epi mwen di, "Pi gwo fòm espiritualis ki genyen."

Epi li di: "Espiritualis?"

Mwen di, "Wi, mesye."

Li di, "Ki jan ou fè konnen sa?"

45 Mwen di: "Nenpòt bagay k ap entèsede ak mò yo; kominyon sen yo, ou wè."

Epi li di, "Ebyen, ou priye Kris, epi li te mouri."

Mwen di, "Men, Li resisite, ou wè."

46 Kidonk, sa se bon bagay nou konnen an, Li resisite. Èske nou pa rekonesan?
[Kongregasyon an di: "Amèn." — Ed.]

47 Annou bese tèt nou epi di L mèsi paske Li te leve soti nan tonm lan pou jistifikasyon nou.

48 Papa nou ki nan Syèl la, nou rekonesan maten an pou Jezi; e jodi a, nan komemorasyon gran rezirèksyon Li a, nan maten fèt sa a lè Li leve soti vivan nan lanmò a, triyonfe sou lanmò, lanfè, ak tonm lan. Lè li te sou tè a, Li te montre ke li te triyonfe sou maladi, enfimite, ak—ak tout kalite demon ak pwisans. Lèfini, lanmò vin parèt devan L, pi gran ak dènye lènmi an. Epi nan maten Pak Li te pwouve Li se Bondye. Li leve soti nan menm dènye lènmi an, li pa t kapab kenbe L. Tonm lan lage L; lanfè te oblije lage L; Syèl la te resevwa L.

49 O Bondye, se pou kè nou resevwa L jodi a, nan pwisans Sentespri a, pou nou kapab egzekitif Li, egzanp Li—Li, sèvitè L yo sou tè a, pandan n ap rete isi avèk Li. Akòde li.

50 Beni tout sa ki isit la. Bondye, moun presye sa yo ki kanpe, kèk nan yo te antase isit la depi granmmaten. Mwen priye, Papa nou ki nan Syèl la, pou W vide jodi a sou yo "enfiniman pi plis pase tout sa nou te kapab fè oswa panse," epi akòde yo dezi pwofon ki nan kè yo. Sa chak moun vini chache, maten an, se pou yo tounen, satisfè. Ou te di Ou p ap vire do bay pesonn, men Ou pral plen l ak bon bagay, epi W ap voye l ale ak kè kontan. Akòde li, Seyè.

51 Se pou omnipotans Ou, se pou Sentespri Ou, nan pouvwa rezirèksyon an, aji ak nou chak jiskaske espwa nou yo va bati sou anyen mwens pase San Jezi a avèk jistis. Akòde li, Papa.

Beni Pawòl yo kounye a ke nou li.

52 Nou di w mèsì pou mesaj nòb sa a maten an, alòske nou te vini bonè nan legliz la. Epi pou nou te wè kouman Ou pran frè nou an, epi ak yon chanjman konsa ki te fèt nan li nan kèk moman, epi li te delivre yon mesaj bay jenerasyon moun k ap mouri sa a ke nou fè pati kounye a, ala nou remèsye Ou pou sa, Seyè! O Bondye, kè nou tranble ak lajwa lè nou panse a bagay sa yo. Kounye a, gade l anba lonksyon, Seyè, pandan tout jou ki lonje devan l yo, Seyè.

53 Epi beni ti legliz sa a. Epi ede m, Seyè, pandan m pral pote Mesaj la bay lòt moun. Epi se pou nou, ansanm, tankou yon sèl moun, yon sèl fanmi, kole ansanm, epi priye ansanm, epi viv ansanm nan inite sen nan Sentespri a jiskaske Jezi resevwa nou nan Wayòm lan. Paske nou mande l nan non Li epi pou glwa Li. Amèn.

54 [Frè Neville di, “Frè Branham, èske m ka gen tan pou m entèwonp ou?” — Ed.] Ou mèt fè l sètenman, frè. [“Kòm yon siy apresyasyon nou epi gras a—a travay yon jèn gason nan mitan nou, nou prezante tablo sa a ba ou, Frè Branham, avèk tout ekspresyon lanmou nou ak apresyasyon nou.”] Mèsì, Frè Neville, ak tabènak la. [“Jèn gason an se Jerry Steffy, ki te pentire tablo sa a.”]

55 Se Frè Jerry Steffy ki pentire foto sa a. Se pou Bondye beni ti gason sa. Se trè byen, Jerry, si w la maten an. Sa fè m mal, mwen swete mwen te gen mwayen pou m ta voye ti gason sa ale lekòl pou vin yon atis. Mwen kwè Bondye nan atizay. Ou pa kwè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.” — Ed.] Bondye nan mizik. Bondye nan atizay. Bondye nan sa a. Epi sa fè m mal pou wè yon talan, tankou sa, pa ta devlope. Plis li va fè l, plis li pral devlope. Epi mwen—mwen priye pou Bondye beni w, Jerry.

56 E mèsì, Frè Neville, ak legliz sa a, pou bèl tablo sa a ak powèm ki ekri anba l la. Mwen pral li yon ti kras pita. [Frè Neville di: “Ou vle m li l?” — Ed.] Dakò, mesye. Frè Neville pral li powèm lan. Mwen te gen yon ti lide sou sa ke ... [Frè Neville ap li *Lonè A Sila Ki Merite Lonè.*]

Li pa yon nonm ki wo,

Ni ki gen lè oten nan manyè li,

Se pa nan jan pa li pou I ap fè dyòlè

Kòm li prale sou chemen li jou apre jou.

Li pa gen dezi ni pou I rich ni pou I popilè,

Men, pèsonn pa ka pran plas li;

Li jis jis fason nou vle I la

Pwòp chè Frè Bill nou an.

Li anseye nou avèk fidelite

Pawòl ki pa deleye a,

San fè anyen anpenpan, li pa renmen elòj,

Li jis ap swiv Seyè a.

Pawòl li dous epi trankil,

Li pa leve vwa li,

Eksepte pou kriye kont sa ki mal,

E alò, li pa gen okenn chwa.

Se pa ni lekòl ni nan inivèsite

Ke li resevwa enstriksyon li,

Men, li konnen sa k enpòtan

E se sèten li p ap twonpe l.

Paske konesans yo ba li a

Etènèl epi l soti Anwo,

Li pa gen okenn kredo, eksepte Kris nou an,

Okenn lwa eksepte Lanmou Souvren an.

Pa t gen okenn gwo anons ki te fèt

Jou nesans modès epi enb li a,

Men, pou nou, li se pi gran nonm

K ap viv sou tè a.

Nou konte sa plis pase yon privilèj

Pou konnen li kòm yon zanmi,

Nou cheri tout sa l ap defann,

Epi n ap fè l jiska lafen.

Li di li pa yon predikatè,

Li modès jan li kapab,

Men, mete l dèyè chè a

E sa p ap difisil pou wè.

Li te òdone davans pou l yon pwofèt,

Kite moun rele l jan yo vle,

Bondye te fè nou anpil favè

Lè li te ban nou frè Bill.

[“Siyen: ‘Ti twoupo a.’”]

57 Mèsi, Frè Neville. Mèsi pou panse w yo. Kiyès ki konpoze sa? [Frè Neville di: “Mwen kwè ke se manman l.” — Ed.] Sa se...

58 Mwen pa merite pou yo di sa, men sa pi plis pou mwen pase tout lajan ki sou latè. Ou wè? Jis panse, yon moun konsidere w kòm sèvitè Li, ou wè, kòm—kòm sèvitè Bondye. Se pou m toujou viv fidèl nan sa, se priyè mwen. Se pou Bondye toujou beni w. W ap toujou nan panse mwen. E mwen eksprime lanmou m pou ou, tou.

59 Bon, o, nou jis jwenn anpil bagay, nou te kapab jis pran yon jounen konplè epi nou pa t ap janm rive nan Pawòl la, ou wè, anpil bèl bagay.

60 Mwen resevwa yon—yon vizyon Seyè a ke m te pral di yon bagay sou li, epi—epi yon moun te fè yon rèv, o, mwen te panse li te tèlman estrawòdinè, konsènan Vini Seyè a. E mwen...

61 Ti Rebeka, pitit fi m lan dèyè a la. Mwen...Menm si mwen te fè yon ti plezantri sou li toutalè a. Li te soti, avèk youn—youn nan gwo chapo sa yo sou tèt li. Epi mwen di, "Bon cheri, sa sanble ak yon nich zwazo," mwen di, "li plen ak ti bout bwa, ak tout bagay, tankou sa." Mwen di, "Al retire l."

62 Alò, alò li te pran revanch li sou mwen. Nan kèk minit li te retounen; nou konnen kijan li te pran revanch li, se te lè l te tounen. Li antre ak yon gwo gwo sak a men, chaje. Mwen di, "Kote bagay sa a soti?"

63 Li di: "Papa," li di, "Mwen gen gwo pye, kidonk mwen panse mwen pral jis pran yon gwo sak pou ale avè l." Kifè, o, sa yo!

64 Men, li te di ke li te reve de fwa ke li menm ak mwen te monte nan machin lan, epi mwen te pale li de Seyè a ki tou pre parèt; menm rèv la, yon dezyèm fwa. M ap tann twazyèm lan ; petèt Seyè a pral ban m sa sa vle di alò.

65 Bon, gen anpil bagay pou nou di, men ann al dirèkteman nan Pawòl la kounye a.

66 Tout moun santi yo byen, mwen espere. [Kongregasyon an di, "Amèn." — Ed.] E si w pa konsa, mwen priye pou Bondye fè w santi w byen anvan sèvis sa a fini, pou pa gen yon moun ki fèb nan mitan nou maten an, lè sèvis la fini.

67 Kounye a, nou dwe sonje ke Kris te mouri pou enpi yo, e se te nou menm. Ou wè? Se nou menm. E Li te mouri pou nou, pou L te ka sove nou.

68 Kounye a, èske nou tande byen toupatou, byen? Dèyè dèyè nèt la, èske nou tout ka byen tande la? Èske son an rive nan fon an? Dakò. Trè byen.

69 Kounye a, mwen vle li yon pati nan Pawòl Li a. Premyèman, an nou vire kounye a nan Liv Jowèl la, epi mwen vle li vèsè 1 an, vèsè 1 a 4 la. Apre sa, 2yèm lan, rive nan...2yèm chapit la ak vèsè 25 la. Epi Jenèz 20:7. Kounye a, mwen apresye...

70 Kounye a, si w fatigue epi w vle soti, ou mèt fè l. Ou wè? Men, se pral dènye Mesaj mwen bay Legliz la, pou, pati sa a nan Legliz la, pou kèk tan. E nou espere gen yon sèvis gerizon

maten an. E mwen—mwen vle Mesaj sa a, si Bondye beni Li, pou—pou antre fon nan kè nou, konsa n ap jwenn siyifikasyon sa Li vle di.

71 Bon, nou isit la pou nou eksprime, pou—pou di bagay nou kwè yo, epi pwouve li pa Lekriti, ke se sa Lekriti di; epi alò se pou Bondye vini epi pwouve li, ke li se vre, jis, fè li reyèl. Jis tankou nenpòt...

72 Ou di: " *Sa a se yon grenn tounsòl.*" Plante li epi wè sa li ye. Alò si li grandi tankou yon tounsòl, sa regle kesyon an. Se te yon tounsòl. Ou wè? Se tou.

73 Kounyeya, e si kèk nan nou ap chanje plas, chak tanzantan; yon moun chita, lòt yo leve, epi tann yon ti tan. E mwen pral jis osi kout ke mwen kapab.

74 Kounye a, sonje, priye pou mwen. Epi jis rete fidèl ak legliz la kounye a; rete isit la nan legliz la, ak frè Neville. Epi nou menm moun k ap vizite yo, ebyen, kounye a, nou mèt toujou retounen.

75 Epi kounyeya mwen pral patisipe nan reyinyon sa yo, m ap patisipe nan yo san okenn apèl definitivman. Men, mwen jis pa ka trennen alantou bò isi a; mond lan ap mouri. Ou wè? E Pòl te fè eksperyans sa a yon fwa. Apre sa, li t aprale nan yon lòt peyi, epi li te resevwa yon apèl Masedwan, sou wout la. Kounye a, Bondye te kapab fè yon apèl soti Masedwan, nenpòt ki lè. Mwen anile tout bagay, lè Bondye bay yon apèl.

76 Mwen jis fè sa mwen kapab, mwen prale nan kwen *sa a*, mwen simaye semans; epi *isit la*, simaye kèk semans; epi *isit la*, m jete, simaye kèk semans. Mwen konnen zwazo yo ki nan syèl la manje anpil ladan yo; epi kèk nan yo toufe, elatriye. Men, ta ka gen kèk, ladan yo, ki leve, tou, ou konnen, sou bon tè. Kifè, ann jis simaye semans lan, se bagay prensipal la.

77 Yon lekti trè etranj, pou yon—yon mesaj Pak, Jowèl, chapit 1 an.

Pawòl Seyè ki te vin jwenn Jowèl, pitit gason Petwèl la.

Koute sa, nou menm granmoun, koute,...nou menm moun ki rete nan peyi a. Èske sa te rive nan tan ou, oswa menm nan tan zansèt ou yo?

Rakonte... pitit ou yo sa, epi kite pitit ou yo di pitit yo, epi kite pitit yo yon lòt jenerasyon.

Gazam lan manje tou sa sotrèl la kite yo. epi sa sotrèl la kite yo jelèk la manje yo; epi sa jelèk la kite yo, se azil la ki manje yo.

78 Kounye a 25yèm vèsè 2yèm chapit la.

Aprè sa, m ap ranplase pou nou ane yo ke sotrèl la te manje yo, jelèk la, azil la ak gazam la, pa mwen...ak gazam lan, gwo lame mwen an mwen te voye kont nou yo.

N a manje an kantite epi n a rasazyè, n a fè lwanj non Seyè Bondye nou an, ki te fè pou nou bèl mèchè, epi pèp mwen an p ap janm nan konfizyon.

79 Nan Jenèz, 20 an, Jenèz la. 20yèm chapit Jenèz la, ak 7yèm vèsè a. Mwen vle li sa a, pou swiv la...pou yon baz pou sijè sa a ke mwen pral—pral pran an. Mwen pral kòmanse ak 6yèm vèsè a, pou jwenn yon baz pou sijè sa.

Bondye di l nan rèv: -Wi, mwen konnen ou te fè sa avèk entegrite nan kè ou. Paske mwen menm tou, mwen te anpeche ou fè peche kont mwen. Se poutèt sa mwen pa kite ou manyen li.

Koulye a, renmèt nonm lan madanm li. paske li se yon pwofèt, li pral priye pou ou, epi w ap viv .

80 Kounye a, mwen tire nan sa yon sijè, oswa nan lekti Ekriti sa a, konklizyon yon sijè, yo rele "restorasyon".

81 Kounyeya, apre frè Neville te preche maten an, mesaj remakab sa a, nan dènye bagay li te di sou dènye panse l yo, se te: "Pou w retabli." Epi se konsa sa ban m lide, menm kote a, pou "restore."

82 Bon, mwen te kouri lakay mwen epi mwen te pran diksyonè mwen an, elatriye, ak kèk nòt Ekriti yo, epi mwen te kòmanse kopye kèk bagay. Apre sa, mwen te pran diksyonè Webster a, pou jwenn bon definisyon pou restore. Restore, sa vle di, "retounen bay ansyen pwopriyete"

a, oswa pote tounen nan ansyen kondisyon. " Epi nou ka enpoze restorasyon yon bagay ke nou gen dwa

83 Kounye a, se sa Webster di mo *restore* a vle di, "Pou pote tounen bay ansyen pwopriyetè a, oswa pou retounen nan yon ansyen kondisyon." E si yon reklamasyon te fèt sou yon bagay, pou fè restorasyon sa, ou ka enpoze li, pou fè li tounen nan plas li.

E se pou Bondye beni pawòl fèb sa yo kounye a.

84 Restore, vle di, "fè retounen". Oswa, restore, yon—yon reklamasyon kapab enpoze, kounye a, pou pote nenpòt bagay tounen bay pwopriyetè lejitim li, kote li fè pati. Se poutèt sa, nan yon lòt fason, li te ale lwen pwopriyetè lejitim li a, epi li ka ap moute desann nenpòt kote. Men, restore, se pote l tounen bay moun ki vrèman posede l la, oswa pote l tounen nan eta natirèl li kote li te ye premye fwa a, pote l tounen nan kondisyon natirèl li. E pou nou kapab fè sa, nou gen dwa pou nou enpoze li, si gen lalwa, pou nou enpoze kondisyon legal restorasyon sa, pou restore bagay la.

85 Se tankou si yon moun te vòlè yon byen, epi li kenbe byen sa prizyonye. Lè sa a, ou ka pran lalwa epi ale dèyè moun sa a, epi ak fòs lalwa yo, ou ka egzije moun sa a restore byen sa bay pwopriyetè natirèl li, nan premye eta li te ye a.

86 Enpoze! O, ala yon sijè! Ala mwen ta renmen gen de jou sou sa, fè respekte!

87 Bon, frè Neville te preche pou nou. Mwen jis pral pale ak nou, anseye nou yon leson lekòl dimanch konsa sa pral—sa pral jis kontinye, mwen espere, ak sa li te di a.

88 Ranfòse! Alò, nou se...nou gen privilèj pou egzije Satan, pou remèt nou dwa ke Bondye ban nou yo. Paske, Bondye gen yon lwa, e Pawòl Li a se yon lwa, e Bondye nan Pawòl sa a te bay sèten dwa a Legliz la. Se poutèt sa, nou gen dwa egzije Satan pou remèt nou dwa sa yo, epi di, "Remèt li," epi li dwe fè l. Paske, nou ka pran Ajan Bondye a, Sentespri a, desann sou jenou nou, epi di, "Se ENSI DI SEYÈ A." Li dwe abandone li, se tou, paske Sentespri a la pou oblije l fè l.

Lalwa peyi a la pou fè aplike sa. Se avèk peyi a, pou peyi a.

89 Men, lalwa Lespri Bondye a se pou fòse Satan abandone sa li te pran nan men Bondye enjisteman, ak twonpri. Nanm lèzòm, li te pran nan men Bondye; nanm fanm yo, timoun yo. Maladi nan kò a, li mete sou moun yo. Alòske Bondye te fè yo nan imaj Li, yo dwe tankou L, epi Legliz la resevwa dwa lejitim legal yo, pa Bib la, pou pran Sentespri a pou egzije l yo.

90 Mwen kwè mwen te jis mansyone sa, nan dènye reyinyon an isit la. Mwen pa sèten. Men, yon frè te vin Louisville, li te soti nan Georgia, li te kite machin li an estasyon la, epi yon moun te vòlè l. Epi li te gen rad li, rad madanm li, rad pitit li yo. Se te Frè Evans isit la. Dòdinè yo isit la. Yo kondui mil senksan mil, chak jou, lè nou gen sèvis isit la, yo vini isit la pou patisipe nan sèvis la. Epi pòv kanmarad la te la san anyen, epi a sètans mil ak yon bagay lwen lakay ou. Epi li pa t konnen kisa pou l fè.

91 Li te siyale sa bay lapolis. Men, yo gen yon gwo rakèt nan Louisville; yo te vòlè machin yo, epi yo te repentire yo. Epi ou ka... yo pa bezwen gen tit pwopriyete machin lan pou yo revann li laba. E yo ka fè yon tit pwopriyete pou ou, nan kèk minit, pou nenpòt nimewo ou ta vle mete sou li. Se konsa, yo te pase yon tan terib.

92 Kifè nou te mete nou ajenou. Ou wè? Bon Jezi pa t ap oblije fè sa, paske Li te Pawòl la. Bon, nou pa Pawòl la. "Pawòl Seyè a vin jwenn pwofèt yo." Yo pa t 'Pawòl la, men Pawòl la vin jwenn yo. Men, Jezi te Pawòl la. Ou wè? Li pa t oblije priye. Li te Bondye, Li menm. Ou wè? Men, nou se—se pwofèt Li yo, sèvitè Li yo, moun ke Pawòl Seyè a vin jwenn lan. Alò, pwofèt la konfime, si se Pawòl Seyè a oswa non, pa akonplisman sa li di a.

93 Donk, nou te gen yon Ekriti isit la, ke Jezi te di: "Kèlkeswa kote de oswa plis yo reyini nan Non Mwen, epi si yo dakò, m ap nan mitan yo. E si yo dakò pou yo mande nenpòt bagay, e si yo pa doute, y ap jwenn sa yo te mande a. Y ap ba yo l."

94 Kidonk, men—men lalwa. Kounye a, Sila a ki isi a pou fè aplike lwa sa a se Sentespri a. E moun ki pa kwè nan Sentespri a, ki rejte Li? Ou wè? Re...W ap rejte pwòp lapè ak mizèrikòd ou. Ou wè?

95 Bon, nou te mete nou ajenou, anviwon senk gason, avèk Frè Fred Sothmann e—e anpil lòt moun te la, kat oswa senk gason. Epi nou te mete nou ajenou, e mwen te plede ka sa a

devan Bondye. E answit mwen te pran Pawòl la, oswa pwomès la, epi mwen te voye Li monte. Gran Sentespri a, pandan L te pran Pawòl la, pou L pote somasyon an, yon vizyon te prezante e mwen te wè yon nonm ki te prale nan direksyon Bowling Green, Kentucky, ak yon chemiz jòn sou li, ki t ap kondui kamyon l lan. Sentespri a vin sou li, Li kondannen l, epi li vire tounen, anvivon mwatye chemen. Mwen te wè l tounen epi pake machin sa a nan yon sèten lari, lòt bò larivyè isit la. Mwen leve, mwen di frè yo: "ENSI DI SEYÈ A."

96 Alò, yo te pati, yo te ale sou wout la. Epi machin lan te la, avèk mwatye gazolin lan, tank lan—lan te a mwatye vid, alòske li te ranpli, jis ase, pou mennen l mwatye wout nan direksyon Bowling Green epi mennen l tounen. Bon, mesye sa yo chita isit la maten an, kòm temwen.

97 Kisa sa ye? Ranfòse. "Remèt li." Ou wè? Se sa. Se de sa l ap pale. "Retabli li. Pote l tounen bay pwopriyetè lejitim li."

98 E si Satan wete nan men w privilèj pou w se yon pitit gason oswa yon pitit fi Bondye, nou gen dwa maten an, pa Sentespri a, pou nou ranfòse dwa Bondye a. "Pote yo tounen."

99 Si li aflije w, epi li fè w malad, nou gen dwa devan Bondye pou fè respekte lalwa Bondye yo. "Grasa blesi Li yo, nou geri." Amèn. "Pote l tounen. Kite l ale. W ap mennen l laba, pou fè l mouri, e nou reklame l. Mennen l tounen kounye a."

100 Sa se ranfòsman an; retabli li nan kondisyon natirèl li ankò. Yon nonm ki malad; yon ti bebe ki malad; yon fanm ki malad. Ou wè? Yo soti nan kondisyon natirèl yo. Lè sa a, nou gen dwa fè respekte dwa nou an. Se pa dwa *nou an*. Se dwa nou paske Bondye ban nou li. "Grasa blesi li yo, nou te geri. Li te blese pou transgresyon nou an. Avèk blesi li yo, nou te geri." Kounye a nou gen dwa fè respekte lwa sa a. Epi Moun ki bay lalwa a—a, Sentespri a, Li menm, Li la, Ajan Bondye a, pou l wè ke sa fèt konsa. Amèn.

101 Kounye a, sèl fason L ka travay, se lè w kite L travay. Ou wè? Ou dwe kwè l. Gen yon lwa. Oh, si M te janm ka rive nan tèks mwen an. Gen yon lwa. Gen yon lwa ki egziste nan tout bagay.

102 Ou konnen, yon pwason gen yon lwa. A pwason sa a ka ret la a nan dlo a, ebyen li gen yon lwa nan li. Si l jis lese ale lwa sa a ki nan li a, li ka plonje drèt nan fon lanmè a. Sa pa pral

deranje l yon ti kras. Pa p detwi yon sèl selil li. Oumenm eseye fè l. Lwa sa a pa nan ou. Ou pa ka fè li, men pwason an kapab. Li degonfle tèt li ak lè sa a, de fason ke l pa kapab, pa gen anyen nan li ki pou eklate. Epi li te fèt konsa. Li konn sa. Kidonk li ka fè respekte lwa sa a, pou mennen l drèt nan fon lanmè a, e answit remonte ankò. Oh!

103 Te gen yon lwa nan Kris la. Lwa sa a nan lòm. Ou ka antere l nan kavo ki pi fon an, oswa lanmè ki pi fon an, oswa lanfè ki pi ba a. Gen yon lwa, Lespri Bondye a, ki pral leve l ankò. Ou wè?

104 Yon zwazo gen yon lwa. Koulye a, kò l se matyè. Li lye a tè a, ret sou tè a la a. Men li gen yon lwa nan li, kise jan l louvri zèl li yo, li ka vole kote je w pa rive. Sa se kont lasyans. Yo fè konnen li—li sot nan tè a; gravitasyon gen pou retni l la a. Men, li ka defye gravitasyon an, pran vòl tou dwat epi met deyò, paske li dwe mete lwa sa a ki nan li an fonksyon. Kidonk li bati pou posede lwa sa a.

105 Kounye a, mwen kòmanse santi lonksyon sou mwen. Kidonk, nou gen yon lwa, lwa lavi a nan nou. Nou pa...Sèl bagay ou dwe fè...Ou te kreye, pran nesans, e te plase la a nan kò Kris la, kòm pitit gason ak pitit fi Bondye. Ou pa bezwen soumèt ou a dyab la. Nou gen yon lwa. Se lwa Lespri Sen an. Sèl bagay ou konnen... ou dwe fè, se konnen ki jan pou lage sa epi kite Bondye aji. Kontinye ap goumen ak li, ou wè, e sa pap janm mache. Lè w, lage sa epi w kite Bondye aji, se tou. Ou wè?

106 Si pwason an te di: "Tann, m pral pran yon bon souf . Mwen pral respire yon ti kras oksijèn nan mwen, epi mwen pral wè si m ka desann." Non. S il fè sa, l ap eklate. Ou wè?

107 Zwazo a di: "Mwen pral wè ki jan m ka kouri vit anba la a, e petèt m pral dekole." Non, li p'ap fè sa. Li pral tonbe. Ou wè? Li gen pou l konnen kijan pou l kontwole, ki jan lwa sa a kab kontwole l.

108 Epi se menm jan an tou pou nou. Sa se pa ke n ap goumen, epi detire, epi—epi ap depeche, e—e, "Oh, si m pa jwenn si, si m pa jwenn sa." Se pa sa. Se konnen ke lwa lavi a nan ou, epi ou jis lese ale e kite Bondye aji. Lè sa a, li mennen w a gerizon w, mennen w a batèm Lespri a, oswa nenpòt bagay ke L te pwomèt la. Nenpòt demand ke L te akòde a se pou ou, e se lè w lese ale epi kite Bondye aji. Koulye a, si ou...

109 Si polisye a ta pral—pral mennen Kanmarad la ki te vòlè sa k pou ou a, ta pral mennen l nan tribinal, epi w amize w ap rale l pa dèyè, "Bon, mwen pa konnen se jis oubyen l ta dwe fè sa oswa non," li p'ap janm mennen l la a. Jis kite l ale.

110 Se konsa pou fè l. Jis kite Satan ale, tout dout yo ak tout bagay debarase tèt ou, Lè sa a, Bondye ap elve w. Mèveye.

111 Kounye a, se sezon Pak. Oh, mwen renmen Pak. Wi, mesye. Men yo fè twòp ak Pak la, jodi a, se bebe lapen, ak ti kana, poul woz, epi bèl chapo, ak rad nèf; men sa a se pa Pak. Pak se rezirèksyon an, ap restore, retabli. Se tan pou Bondye ap restore. W ap gade tè a; Bondye ap restore. Ap restore kisa? Lanati. Se vre. L ap restore flè yo. L ap restore fèy yo. L ap restore fwi jaden an. Kisa li ye? Bondye ap restore. Se Pak; ki vle di "mennen l tounen."

112 Kisa l ye? Te gen yon—yon fraz, yon reklamasyon. Reklamasyon Pak yo, oswa reklamasyon flè yo, ki gen dwa pou leve ankò. Ou wè? Epi lwa nati Bondye a vire tè a anwon e fè ansòt ke lwa Bondye a, nan lanati, pwodwi yon Pak, yon rezirèksyon. Se mayifik. Retou solèy la, pou retabli sa sezon fredri a te touye, pandan ke te sot nan tè a. Bondye voye tè a tounen otou solèy la, jan yo te di nou an, isit la gen lontan de sa.

113 Tè a, tè a te elwaye de solèy la, e te retounen isit la. Se konsa yon enkredil fè sa, li elwaye l de F-i-s la. Bon, sa a se s-o-l-è-y la. Men, lè tè sa a kòmanse retounen...Epi lè l te laba a, lanmò te frape l, sezon fredri a. Li touye tout bagay vivan li ka touye, bò isit la.

114 Epi, kounyeya, lè tè a retounen. Grenn yo te antere nan tè a. Yo te friz. Chè a te sot tonbe sou yo. La...Epi tout bagay te fini; men gen yon ti lavi ki te konsève. E osito ke solèy la retounen an pozisyon ak tè a ankò, Lè sa a gen yon Pak, yon restorasyon. Flè yo soti ankò. Tout bagay ap soti. Tout sa sezon fredri a te touye, solèy la restore l. Tout sa lanmò sezon fredri a touye, solèy lavi a te restore l.

115 E se konsa l ye kounyeya ak moun yo. Tout sa ke fredri ki pi rès nan sezon an, relijyon fòmèl te touye laba a, apwochman Pitit Gason Bondye a nan dènnye jou sa yo, k ap vin pou Legliz Li a, retounen l a lavi ankò. "Mwen pral retabli, Seyè a di ." Ou wè? Bondye restore flè li yo, fèy li yo, nati Li a, semans tè Li a, e se poutèt sa nou konnen, lè sa a, Bondye pral restore abitasyon Li a tou. Li pral restore Edenn Li a. L ap restore tou sa lanmò te touye. Se vre. Kounye a, sèl fason li ka toujou rete mouri, se kite l antere nan move kote a. Men, si li tonbe nan bon kote a, li gen pou tounen a lavi ankò. Kidonk, Bondye, pèmèt ke l tonbe nan bon kanal la, se vre, pou yon restorasyon.

116 Tout sa sezon fredri a touye, alòs, solèy la restore l. Retou solèy la, kisa l fè? Li fòse. Tande wi. Li fòse lanmò. Lè solèy la, solèy prentan an tounen nan liy tè a ankò, li anreyalite fòse lanmò pou abandone mò li yo, pou yon rezirèksyon, pou (ki sa?) yon restorasyon, yon "retorasyon yon lòt fwa." Kisa k fè sa? Retou solèy la. Se lwa Bondye a.

117 Bondye met lwa sou tè a, lwa gravitasyon. Tout bagay nan lanati mache dapre lwa Bondye a. Ebyen flè a te respekte manda l. Grenn nan te respekte manda l; li te mouri nan tè a. Apre sa, gen yon restorasyon.

118 E kounyeya li antere la a, li mouri. Pa gen yon bagay...Nou ta ka pran youn nan limyè sa yo konsa, epi limen l sou li, e l pa ta janm fè anyen pou li. Pa gen okenn fason pou nou fè l. Men, Bondye gen yon lwa, ke lè solèy sa a vin sou grenn lan, li fòse lavi sa a soti nan grenn lan. Lanmò pa ka kenbe l ankò.

119 Bondye mete tout lwa l yo pou sèvi L, ni natirèl la ni espiyèl la, ap travay dapre Pawòl Li, kèlkeswa kondisyon yo. Mwen renmen sa. Mwen te gen yon ekriti la a sou sa. Wi mesye. Bondye mete tout lwa Li yo an mouvman. Panse a sa. Kite l marinen kounye a, paske n ap vini ak yon sèvis gerizon nan kèk minit. Ou wè? Bondye te mete tout lwa li yo an mouvman, pou L dwe travay dapre pwòp Pawòl Li. Eske w sezi l? Ou wè? Pawòl li! Lwa Li yo dwe travay dapre Pawòl Li. Li te kòmande solèy la. Li te kòmande lalin lan. Li te kòmande tè a. Li te kòmande lanati. Epi yo tout rete dwat nan liy lan, e tout lwa yo travay annamoni ak Pawòl pale Bondye. Epi lwa lavi ki nan nou an ap mennen nou nan yon rezirèksyon tou. Li dwe fè l. Li enposib pou l pa fè l.

120 Se rezon sa a, lwa Lavi ki te nan Kris la. Lè Pawòl la te pale, li te di, "Mwen p'ap kite Sen mwen an wè koripsyon, ni Mwen p'ap kite nanm Li nan lanfè," pa t 'gen ase tan, pa t 'gen ase move lespri, pa t gen ase anyen ditou, pou kenbe Kris la nan tonm sa a jiskaske (Li) kò Li kòmanse pouri, paske lalwa Bondye a ta fè Pawòl la akonpli. Epi lalwa Bondye a, pa Lespri Sen an, fè nenpòt pwomès la akonpli (ou konprann li?), kèlkeswa kondisyon yo.

121 Jòb te di: "Menm si vè po yo detwi kò m, men nan kò m, nan chè mwen m ap wè Bondye kanmenm."

122 Pe enpòt jan nou piti, jan nou ba, jan nou souye, jan nou enpi, jan nou malad, jan nou akable; Lalwa Lespri Bondye a, grasa Pawòl Li a, fè l obeyi l, fòse pwoblèm nan, epi di: "Remèt sa!" Amèn. Oh, si n ta ka jis panse a sa yon minit. Fòse l, kèlkeswa kondisyon yo. Pe enpòt kisa kondisyon an ye, lwa Pawòl Bondye a fòse kondisyon an fè fas ak Pawòl Li a. Ou wè? Li dwe fè l.

123 Kounye a, si yon flè atè a la a, epi l mouri, grenn yo pouri, li fini, chè a te tonbe, sa pa gen okenn bagay pou wè ak li. Li leve ankò, paske Bondye te mete yon lwa, pou l leve ankò.

124 Lè Jòb te lonje la a (Petèt, lè li te wè Jezi ap vini, te gen katmil ane anvan Jezi te rive isit la.), ou ka imajine ki jan yon kò imen te sanble, nan kat mil ane, pwobableman pa gen ase

sann kite rete pou met sou manch yon kiyè. Men Jòb te di: "deja nan kò m mwen pral wè Bondye, Sila ke M pral wè ak je pa m nan."

125 Epi Bib la di nou, nan Matye 27, apre lanmò Li, antèman an, ak rezirèksyon L, ke, "Anpil nan sen ki t ap dòmi nan pousyè tè a, te leve soti nan pousyè tè a." Poukisa? Se te pwofèt sa a, ki t ap pale ak Pawòl Bondye a, e Pawòl la te pale. Epi Iwa Bondye a, grasa Lespri a, te fè yo leve. Bib la te di: "Yo antre nan vil la, yo te parèt devan anpil moun." Non sèlman Jezi te resisite, men sen yo te resisite avèk li.

126 Poukisa? Nan Sòm yo, li te di: "Soulve, nou menm pòtay etènèl yo, epi se pou n soulve. Se pou Seyè de glwa antre." Ebyen, lè li te ranpòte laviktwa sou lanmò, lanfè, tonm, maladi, te resisite sou twazyèm jou a, "Li te monte nan syèl la, li te libere kaptif yo".

127 Kisa sa te ye? Sila ki te nan kaptivite yo t ap tann pwomès ke n genyen kounye a. Oh, frè! Ki pat menm gen Sentespri a. "Men, ki te kwè, e bay yon bon temwayaj. Epi avèk sa yo te fèmen bouch Lyon yo, yo te etenn vyolans dife a, yo chape anba lam epe, fanm yo te resevwa mò yo ki te retounen a la vi: san pwomès la." Oh, men yo t ap tan ak enpasyans! Anba yon sakrifis mouton ki pa t kab divòse ak peche a, li te kab sèlman kouvri peche a. Men yo te kwè gen Youn ki t ap vini. Epi ak fwa yo, ki al pi loin ke lonbraj, amèn, yo te reklame li. "Epi fèm, yo t ap promnen nan dezè a, ak po mouton e po kabrit ; te akable, depouye, e te toumante." Oh!

128 Moun sa yo, ki t ap tann rezirèksyon sa a, e, atravè sa, te mouri nan lafwa, avèk temwayaj yo. Epi, nan maten Pak sa a, Iwa Bondye a, ki te site Pawòl la atravè Jòb ak lòt pwofèt sa yo, yo te leve soti vivan nan lanmò. Oh, lala! Men ni. Kèlkeswa kondisyon yo!

129 Gen moun ki tèlman koupab nan lespri yo, yo pa vle fè fas ak okenn jijman. Oh, anpil moun! Li pa difisil pou mouri. Nenpòt moun ki pèdi tèt yo, kèk lòt bagay, epi fè yon bagay san reflechi. Kèk ladan yo te boule kò yo, mennen l'nan lanmè a, jete sann nan nan kat kwen sa a, kat van nan lanmè a. Sa pap rete jijman an. Ou pral ladann tou dwat, menm jan an. Wi mesye. Ou wè? Pa gen pwoblèm, kèlkeswa kondisyon yo, ou pral rankontre Bondye, yon kote. Ou dwe vin a Li. Ou gen pou rankontre Li. Ou wè?

130 Paske (Se kisa?) Li te pwononse yon Pawòl, li met yon Iwa ak Pawòl sa a. Epi Iwa a se pwòp Iwa Li, pwòp Lavi Li, dèyè Sa . Se pou rezon sa a Li te jire pa Limenm ; pa gen pèsonn ki pi gran. Ou wè? Li te fè yon sèman, paske okenn alyans pa ta dwe konfime san yon sèman. E sèl fason ke L te kab, anvan L te fè I, Li te fèl pa Limenm, Konsa Limenm li vin Sèman an. Oh, frè! Lè, Bondye te vin moun epi Li te sèman an, Li te fè Tèt Li Sèman an.

131 Epi pa pwòp lanmò l, antèman l ak rezirèksyon l, li te pwouve ke lwa l yo te kòrèk. Li te di: "Ou detwi tanp sa a, mwen pral leve l ankò nan twa jou." "Mwen," pwonon pèsònèl, "Mwen pral leve l ankò nan twa jou. Mwen pral relve l. Jis detwi l, epi gade sa k ap pase." Paske, li te konnen lwa Bondye a. Li te konn sa l te ye. Li te konnen Li te dwe travay dapre Pawòl la. Li te konnen ke Pawòl Bondye a te pale atravè yon pwofèt, e l te di, "Mwen p ap kite Sen m nan wè koripsyon." Se te regle. Se te regle.

132 Kidonk, lwa Bondye a te dwe fonksyone pa Pawòl sa a. N ap rive sou yon gwo bagay nan yon minit. Ou wè ? Ou wè? Ki kote, lalwa Pawòl Bondye a, Lwa Bondye a, ye ak Pawòl Li a.

133 Kounye a, si tribinal la ekri yon pawòl, "Se vrèman-vrèman yon bagay, yon penalite, pou fè sa- e-sa a." Dakò. Kounye a, sa se pawòl tribinal la, epi lwa tribinal la ranfòse pawòl tribinal la.

134 Epi Bondye di yon bagay, e sa se yon lwa. Epi Sentespri a la pou fè respekte lalwa sa a, amèn, pou kwayan an. Ou dwe òdone pou fè sa a, e sa pran yon kwayan. Ou dwe gen epenglèt "kwayan". Yon moun di, "Ou gen pouvwa?" Non. Men nou gen otorite. Se sa. Pa pouvwa; men otorite. Nou pa gen ase pouvwa pou n fè anyen.

135 Jan m te di a kèk tande sa, yon ti polisye isit la nan Louisville, te kanpe la a. Li te pi piti pase m; yon vyek ti kanmarad. Chapo li te desann sou zòrèy li. Epi machin... Oh, inifòm li te anvivon amwatye pandye sou li. Li te mache deyò nan lari a. Ti pistolè ak bouchon an, konsa, bò kote l, ti baton nan men l, yon ti souflèt. Tap mache la a, yon pè gan blan nan men l. Apre sa, machin sa—yo, kèk nan yo te twasan senkant chwal pwisans, ap toubiyonnen nan lari sa a, tankou—tankou zèklè, jis zoum, zoum. Ebyen, pòv ti jennonm sa a pa t 'kab rete yon...Li pa t ' kab rete yon jenn ti chwal ki te sove, ak fòs li. Vrèman pa. Men li te sot nan lari a, gwo epenglèt klere sa a, li te soufle siflèt sa a, li leve men sa a an lè. Frè, twasan pwisans, puisans chwal motè sa a, fren sa yo kriye, ak tout lòt bagay. Se pa pouvwa nonm lan. Se te otorite l te genyen. Se sa.

136 Se Legliz la. Yo ka yon bann moun sa yo "Sen k ap woule", swadizan, oswa kèlkeswa jan w vle rele l la, men se otorite a. An-han, an-han. Se otorite ki dèyè l la. Se sa k fè l la. Kèlkeswa kondisyon yo, lwa Bondye a travay ak Pawòl Li. Koulye a, li pa pral travay ak kredo w la. Li pral travay ak Pawòl la. Ya a. Li jis travay ak Pawòl la, se tou, epi, kèlkeswa kondisyon an.

137 Abraram, jan nou te li ta lè a nan tèks nou an, madanm Abraram te dwe restore. Poukisa? Bondye te fè Abraham yon pwomès, epi men yon wa te pran l, pou marye avè l, pou vin madanm li.

138 Ebyen, kisa I ta dwe fè? Touye Abraham, nan yon minit. Se sa Abraham te di. "Mwen priye w, di ke..." Apre I te wè ke—ke Abimelèk te fin kenbe I, wa Filistin sa a la a. Li te di: "Kounye a, ou menm, ou menm, mwen priye w, di m se frè w. Paske si... ou se yon bèl fanm." Epi I te di: "Koulye a, si li wè w bèl, m pral—m pral—m pral—yo pral touye m, paske I pral pran w epi marye avè w." Konsa Abimelèk te pran I, epi gason I lan te fè I antre.

139 Se te yon bèl fanm. Epi, an pasan, li te gen sèlman santan. Epi li—li...Bondye te jis montre sa L pral fè pou nou tout, atravè yo. Ou konnen, mwen te pase atravè tout bagay sa yo, nan tèks mwen an e sou kasèt yo, elatriye, ap pwouve sa a pa Pawòl Bondye a. Se egzakteman sa. Li te di, atravè Abraham ak Sara, sa I ta pral fè ak ras la annantye. Se vre.

140 Bon, men manzè te la a, epi Abimelèk te pran I pou madanm li. Abimelèk, e se konsa li te pare kounye a, pou pran I pou madanm li. Epi (kisa?) Bondye te di Abraham, "Se ak Sara w ap fè pitit sa a," epi men yon jèn gason te pran I. Men Abraham te la a, anviwon yon hu - ...apeprè santan kounye a, tou, laba a.

141 Men, ak sa, ou remake kisa Bondye te di la a. "Wi, mwen konn entegrite kè w. Se poutèt sa m te anpeche nou peche kont mwen. Men retounen madanm sa a; paske mari I se yon pwofèt. Kite I priye pou ou. Si w pa fè sa, Mwen jis pral efase w sou fas tè a." Men ni.

142 Se kisa? Pawòl Bondye a dwe respekte. Okenn moun pa t ka touche Sara. Bondye te fè yon pwomès.

143 Sara, yon tip Legliz la, vrè Legliz la, Legliz lib la, fanm lib la ak yon Timoun lib, tip Legliz ki ne de nouvo a ak pwomès la. Kite yo rele I nenpòt jan yo vle; rele I "sen k ap woule, fanatik." Yo te eseye rete L depi Lapannkòt, e yo pa p janm fè I. Non, mesye. Pou kenbe... Jis retire men w yo sou li. Se tou. Bondye pral pran sa epi fè yon bagay avè Li, jis osi sèten ke m kanpe isit la. N ap vin tou dwat sou laj la, kounye a, nan kèk minit. Bondye ede m, m ap prouve w, ki kote nou ye a. Dakò. Ou...Yo p'ap janm riv detwi I. Yo pa ka detwi L. Se vre.

144 "Wete men w yo sou li." Poukisa? Se la a ke semans natirèl la parèt. Semans natirèl la te dwe vini. Si I ta...Si Sara ta marye ak lòt mesye sa a, semans natirèl la pa t ap janm pran nesans.

145 Kidonk, si Bondye te pwoteje semans natirèl la konsa, konbyen plis Li te pwoteje Semans esprityèl, wayal la!

146 Satan, remèt yo. Libere yo. Ou pa kapab ap toufe yo laba a nan òganizasyon yo ak bagay sa yo. Yo se yon pèp lib. Kite yo frankil. Ya a. Libere yo, Semans Wayal la.

147 Bon, Bondye ap pale de retablisman, kounye a, la a nan Joel, L ap pale de... Mwen te preche sou sa a, yon fwa anvan sa, epi m te pran l sou yon lòt ang. Apeprè... M pa janm pase atravè l, jan m gen entansyon fè l jodi a, epi m pa pral gen tan fè l kote l ta sipoze fèt.

148 Men Bondye ap pale isit la, nan Joèl, de... Bondye ap pale de Pye fwi Li la ke l te plante l a. Bondye te plante yon pye fwi. Li te plante l nan jou Lapannkòt la, e L te pote Pyebwa sa a la pou yon objektif. Li te vle l bay Fwi Pawòl Li a, Pawòl Bondye a. Li te vle yon Legliz ki ta gade Pawòl Li a. Pandan tout laj la, Èv te echwe pou gade L, Juif yo te echwe pou gade L, lalwa te echwe, tout te echwe, se konsa Bondye te plante Limenm yon Pyebwa. Yon Pyebwa!

149 Kounye a sonje, te gen de pye bwa nan jaden Dedenn nan. Nou konn sa. Ou mèt rele yo jan ke w vle a. Mwen gen lide m. Men, nenpòt kòman an, youn nan yo te yon pyebwa ki souye; li te souye. Men lòt la pa t souye; Pyebwa lavi sa a vin de Bondye, sot nan syèl la. Li te di: "Zansèt ou yo manje lamann, epi yo mouri. Men, Pye bwa sa a, manje l, epi w ap viv pou tout tan." Apre sa, zanj lan te veve Pyebwa lavi a, nan jaden Dedenn nan, li te kenbe l nan Edenn nan. Pyebwa lavi sa a nan Edenn lan, kounye a, nan langaj espiritiyèl kounye a. Remake.

150 Ebyen, lè Pyebwa sa a ke Bondye te plante a, Li te gen pou pwodui nèf kalite fwi diferan, nèf diferan kalite; ki vle di, nèf don espiritiyèl, nèf fwi Lespri a pou ale ak nèf don espiritiyèl yo. Se se te PyeBwa Bondye a. Li te plante l sou tè a nan Jou Pannkòt la.

151 Kounye a, ann kanpe. TèlmanToujou limite ak tan n. Mwen pral sote kèk Ekriti la a, epi al nan Sòm premye a, la a. David te wè Pyebwa sa a, depi lontan. E lè l ap ekri chan yo pou yon bagay ki bay lajwa, se te sou premye bagay li te ekri. Li te wè Pyebwa sa a, e l te "plante bò rivyè Dlo yo". Pye bwa sa a! Limenm! Epi li pral tankou yon pye bwa, pye bwa Bondye a, ki te plante (ki kote?) bò larivyè yo, rivyè (pliryèl), rivyè dlo yo (sengilye)...

152 Pa yon Methodis, Batis, Presbiteryen, Literyen, elatriye. Non, non. An-An. Jis rivyè yo nan yon sèl Dlo; nèf don espiritiyèl atravè menm Lespri a. Nèf fwi Lespri a ki soti nan menm kanal la. ...l ap tankou yon pyebwa ki plante bò bann rivyè dlo a.

153 Jan David te wè l la, e l pale. Li te di: "Benediksyon pou nonm sa a." Epi remake, li te di li pa t kab mouri. "Fèy li yo pa ta cheche." Non, non. Kèlkeswa sa yo fè, yo pap janm touye Pyebwa sa a. Poukisa? Se kote l te plante a. Se sa k fè sa. Se kote l te plante a. "Li plante bò bann rivyè Dlo a." Koulye a remake. David te di, "Rasin—rasin li yo p'ap mouri."

154 Ou konnen, lè w pran yon pye bwa, yon gwo vye pyebwa. Mwenmenm, lè m te yon jenn gason, mwen te konn soti, epi n ta, nou menm ti gason, nou ta soti, epi n te gen yon gwo pye

bwa ke n te konn chita anba l, yon gwo pye bwadchèn. Epi van yo ta soufle. Apre sa mwen mande m, sanble ke bagay sa a, ak tout sa l gen anlè tèt li a, sanble ke l ta eksploze— bagay la. Men, ou konnen, chak fwa van soufle sou yon pye bwa, li bouje pye bwa a, epi l lache rasin yo, pou yo ka jis fouye rantre pi fon pou l pi byen akwoche l.

155 Epi se fason sa a, mokri, griyen dan, pase yon kretyen nan betiz. Kisa sa fè, se, pèsekisyon k ap souke kretyen an, pou fè l lapriyè plis, fouye pi fon, gen yon meyè priz, pou l ka reziste nan tanpèt la.

156 Kounye a, e si yo plante yon moun nan yon bagay tankou “bò larivyè a”, kote sous dlo yo, nèf sous diferan k ap nourri de li a? Oh, lala! Ala—ala yon anplasman li genyen. E yon nonm ki te plante bò larivyè a, pakèt rivyè Dlo a; yon sèl Dlo, yon sèl Lespri, “Gen don gerizon, menm Lespri a; don pwofesi, menm Lespri a; tout se menm Lespri, men anpil don.” Yon Donatè.

157 Bon, David te wè l, e li te plante bò Pyebwa sa a. Ebyen, li pa t kapab mouri. Kounye a remake poukisa. Li te gen Lavi nan rasin yo. Bò kot rasin yo, oswa, lavi pye bwa a? Li ret nan rasin yo. Sètènman. Li leve epi bay fwi. Se sa.

158 Obsève. Rasin li yo te gen Lavi nan yo, pou l bay fwi l nan sezon an. Kounye a sonje, Pyebwa sa a p ap voye fwi l la jete .

159 Kounye a, ou pran yon pye bwa epi w elwaye l de dlo a. Premye bagay ou konnen, ou te gen ti pòm ki fin rabi. Yo vin di epi vè ap manje l. Men li pral jete— rekòt li a.

160 Se sa ki pwoblèm legliz yo jodi a. Ou te wete kò w bò rivyè sa a, te elwaye w de don Sentespri a. Yo te jis gen yon legliz natirèl. Epi elwaye yo de don espiyityèl yo ak bagay espiyityèl yo, epi yo voye fwi yo a jete. Kisa yo fè? Kwayan—kwayan yo ap viv ak mond lan, aji tankou mond lan, ap vòlè, ap tronpe, ap bay manti, fimèn, bwè, jwe aza, fè jwèt bingo nan legliz la, pou peye pastè a, ak tout lòt bagay, fè soupe soup, dans. Ou wè? Yo voye fwi yo jete. Se jis tankou monn lan.

161 Epi enkwayan an gade epi l di: “Pa gen okenn diferans ant moun sa a ak mwenmenm.”

162 Se sa ki lakòz kominis monte nan Larisi. Se rezon ki fè yo boule legliz Katolik nan...

163 Anba a nan Meksik, lè m te la epi m te wè twou lacho sa yo, kote sa yo, ak kote yo te boule ti bebe sa yo, kote te gen mè sa yo ki te gen ti bebe sa yo. Menm kò moun, kò gran moun te lonje la a, nan twou lacho yo. Kisa yo te fè? Yo jete rekòt yo, ou wè, e Bondye souke yo pou yo kite pye bwa a. Se te sèlman sa. Ou wè?

164 Men yon nonm ki te plante, ki pat kwense, men ki te plante bò pakèt rivyè Dlo a, li pral bay fwi li (gade byen) nan ... fwi Li yo nan sezon l. Èske w ap li l? Sòm premye. Benediksyon pou moun ki... pa chita sou chèz moun k'ap pase nan betiz, ki rete nan chemen enkredil yo. ...l ap tankou yon pye bwa ki plante bò pakèt rivyè dlo a, l ap bay fwi li nan sezon l;... e tou sa li fè ap pwospere.

165 Ou wè? Remake, "Mechan an pa konsa; e l pa pral kanpe avèk li nan jijman an." Ou wè?

166 Kounye a, "Li pral bay fwi li nan sezon l." fè atansyon avèk chak "li," pwonon pèsonèl ki la a. Se fwi Li a, fwi Bondye a, nan sezon ke—pwofèt la ap pote l la. Se pral nan sezon pwofèt la. Fwi Bondye a, nan tan Bondye a, nan sezon pwofèt la. Ou wè? "L'ap bay fwi Li nan sezon l." Gad si pa gen de "li" la a. "Pote fwi pa l la, fwi Bondye a, ou wè, nan sezon ke mesaje a te òdone pou vini an." Li pral pote sa yo. Koulye a, raple w sa. Mesaje ki pote fwi Bondye a, li pral pote l nan sezon Bondye a, nan sezon anonsyatè a. Ou wè? "L'ap bay fwi li nan sezon l." Epi li pa ka cheche. Poukisa? Li gen fwi ki predestine ladan l. Li pa ka detwi l, paske l te predestine.

167 Kounye a, Efezyen:5, 1:5, pito. Li te di: "Reyini ansanm nan lye selès yo nan Jezikri." sak te pase? Li te di: "Bondye, ak prekonesans Li, te predestine pou adopsyon pitit Bondye atravè Jezikri." Bondye, grasa prekonesans li, te predestine tout sa k t ap rive jis jouk nan bout liy nan. Grasa presyans li, li te predi l. Se poutèt sa, depi nan kòmansman, li te kab di fen an.

168 Poutèt sa, se te fwi predestine ki te—nan rasin Pyebwa sa a. Epi Pyebwa sa a pa t kab cheche, paske l t ap pote fwi predestine a. Kounye a, se de Pyebwa sa a Joel te pale a la a. Ou wè? Li pa ka mouri. Vè yo manje ladan l, men li pa t ka mouri. Nan rasin Li, Li te gen Verite predestine a. Li te gen Pawòl Bondye a, Pye bwa sa a te genyen l. Epi Pyebwa sa a se—se Pyebwa sa a, sèl fason an, Li—Li te plase nan jaden Dedenn nan.

169 Tout pyebwa, atravè fanm nan, mouri. Nou tout mouri, atravè fanm nan. Atravè nesans, nou tout mouri. Kidonk, atravè fanm lanmò vini, paske nesans sa a vin de yon fanm. Dakò. Alòs, sa a dwe mouri, akòz de peche.

170 Men nesans lan, nouvèl nesans ki fèt atravè Kris la, pa ka mouri. Sa se yon pye bwa, ak lòt pye bwa a. Ou wè? Epi Pyebwa sa a, menmsi yo te pèsekite l, yo pase l nan betiz, depi nan kòmansman jaden Dedenn nan, li pa ka mouri. Li te predestine. Yo te bat Li epi matrake l, e, oh lala, yo te fè l tout bagay . E sak pase? Li pa ka mouri. Li... li p'ap mouri. Li pa kapab, paske li gen nan li Pawòl predestine Bondye a. Li gen pou l parèt, paske fwi l se nan sezon pa l, sezon predestine a. Sa, pe enpòt...

171 Joyèl wè chak nan yo, yo manje yo desann jouk anba. Men, li te di: "Mwen pral restore, " Seyè a te di , " paske predestinasyon Bondye a chita nan rasin Pyebwa a. Li dwe vini, paske Li gen Pawòl Bondye predestine a. enmm! O, ala yon pye bwa! Oh lala!

172 Pyebwa sa a, Li te kòmanse pouse laba a an Edenn. sak te pase? Te gen yon bann ki soti, pitit Kayen yo, kèk ensèk te vin sou yo epi te manje tij la jouk anba. Epi, Bondye te soti yon rekòt ladan l , li mete l nan lach la epi travèse avè l. Dakò. Toutolon, se te menm jan an, desann atravè liy jijman yo; Izrayèl, jouk anba a.

173 Apre sa, nan Lapannkòt, kote Legliz pou Pyebwa Epouz la, Li—Li te mete l annòd, nan Lapannkòt, Pyebwa ki te predestine pou l bay fwi Li nan sezon an. Koulye a, sa ap mache, fwi yo ap jis ale byen. Li te fleri nan Jou Pannkòt la. Ann wè sa k te pase jou Pannkòt la. Jezi te di: "Zèv mwen fè yo, nou menm tou, nou pral fè yo." Yo te geri malad yo. Kounye a, nan Jou a... Ann wè ki jan l te kòmanse. Nan Jou Pannkòt la, kèk jou apre rezirèksyon an, senkant jou apre Pak, men yon—yon van pwuisan, ki desann sot nan Syèl la.

174 Kounye a, jodi a, nou fè l diferan. Minis lan leve li pran, lè l ap di: "Mwen pral mete non w nan liv la." Ou wè? Oswa, gen yon selibatè ak kòl ki te vire toutotou, li te di: "Monte epi pran losti. Kidonk, lè sa a ou vin yon manm legliz la." Èske sa pa etranj? Minis la di, "vin fè w manb gwoup nou an." Se kisa, yo tou de antò.

175 "Nan Jou Pannkòt la, te soti nan Syèl la," (pa sou chè a, anwo sou wout la) "sot nan Syèl la," (Kisa? Yon prèt? [Kongregasyon an di, "Non." — Ed.] Non. Yon minis? Non. Ki sa l te ye?) " yon bri tankou yon van pwisan k ap desann, e l te ranpli tout kay kote yo te ye a a. Lang fann te sispann sou yo." T ap Bege, yo pa t ka pale, yo te tèlman ranpli ak laglwa. Yo te ranpli ak Sentespria. Yo te al nan tout lari yo, yo t'ap pale vit. Jis, e ap aji tankou...

176 Menm kongregasyon diyitè a te kanpe deyò epi yo te di: "Ebyen, mesye sa yo plen ak diven tou nèf. Yo tou sou. Gade mesye dam sa yo, ki jan y ap trebiche e ap kontinye konsa.

177 Kounye a, se ENDI LESPRI A. Sa se Ekriti a. Se konsa Legliz la te òganize; pa òganize, men òdone. Gen anpil diferans nan de mo yo. Remake. Men kote yo te ye.

178 Bon, epi ou konn kisa, nou menm Katolik? Vyèj Mari beni a te avèk yo. Ya a. Ebyen, si Bondye pa ta kite Mari al nan Syèl la san l pa resevwa Sentespri a, ki jan w pral fè pou al La, amwens ke se sa? Koulye a, jis panse a sa. Se vre. Mari te nan mitan yo. Epi li te oblije rete anwo a jouk li te pèdi tout diyite l ak fyète l, e te ranpli ak Lespri a.

179 Epi men y ap vini, ap aji tankou moun ki sou. Bib la te di yo te fè sa. Yo te di: "Mesye sa yo ranpli ak diven nouvo."

180 Men, Pyè, pòtpawòl la, pastè gwoup la, te leve e l te di: "Sila yo pa ranpli ak diven nouvo, jan w panse l la, paske se jis twazyèm èdtan jounen an. Men, se sa ke pwofèt Jowèl te di a." Sa ke m ap li jodi a. "Epi sa pral rive nan dènye jou yo, Bondye te di, m ap devide Lespri m sou tout moun; Pitit gason ak pitit fi nou yo pral pwofetize. Apre sa mwen pral montre mèvèy nan syèl la anwo a, ak sou tè a, siy yo. Epi sa pral rive, ke nenpòt moun ki envoke Non Senyè a pral sove."

181 Kidonk, Pyè te preche nan lapannkòt, apwopo de menm pwofèt ke m ap preche jodi a: ap plante Pyebwa sa a. Epi se lè sa a li te plante L. Oh, sa te byen fèt. Yo te soti epi yo te gen don espirityèl yo. Yo te geri malad yo. Yo te preche. Yo te mete yo nan prizon. Yo te dispoze soufri poutèt Pawòl la.

182 Si w te ale nan yon lòt nasyon kòm yon delave, ou pa t ap fè yon trè bon Ameriken, si w te al la ba a. Si w te al Japon kounye a, ou te fofile dèyè liy lan, e di, "Tande, zanmi m yo. Mwen avèk nou. Ou konn kisa? Mwen avèk ou, men mwen sou lòt bò a." Ou menm, trèt, yo ta dwe tire w. Se vre. Ou se yon trèt. Sèten.

183 E alòs se menm jan sa ye a, yon nonm ki konnen Pawòl Bondye a, epi ki pral fè konpwomi avè L paske gen kèk òganizasyon ki di l li dwe fè sa konsa. Sa a se yon trèt. Se vre.

184 Men mesye sa yo pa t yon bann trèt. Yo pa t fè yo sousi kouman, yo te byen, ki jan yo te konpòte yo, de ki fason legliz yo a te ye: ap kriye, ak rele, ak fè bri, epi—ak bege an lang ki te sanble kòm si yo t ap pale youn ak lòt epi yo pa t ka konprann youn lòt. Mesye yo deyò a nan asanble lòt nasyon yo ak lòt lang yo kòmanse tandè sa yo t'ap di a. Yo pa t konnen sa yo tap di; yo t'ap pale vite. Men lòt moun yo deyò a te konprann. Apre sa yo di, "Moun sa yo kareman sou."

185 Men Pyè te di: "Yo pa sou, men yo ranpli ak Lespri a."

186 Se konsa, ke, chak nan yo te matirize, eksepte Jan, e yo te bouyi l, vennkat èdtan nan yon chodyè grès, epi yo pa t kapab menm boule Lespri a nan li. Apre sa li te mouri de lanmò natirèl, Limenm sèlman, Jan revelatè a. Bon, sa se byen.

187 Remake kounye a sa k te pase. Sou sa a, Bondye te plante yon Pyebwa, pou pwodui nèf don espirityèl yo, don Lespri Li. Menm Lespri a ki te nan Kris la desann sou Legliz la, e te gen Lavi Etènèl. Kounye a, don Lespri a te nan Legliz la, e Li t ap grandi, pote fwi, toupatou. Yo pa t panse ak yomenm. Yo pa t òganize anyen. Yo jis ta al annavan epi yo te frè. Yo pa t gen...

188 M byen kontan ke ti bagay sa a te la a, "Pa gen kredo eksepte Kris la, okenn lwa eksepte lanmou, okenn liv sof Bib la." Se sa mwen kwè. Ou wè? E se fason sa a yo te fè. Mond lan se pawas nou, ou wè, toupatou.

189 Kidonk, remake, mesye sa yo lè yo t ap fè sa, ala legliz sa a te gloriye. Epi Bondye te avèk yo, Bib la di. Epi Jezi te rankontre yo anvan l monte. Li te di, "Ale nan tout mond lan, epi preche Levanjil la a tout kreyati a. Siy sa yo pral swiv sila ki kwè a; nan Non mwen..." Kounye a, "Siy sa yo."

190 Bon, jodi a, ak ki siy nou rele yon kwayan? Li bay pastè a lanmen. Li fè pati legliz la. Li gen non l nan liv la paske manman l te gen yon non, oswa papa l te gen yon non nan yon liv. Men, se pat sa Jezi te di. Jezi te di: "Siy sa yo." Sa se legliz, natirèl la.

191 N ap pale de Legliz, espiyityèl a. N ap pale de yon pye bwa espiyityèl, pa yon pye bwa natirèl. N ap rive sou de pye bwa sa yo nan yon, ti tan. Ou wè? Yon pye bwa espiyityèl! Jezi te di, "Siy sa yo pral swiv moun ki pandye sou Pye bwa sa a. Siy sa yo pral swiv moun k ap jwenn lavi yo nan Pyebwa sa a. Nan non Mwen, yo pral chase move lespri yo; yo pral pale nan lòt lang. Si yo ta pran yon sèpan, oswa yo bwè bagay ki ka touye moun, sa pa t ap fè yo mal. Si yo met men yo sou moun malad, yo va geri."

192 Men kalite siy li te di ki t ap suiv kwayan an. Kote l ye jodi a? Li bay mond lan yon egzanp de sa k ta dwe—siy kwayan an. Epi li di: "Li ta pi bon pou yo pandye yon ròch moulen nan kou w epi nwaye w nan fon lanmè a, pase menm pou ta fè youn nan yo mal, paske zanj yo toujou ap kontanple figi Papa m ki nan syèl la." Zanj yo!

193 Remake kounye a. Men yo te la a. Epi Pyebwa sa a te plante. Li t ap fè yon travay remakab. Nou konnen ke yo te al tout kote. Senyè a... kisa l ye, Jou Pannkòt la, twamil nanm te ajoute, te batize, epi yo te antre nan Legliz la. E se pa ti kokenn fratènite yo te genyen! Epi, tout moun, pa t gen pèsonn ki te nan bezwen. Tout moun te janti, gen bon kè. Epi, youn ak lòt, yo tout te yon sèl gwo fanmi. Bèl bagay!

194 Epi men, yon vye ti ensèk rive, lèd, ak dan visye l yo, ki viv nan kat etap diferan, jan ke Joel te wè l la. Ensèk kat-etap sa a, destriktè, soti pou detwi bèl Pyebwa Bondye a. Panse a sa. Koulye a mwen pral li nan liv Joel la, kisa l te di. Joel, premye chapit la. Premye bagay...Bon, gen kat ensèk diferan kounye a, men la a, se anreyalite yon ensèk. Li se yon ensèk nan kat etap diferan. Koulye a, obsève. Vyek ti ensèk sa a te rive la a, pou legl sa a...pou gwo, bèl Pyebwa Bondye sa a. Nou pral rele li yon Pye bwa, ki te Legliz la.

195 Premye a se te yon gazam. Sa se yon ti bagay, jis yon vyek ti ensèk vè a. Kisa l te fè, gazam sa a? Li te vin la a pou detwi fwi pyebwa a. Sa se premye bagay la.

196 Kounye a, ann tounen nan listwa pou n wè ki sa premye bagay la te ye: se te yon—yon gwoup diyite ki te gen pami moun òdinè yo. Apre sa, yo di: “Bon, sa se byen pou geri malad yo, epi w ka fè bagay sa yo. Sa se bèl bagay. Kidonk, ou konnen sa n te dwe fè? Nou ta dwe jan an mete l deyò kote pi gwo klas moun yo konprann li, pi bon klas la: majistra a,—jij yo, elatriye, ak—diyite yo nan vil la. E osi lontan ke n ap kontinye fason ke w ye a, yo p'ap janm vin bò kote w. Ou wè? Yo pè w.”

197 [Yon moun di: “Yo toujou la.” — Ed.] Gen yon moun ki di: “Yo toujou la.” M devine ke se apeprè sa. Konsa, se vre. Yo pè Lespri Sen an. Eskize m.

198 Mwen te konn chante yon ti chante: Li ansyen... Eske w janm tande relijyon ansyen mòd la? Eske gen moun isit la ki tande chante sa a deja? [Asanble a di, “Amèn.” — Ed.] 'Se relijyon ansyen tan an ,... Mwen te konn chante yon ti chante konsa, sa gen plizyè ane. Mwen te di:

Se Lespri Sen tan lontan an, E dyab la p ap pwoche bò kote l;

Se rezon ki fè moun gen krent li, men li ase bon pou mwen.

Li tèlman bon mwen pa vle lòt, Paske li fè m renmen frè m;

Epi li fè bagay kite kache yo soti, konsa, li ase bon pou mwen. (Se vre.)

Li pral fè w sispann bay manti; Li pral sove w lè w ap mouri;

Li pral kòmanse fè dyab la met kò l deyò, e l ase bon pou mwen.

199 Se vre. Se rezon ki fè moun pa vle L. Kounye a—kounye a, Se Bondye.

200 Yo pa t vle Jezi. Yo te di: "Nonm sa a?" Legliz la, gwo legliz diyite a, te di: “Ou vin pou di nou kiyès nou ye? Nou pral fè w konprann, nou se Dr Ph.D., LL, QUS, epi,” oh lala, “tout sa a.” Oswa, “Ebyen, mwen se granprèt la. Mwen se sesi, sela, oswa lòt la. Epi w di m? Ebyen, ou te fèt nan peche. Ou pa anyen lòt ke yon timoun ilejitim. Manman w ta dwe, fè w, anvan ou menm ak papa ou... papa a te janm marye.”

201 Li te di: “Ki moun ki ka akize m de peche?” Ou wè? "Ki moun ki ka akize m ?" Dakò. Peche se “pa kwè Pawòl Bondye a”. Nan lòt mo, Li te di, “Montre m ki kote m pa akonpli Pawòl la, nan—nan—nan epe a, jis kote L sipoze ye a. Montre M nan ekriti a, kote jou M nan ye. Si

mwen pa fè zè Papa m, alòs pa kwè mwen." Li te di: "Kounye a, ou fè konnen ke W se sa. Ebyen, fè n wè W fè l." Oh, lala!

202 "Depi lè a, yo pa mande L anyen." Ou wè? Yo kite L Tranki L. Kòm si, dyab la te antre nan Li. Mwen te di sa, li te panse ke l ta jis sote anndan, de tout fason. Men, li te jwenn , ke te gen yon milyon vòlt nan fil sa a. Li sote nan Sila sa a, byen vit, ou wè, paske l pa t kapab jere Sa a. Epi se te yon bagay ki sèten.

203 Kidonk, ti gazam sa a vini, pou wete fwi yo. Mwen gen de paj sou "fwi yo." Mwen jis vle li kèk nan li. Premye bagay, premye fwi li te wete, se te lanmou fratènèl. Se vre. Se youn nan bagay ki touye legliz la menm, lè lanmou fratènèl... Wi, mesye. Answuit, pwochen fwi a ke l wete nan Pyebwa a... Ou sonje, lanmou se premye fwi ki nan Pyebwa a. "Lanmou, lajwa, lapè, pasyans, bonte, dousè, lafwa, pasyans," sa se vre, "nan Sentespri a." Kounye a, nèf don espiyèl yo, epi nèf fwi Pyebwa a, elatriye. Dakò. Kounye a, premye a, li te rive manje fwi Pyebwa a.

204 Kounye a annou reprezante yon gwo Pyebwa, Pyebwa Bondye a. Li pote nèf don espiyèl yo. Genyen pou gerizon malad. Gen pale an lang. Genyen pou chase demon. Genyen pou fè gran zè, ak preche Pawòl san konpwomi Bondye a. Ankenn denominasyon pou kenbe yo lye; yo lib, ap fè yon gwo travay.

205 Kidonk, men vyep ti demon sa ki te vini, tabli la ak de kòn li yo soti devan, tankou yon krikèt, nou konnen, ak ti dan pwenti l yo. Se premye faz la, gazam lan, li te vini pou devore lanmou fratènèl la. Li te di, "Ou konnen, Entèl-entèl te fè tèl-e-tèl bagay laba nan legliz Entèl-entèl. Mwen paka kwè bann moun sa yo." Ou wè? Men li, premye etap li a.

206 Pwochen an, li te vle devore fwi lafwa a, lafwa nan Pawòl la. "Kounye a gade. Kouman w fè konnen ke se Pawòl la? Sa te tradui tèlman de fwa!" Ti demon sa toujou ap devore. Dakò. "Pawòl sa te tradui sitèlman de fwa! Li se sesi, sela, ou se lòtbò. O, li lakoz tou sa." Ou wè?

207 Bon, sa se yon lòt fwi li te devore: lajwa sali a, "Shhh! Nou menm moun yo nou fè twòp bwi. O lala! Lala!"

208 "O, kouman w fè pou preche, Frè Branham?" se yon fanm ki te mande m sa, yon fwa. Non, se pa sa. Se te yon nonm. Mwen kwè se sa...M espere ke l la. Li fè pati de yon lòt legliz.

Men li te mande m, li te di, “Mwen te monte anwo a pou koute w, lòt jou, e m patka menm tande w, poutèt moun sa yo ki t ap rele.”

M te di, “Si yo...”

Li te mande, “kouman onètman ou fè pou w preche?”

209 M te reponn, “Si yo pat apresye l, mwen patap preche la.” Se vre. Mwen te abitye gen...ou...

210 Yon zanmi m, Jim Poole, avè m, nou te abitye gen yon vye chyen. Nou te rele l Fritz. E vye chyen sa, li te konn ale—te konn ale nan nenpòt bagay li te pran sant, men yon chawonyè/yon bèt ak move sant. Li te pè chawonyè a, poutèt li santi sitèlman movè. Kifè, m te konn chache yon chawonyè anba pil feyaj la, sèl bagay m te gen pou m fè se te jis karese l on tikras, epi di, “Al pran l! Al pran l, monchè!” Li te konn ale met men sou chawonyè sa, ou wè, paske m te karese l, pou ap di, “Al chache l!”

211 Ebyen, Se jis jan sa lè nou...Se, bagay ki santi pi movè ke m konnen, se dyab la. Kifè, lè m ap pote Pawòl la, epi yon moun di, “Amèn,” sa se, “Al chache l, monchè!” E nou—nou pral—pral mete l KO.

212 Kidonk, nou jwenn ke li te atake lajwa. Ou konnen, David, yon lè, te pèdi jwa sali li. Li pat pèdi sali li, men li te pèdi jwa a. Li te senpleman rele, “Seyè, restore pou mwen jwa sali mwen.” Ou wè? Lajwa!

213 Konsa vyep ti ensèk sa te kòmanse devore fwi lajwa a. “Bon, gade la. Noumenm moun yo nou fè twòp bwi. kite m di nou, tout rele sa, pou ap di, ‘amèn’ sa ak rele fò sa, sa se foli. Pa gen anyen serye.” Ou wè? Premye bagay ou konnen, ou la nan yon gwo mòg, nou konnen, tabli la, yo tout mouri. Kèk nan likid pou anbonmen sa yo Doktrin swadizan yo, kredo ke yo ponpe nan venn yo kote Lespri Bondye ta dwe ap kouri, kote kredo vye legliz la te ponpe anndan. Se pa etonan ke yo frèt kou glas epi mouri. Tèmomèt espiyityèl yo, katreven dis anba zero. Ya. Kite yon moun di, “amèn,” tout moun detire kou yo vire tankou yon jan de zwa oswa yon bagay konsa, yo vle konnen kimoun ki te fè sa. Se yon wont. Alòske, Sentespri Bondye a

ta dwe lajwa, lapè, lanmou. Men vyep ti ensèk sa te kòmanse ap manje I. Li te devore tout jwa a nèt.

214 E, lè sa, pwochen fwi sou Pyebwa se lapè, lapè nan lespri, pran konsyans ke nou sove.

215 Yo di nou, “Ebyen, kounye a, si w resite kredo nou an, ou sove. Si w vin fè pati legliz pa m nan, ou sove.” “Ebyen, la,” sa a di, “ou pa sove si w al laba. Ou oblije fè pati legliz nou an, pou w sove. Ou dwe di, ‘Je vous salue Marie.’ Ou dwe gen non w nan liv sa a. Ou oblije gen...” O, la la! Sa t ap retire tout jwa a nèt. Men, sa se pa Pyebwa Bondye a, ou konn ki kote w ye. Sa ibride, toujou.

216 Nou konn istwa m nan konsènan milèt sa. Li se yon ibrid. Li pa konn kimoun papa I, manman I, te ye, ni youn ni lòt. Ou wè? Li se yon ibrid. Men, o, yon bon cheval ak pedigree I, li konn kimoun papa I ak manman I te ye, atravè jenerasyon.

217 Epi la, yon vrè bon Kreyen ak pedigree I, tou, ki gen Sentespri, li konnen ke Sa te tonbe Jou Pannkot la. Li konnen ki kote li ye. Li ka retrase jenerasyon I yo retounen dèyè nèt, jeneyaloji I yo, jiska premye kòmansman. Pyè te genyen L. Kontinye ap desann atravè nasyon an, osinon ras yo, yo te genyen L, kontinye ap desann. Yon bon Kreyen ak pedigree I konnen ki kote Sa soti.

218 Ou di, “Ebyen, m se Literyen.” “Huh! m se Prezbiteryen.” O, noumenm moun ibrid! “Poukisa w pa sa? Poukisa w pa sa?”

219 “Ebyen,” ou di, “kisa–kisa w ye?” Moun ki ne de nouvo. “Ne de nouvo, de kisa?” De Lespri Bondye.

220 Se poutèt sa ou pa ibrid. Ou te ne fason kòrèk la. Pa avèk yon kredo legliz, men avèk Lespri Bondye. Bondye ap viv nan ou.

221 Kounye a remake. Vye ti ensèk sa te kòmanse ap wonyen. Kifè, li te devore tout lapè lespri, o, epi ap kontinye, e kontinye, o, ap desann. M gen yon paj sou sa la, tout fwi yo, se sa I te fè.

222 Apresa ti kanmarad sa te disparèt, li te vin yon sotrèl. Bon, kisa yon sotrèl konn fè? Yon sotrèl manje fèy. Se vre. Yon sotrèl atake fèy yo. Kisa gazam lan te kite, li te kite fèy yo; li te devore tout fwi Pyebwa a. Apresa kisa ki te vin atake? Sotrèl la te vin devore, devore sa sotrèl la te kite. Kounye a, kisa l te fè? Kisa sotrèl sa te fè? Detwi fèy yo. Kisa fèy yo reprezante? Destriksyon fratènite Divin. Se vre.

223 “Bon, li se—li se—li se Prezbiteryen. Nou pa vle gen ankenn kontak avè l. Li se Nazareyen. Li se Pannkotis. Li se *sesi*, *sela*, ou se *lòtbò*. Nou pap gen anyen pou wè avè l, paske li pa fè pati de gwoup nou an. Al fè yon reyinyon la, pou gerizon malad? En! Legliz nou pa menm kwè nan sa.” Ou wè? Men sa nou fè. Li menm, ki sa vye ti sotrèl sa t ap fè? Li te koupe tout fratènite, se vre, te pati ak tout fratènite a.

224 Kisa fratènite ye? Kisa fèy yo fè? Sa rafrech, se kote zwazo yo ap vole anba fèy yo, “en-en.” sa rafrech. Men pyebwa w la ankò. “E li va tankou yon Pyebwa ki plante.” Ou wè? Dakò. Kote moun yo ka vini chita anba fratènite Sentespri a, pou rafrech yo on tikras. Lè w gen tout fristrasyon, e ou pa konn sa k t ap pase; ke w mouri, ke w sove ou non. Ou pa konn si legliz sa, oswa legliz sila kòrèk. Jis vini anba Pyebwa ki gen fèy Ladann lan. Chita la. Kite Van ki sot nan Syèl la kòmanse soufle, tankou yon Van fò pwisan, atravè fèy yo, nou konnen. Kòmanse ap...E w ap kòmanse on tikras rafrech.

225 Y ap Di, “O, m pral desann pou di bann moun eksite sa yo sa m panse.”

226 Jis chita yon ti tan e ou va rafrech. Se vre. Ou paka fè l pa pwòp mwayen w. Paske, se kisa k pwoblèm lan? Krikèt la te devore l nèt, sèten, li te devore tout fèy yo nèt. Bon, sa se, jis menm bagay ke si l te deyò a la anba solèy. Kifè, ou, pa gen—pa gen ankenn frechè la. Dakò. Bon, kidonk men...

227 Men nou konnen sa nou sipoze fè. Bib la di, ke, “Legliz predestine a, pitit predestine nan Bondye yo,” (kisa yo fè?) “chita nan lye Selès.” Kisa sa ye? Frechè, konfò, santi w lakay. Amèn.

228 Kote tout moun abiye ak bèl kostim redengòt, epi—epi nonm apre a fason sa, epi—ou kèk nan yo, yo di, “Hmm! Gade. Manzè pa janm gen pèmanant nan cheve l. Se, èske l pa

parèt lèd? Li pa menm gen yon bèl wòb pou Pak.” Bon, apres, se, kèlkeswa sa sa ye a, y ap kontinye, nou konnen. Jamè, menmsi...Ya. “Wòb Pak,” se apeprè vre, ou wè. Rete la, pou ap kontinye, “Hmm!” Ou wè? Pa menm gen yon ...pou Pak. Enben, ebyen, gade li, menm vye kostim tou abimen lane dènyè a! Ebyen, kisa w konnen konsènan sa? Ou pa santi w nan plas ou, la.

229 Mwen te di yon ti dam, lòt jou. Pòv ti madanm, manzè fè pati de yon gwo legliz, distenge anba...Li te di...Li t ap mouri, ak kansè. M te desann pou priye pou li. Frè Roy Roberson la, youn nan administratè yo, te voye m anba la. E pòv ti bagay la te la, ap mouri ak kansè. E li te di...

M te di, “Èske w...èske w se yon Kretyèn?”

230 Li te reponn, “Mesye, mwen—mwen pa konn kisa pou m di.” Li te di, “m t al nan yon sètèn legliz.” E l te di...E l te kòmanse ap kriye.

M te mande, “Ki pwoblèm?”

231 Li te reponn, “m jis paka abiye kòrèk.” Li te di, “Yo te meprize m.” Huh! O, men ni. Ou wè? Ou—ou pa konfòtab. Ou wè?

232 Men Bib la di ke nou dwe “rasanble ansanm nan lye Selès.” O, la la! Kisa? Yo tout parèy. Enben, m ap di w kisa sa ap fè. Li va fè yon...Li va fè yon pè salòpèt ak yon kostim redengòt mete men lan kou youn lòt pou ap rele youn lòt frè. Se sètèn li va fè l. Li va fè yon vye wòb kaliko mete men lan kou wòb swa a, saten an pou ap di, “Sè, kouman w ye maten an? Lwanj pou Bondye!” Se vre. Sa va fè l. Se lajwa, lapè, lanmou, fwa nan Pawòl la, andirans, jantiyès, pasyans. Chita nan lye Sèlès nan Jezikri, rafrech pou yon ti tan. Ou wè? Se sa ke fèy yo te fè.

233 Men kisa vye krikèt la t ap fè, li te vini, te devore fèy sa yo, pou di, “Ou fè pati de nou oswa ou pap fè pati de ankenn moun.” Kidonk li te retire tout frechè Lespri a. Ou wè? Li te bay tèt li yon kredo. Dakò. Kounye a nou oblije avanse. Nou te ka rete lontan sou vye krikèt sa.

234 Men twazyèm etap li se te yon jelèk. Hmm! Sa gen yon move non, pou kòmanse, jelèk sa. Kisa yon jelèk fè? Li antre anndan ekòs la. Sa se liy lavi a, la. Wi, mesye. Li antre anndan ekòs la pou l ap detwi sa k kouvri kò pyebwa a. Kouvèti a!

Kisa relijyon ye? Kouvèti. Se sa ke mo *relijyon* an vle di, “yon kouvèti.”

235 Kidonk, ti jelèk sa, apre l te fin glise antre nan kongregasyon an, te met men sou tout diyitè yo; alò li te mennen tout fratènite a lwen yo, sou fòm sotrèl la; e kounye a li retounen pou pran menm relijyon yo a e li te transfòme yo an dògm, dakò, tabli ekspresyon ki pat konfòm. Te fòme yon relijyon pou tèt pa l, e l te rasanble yon bann mesye ansanm ak yon kredo la. Li te pran menm relijyon an, fè l soti nan Pyebwa Bondye a, ekòs menm ki pote sèv k ap monte Ladann lan, li te pran l. Jelèk! Èske w wè ensèk sa? Se sa egzakteman. Jelèk sa, se te Wòm nan legliz primitif sa.

236 Premye bagay, gwoup Pannkotis yo; pa òganizasyon Pannkotis. Non, mesye. Tout sa ki òganize mouri. M va pwouve sa jis nan yon minit, avèk Lèzekriti. Ou wè? Men kan se yon...Men, eksperyans Pannkot la, pou kimoun li ye? Se pou Katolik. Ki lòt moun? Methodis, Batis, Prezbiteryen, nenpòt moun ki vle l. Men nou vle, nou dwe vle li. Ou pa antre Ladann.

237 Mwen te nan fanmi Branham lan depi senkann twa lane, e m pat janm antre nan fanmi an. Poukisa? Mwen se yon Branham, pou kòmanse. Mwen te ne yon Branham.

238 Se fason sa nou vin Kretyen. Pa paske nou te antre nan yon bagay; sa se yon òganizasyon. Nou ne, Kretyen, poutèt nou te rejenere pa Sentespri a. Remake kounye a.

239 Bon, ti jelèk sa te kòmanse ap pote tèt li anndan ekòs la. Kisa l te fè? Li te kòmanse pran relijyon li, kouvèti li, Doktrin li pou mennen l lwen. Relijyon se doktrin, yon kouvèti ki kouvri tout bagay. Se rezon sa ki fè ke relijyon nou se pa San an, San an. Lavi a nan San an. San an se relijyon an, e Vi ki nan San an se sa ki bay rezilta yo. Enben, ou sezi l? Ou wè?

240 Sa pa kouvri avèk fèy figye. Adan ak Èv te eseye sa yon fwa. Kayen te fè menm bagay la. Èske nou te remake sa? Kayen te pote kèk nan vi botanik la, tou. Ou wè? Men sa patap mache. Sa pat mache avèk Adan ak Èv. E sa pap mache jodi a. Tandiske Bondye te refize l nan kòmansman an, sa refize pou Letènite. Kredo ak panse lòm fabrike pap janm fè l.

241 Se Pawòl Bondye, ki dwe fè l. E Pawòl la se avèk San an, Sakrifis Kris la. Se vre.

242 “Moun yo,” jan frè a te di maten an, “ap rale pikan soti.” Ebyen, nou konnen, genyen diznèf diferan klou nan peyi a jodi a, ke diferan òganizasyon kenbe, pou ka pretann, “Se klou orijinal, ki te anfonse nan men L yo.” Ki enpòtans, si se te sa? Mwen patap vle annafè ak sa. Sètènman.

243 Bondye pat janm kite anyen pou rekonesans ak siy. Li te voye Sentespri a, Yon bagay ki vivan, ki paka detwi. Èske yon klou tap ka fè m ankenn byen? Èske kwa orijinal li te krisifye sou li a, èske l t ap ka fè m ankenn byen? Pa ditou. Se pa konnen klou a, kwa a, men, “Konnen Li se Lavi.” Ou wè?

244 Bon, konsa nou repoze nou sou klou, nou repoze nou sou vye souvni, nou repoze nou sou anplasman. E jodi a moun ap mache monte desann, nan lavil Jerizalèm, epi—epi pakèt monte desann nan diferan kote, pou ap kenbe vye souvni ak bagay konsa. Sa pa gen anyen pou wè avèk sa, pa menm yon sèl. Bagay la kondane, pouri, epi depase.

245 M te al nan yon legliz nan—nan Wòm. La kote yo—yo tout prèt sa yo ki mouri, yo plante yo nan yon jaden, anba nan tè a la, pou kite chè a ap tonbe detache de zo yo. E—e apres a yo pran zo yo pou fè dekorasyon limyè, ak zo kràn tèt yo plase toutotou. E moun yo ap antre la, pou fwote zo kràn sa yo, pou jwenn benediksyon, jouk zo kràn lan vin tou blanch epi abimen fini. Lè w ap antre nan Katedral Sen Pyè la, yon pye Pyè, yo pretann li la, yon estati, yo te konn anbrase l, nèt oswa dis fwa diferan, yo te oblije fabrike yon lòt pye pou li. Ala yon tenten! Sipèstisyon, se sèlman sa, kredo doktrin lòm fabrike.

246 Bondye te voye Sentespri a, Lavi Bondye, pou vin nan ou, pa non yon estati. Ou se moun ke Bondye vle viv ladann lan; pa yon estati, men nan ou. Moun yo rele sa, “estati sen.” Pa gen ankenn estati sen. Ou se estati sen Bondye a. Se sa Bib la di. Se vre. “Ou te prepare yon Kò pou Mwen.”

247 Kounye a, ti kanmarad sa te kòmanse ap detwi. Ap detwi kisa? Jelèk la te antre nan ekòs la. Obsève sa l te fè. Li te kòmanse detwi ekòs la. Kisa sa te fè? Sa te fabrike yon legliz

natirèl nan plas yon Legliz espiyèl. Wi, mesye. Li te retire vrè a pou ba l yon fo. Kounye a, sonje. Fèy la...

248 Fwi a, krikèt la te devore l. Fèy la, sotrèl la te devore. Kounye a, ekòs la, kouvèti a, relijyon an, Doktrin lan; Doktrin lan, jelèk la pran l.

249 Ki kote premye doktrin lan te soti, andeyò Bib la? Nou menm istoryen, nou konnen ki kote l te soti. Apati de Wòm, se egzakteman kote sa te kòmanse, la yo te kòmanse aksepte dògm.

250 Se konsa Irene, Sen Marten, Polikap, yo tout...apre lanmò Jan. Poutèt li t ap tradui Pawòl Bondye a, yo te egzile l sou zile Patmòs la. Yo te bouyi l nan lwil pandan vennkatrè, te retire l, e kanmenm li te ekri Bib la. Bondye te detèmine ke Bib sa t ap ekri. Se Pawòl Bondye a. Nou paka retire oswa ajoute Ladann. Li dwe rete jis jan L ye a, Pawòl la.

251 Remake lè yo te retounen, lè sen Bondye sa yo t ap eseye kenbe Pawòl sa, Wòm te antre drèt la, pou ap aksepte dògm nan plas sa. Kounye a annou jis wè sa l te fè, kèk nan fo doktrin li yo, sa l te fè.

252 Batèm nan dlo. Kote yo te resevwa komisyon...Pyè te di, Jou Pannkot la, anba enflyans Sentespri, Pawòl Bondye a, "Repanti, nou chak, e batize lan Non Jezikri pou padon peche nou yo."

253 Kisa Wòm te fè avè l? Li te vire l, pou di, "Batize lan non 'Pè, Fis, Sentespri,'" pou rann li yon kredo, pa yon Doktrin Bib la. Kisa l te fè? Se Jelèk sa, k ap devore. "Aspèsyon," olye de imèsyon, "lan non Pè..."

254 "Pè, Fis, Sentespri" se pa yon non. Sa pa egziste. "Pè" se pa yon non, "Fis" se pa yon non, e "Sentespri" se pa yon non.

255 Lè Jezi te di, "Batize yo lan Non Pè, Fis, Sentespri," se "Seyè Jezikri." Egzakteman sa Pyè ak yo te fè, epi yo tout, tout moun nan Bib la, te fè sa. Pa gen pèsonn...

256 Mwen bay nenpòt moun defi pou ban m yon pati Lekriti, oswa yon pòsyon listwa, kote ankenn moun te janm batize lòt jan ke lan Non "Jezikri," jiska legliz Kotolik Women. Yo te fè

sa. E sonje, bann sa prale patou nan mond lan. En—en. Mwen te siprann kongregasyon minis, ak dè santèn nan yo, epi evèk ak tout bagay, ap di, “Leve kanpe, oswa vin la ak Bib ou, osinon fèmen bouch ou pou tout tan.” Yo te fèmen bouch yo jiskaske yo te elwaye dèyè do w, lè sa yo kòmanse ap pale de ou; yo pa gen ase odas pou kanpe nan figi w, bon desans pou kanpe di w li nan figi w. Yo pè fè sa. Yo konnen ke se fo. Men se sa ke jelèk sa te kòmanse devore, ou wè, ap devore vrè Bagay sa.

257 Kounye a, ou di, “Sa pa esansyèl. Ya. nenpòt jan m batize a se kòrèk.” Èske se vre? [Kongregasyon an di, “Non.”—Editè a.]

258 Pòl di, nan Ak 19, lè, “Limenm, Pòl t ap pase atravè kot anwo Efèz yo.” Bib la di, “Li te jwenn kèk disip.” Yo se sila yo k ap swiv. Apòlòs, yon predikatè Batis, ki te sot anba Jan Batis, li t ap anseye yo Pawòl la. E yo te gen gwo lajwa. E Pòl te jis al wè yo, e li te di, “Èske nou te resevwa Sentespri a depi nou te kwè?”

“O,” yo te reponn, “nou se kwayan.”

259 “Men se pa sa m ap mande nou. Èske nou te resevwa Sentespri a depi nou te kwè?”

Yo te reponn, “Nou pa konnen si gen yon Sentespri.”

260 Li te di, “Alò pou ki rezon nou te batize?” Ou wè? Nan lòt mo, “Kouman nou te batize?”

Yo te reponn, “Nou te batize.”

Li te di, “Kòman?”

261 Li te reponn, “Batèm Jan an,” li te di, “menm nonm ki te batize Jezi a. Èske sa patap kòrèk?”

262 Pòl te di, “Non. Pa kounye a. Non.” Li te ajoute, “Ou dwe rebatize, ankò.” E Pòl te batize yo, ankò, lan Non Seyè Jezikri. Li te poze men sou yo, e Sentespri a te vin sou yo.

263 E Pòl te di, “Si yon Anj ta soti nan Syèl la,” bliye yon predikatè; “si yon Anj,” bliye jelèk sa, en-en; “si yon Anj nan Syèl la t ap preche nenpòt lòt bagay ke Sa, ba ou, ke I modi.” Se sa.

264 Kidonk ou wè sa sa te ye, ke jelèk la t ap devore a. Li te devore batèm dlo lan Non Jezikri a.

265 Pwochen bagay jelèk la te fè, li te retire batèm Sentespri a. Paske, osi lontan w va gen Sentespri sa, Li pral fè limyè djayi sou Pawòl sa, osi lontan ou va fè sa. Kidonk yo te oblije fè–fè l diferan.

266 Kounye a, jis panse konbyen Literyen, Pwotestan, konbyen Katolik, maten an, te konfime, jan yo rele l la, ki te pran premye kominyon. E yo rele sa “Sent Ekaristi,” se yon mo Laten, ki vle di, “Sentespri.” Èske w te janm wè yon Katolik ki ap pase bò yon legliz pou ap fè sou kò l siy lakwa *konsa*? Poukisa? “Poutèt Bondye nan legliz sa.” Kisa Bondye ye? “Ti moso pen sa.” Ti moso pen, tou won sa, ki fèt tankou dye-solèy ke yo adore a, etann sou lotèl kote sourit ak ravèt ap sikile, lannwit. Sa se pa Bondye pa m lan, kite m di w sa kounye a. “Premye kominyon, konfime pou legliz.” Tenten.

267 Men se sa yo te fè. Se sa jelèk la te fè. Li te wete Lespri pou ba yo yon moso pen, yon pen ke yon prèt te fè, oswa yon mè nan kouvan, oswa yon bagay konsa. Se sa yo te fè. Se sa egzakteman. Ale, mande kounye a. Ale, konsilte listwa, pou wè si se pa vre. Epi ou kite bagay sa ap desann nan gòj ou? Non sèlman Katolik sa yo, men nou menm Pwotestan, anpil lan nou, menm bagay. Dakò. Men kisa yo te fè. Dakò.

268 E apres a Pwotestan yo, olye pou yo resevwa Sentespri a, nou konn kisa yo fè? Yo te vin fè pati de sa, ap bay lanmen. Se pa yon moun ki te vin sou wout la pou ap bay lanmen, kan Jou Pannkot la te rive. “Men apati de Syèl la men son an ki te vini tankou yon gwo Van pwisan, ki te ranpli tout kay kote yo te ye a,” se sa, li te desann atravè fèy sou pyeba sa yo, te devèse l sou ekòs la. Se vre.

269 Kounye a, la, olye de nouvel Nesans lan ke Jezi te di, yon nonm dwe ne de nouvo, yo te adopte al fè pati legliz yo, “Vin fè pati.” Olye de Pawòl la, jelèk la te ba yo yon kredo. Èske w pa wè l? Gade la sa l ap fè. L ap bay yon natirèl nan plas yon espiyèl. Èske w ka wè sa?

270 Kounye a gade. Bon, nou, nou–nou sou bò Katolik la, men èske w te konnen sa te desann drèt pami Pwotestan yo tou? Ki kote w jwenn demonstrasyon Sentespri a nan legliz

Pwotestan yo jodi a? Nou pa gen sa. Ou genyen l kay Literyen? Si w genyen l, mwen vle al ladann. Mwen vle ale laba epi jis manje pou m gen yon tan mèveye. Prezbiteryen? Ki kote–ki kote–ki kote l ye? Ou wè? Nou te adopte yon bagay natirèl.

271 Mwen sou pwen pati, e nou konnen sa. Ou wè? Piga nou janm kite Sa soti nan kè nou.

272 Piga nou pran natirèl la. Sa se lanmò. Lòm natirèl sa mouri. Nenpòt sa sa fè, se lanmò. Sa sijè a lanmò. “Se Lespri ki rann li vivan,” ou wè, Lespri bay Lavi, vivifye l. Se yon Espri.

273 Kidonk, nou wè, yo te pran...Obsève sa yo te fè. Yo te wete batèm dlo a, de “Jezikri,” a “Pè, Fis, Sentespri,” yon tit, ki pa yon Non ditou.

274 Bon, ou di, “Ki diferans sa fè?” Dakò. Kounye a, si nou pral bay...

275 Yon moun pral ba w pèman chèk ou, Samdi, nonm–nonm–nonm k ap peye w la. Olye pou l mete non l la, li jis di, “Delapa de–delapa de ‘Bòs la.”” Se sa sa...Chèk pèman ou a, jis di, “Peye John Doe, sansenkant dola, pou semèn travay sa. Delapa, ‘Bòs la.”” Depoze l, la bank, epi gade jan l ap bondi retounen. Ya. Ya. Wi, mesye. Sa ap rive sèten. Sètènman.

276 Si sa pap fè yon diferans, poukisa Pòl te òdone Kretyen sa yo, ki t ap louwe Bondye e ki te gen anpil jwa, ak gwo bagay anwo a la, poukisa li te di yo, “Nou dwe retounen pou nou rebatize, ankò, lan Non Jezikri”? Ou wè? Pran Pawòl la, dizon, jis rete avè L. Piga w di anyen diferan. Jis di sa L di. Ou wè? Se pa sa nou pral jije.

277 Kounye a gade. Se sa ke yo te fè. Olye de nouvèl Nesans lan, yo te gen yon fè pati de. Olye de pwononse Pawòl la, yo te gen yon kredo. Montre m nan Bib la ki kote yo te janm di yon “Je vous salue Marie.” Montre m nan Bib la ki kote nou menm Pwotestan te janm resite Kredo Apot yo. Di m kisa Kredo Apot yo ye, nan Bib la, “Kominyon sen yo.” Yo te kont sa. Di m nan Bib la ki kote yo te janm gen batèm “Pè, Fis, ak Sentespri.” Sa pa la. E poutan nou adopte l. Huh?

278 Bon, kounye a, olye de fratènite epi rete an amoni ant frè, yo te bayo yon yerachi, yon pap. E noumenm nou gen yon evèk, k ap di nou kisa nou ka fè e kisa nou paka fè. E nou

menm Pannkotis nou gen yon responsab distri k ap di nou kimoun ou ka kite antre. men Legliz gen Kris. Ou wè?

279 Men ki kote nou rive. Ou wè? Yo bannou dògm sa yo ak bagay men lòm te fè, olye pou n retire L. Kisa jelèk sa te fè? Li te wete l nan Pyebwa a, pou bannou sa a. “M ap wete sa nan Pyebwa, e m ap bannou sesi, nan plas la. M ap wete *Sila*, pou bannou *sesi*.” Ou wè ki kote nou abouti?

Ou di, “Ebyen, Frè Branham!”

280 Ki kote tout moun, ki kote chak legliz Pwotestan, soti? Nan Katolik. Se sa Apokalips 13, oswa Apokalips 17, te di sa t ap ye. Li te di, “Li te yon pwostitye, e li te *manman enpidik* yo,” menm bagay la. Kidonk piga...Chodyè a paka kritike kafetyè a, ou konnen, kifè piga w oze. Sa jis...Piga w fè l. Kidonk, sa, se kòrèk.

281 Fratènite; li te wete fratènite. Alòske, nou dwe rete frè, youn ak lòt. Sa divize nou pou rann nou diferan. Dakò.

282 Kounye a obsève. Men youn ki bon tout bon. M ap pran sa, e apres a m ap rete, sou lòt sa yo. Gade.

283 Bib la di nou, lè nou aji mal, ke nou ta dwe pirifye nanm nou ak Sentespri a. A jenou, kite Sentespri a revele nou ke n ap aji mal, epi rete la devan L jiskaske w mouri, ap prije nanm nou.

284 Bon, yo te vire bò, pou bannou yon pigatwa. Apre w te fin mouri, lè sa prèt la t ap fè anpil kòb, pou fè w soti nan pigatwa. Enben, se tenten! Se sa jelèk la te fè. Sèten. “Priye pou soti nan pigatwa. Sa koute tan e tan santèn de dola pou priye pou nanm sa soti nan pigatwa.” Mwen vle w menm jwenn “pigatwa” nan Bib la, yon bagay konsa. Sa pa egziste nan Bib la. Non, mesye. Men yo te bayo yon pigatwa, ou wè, yo menm, apre yo te fin mouri. O, wi, mwen okouran.

285 Yo–yo–yo di, “Se sèten!” Ou tande yo di, “Ebyen, Sen Bonifas te di *tèl-e-tèl* bagay.” Mwen pa fè ka de sa Sen Bonifas te di. “Ebyen, èske *Entèl-entèl* pat di ke manzè, te priye pou mari l, sè pakèt afè sa, Sen *tèl-e-tèl*?” Mwen pa fè ka de sa l te di.

286 Se pawòl san otorite. Sa kontrè a otorite apot yo. Bondye te bay apot sa yo, dwa pou mete Legliz annòd, e Sa te bati sou Doktrin apot yo, pa sou Sen Bonifas oswa yon sen kèlkonk. Se kontrè a Pawòl la. Mwen pa fè ka de sa Sen Bonifas te di, ak lòt sen yo, Sent Sizi, ak Sent Mari, tout sa sa yo te di. Se tenten. Sa pa plis ke tout lòt manti. Mwen pa kwè nan pawòl ki pa gen otorite.

287 Se pou rezon sa ke m pa kwè nan kredo Pwotestan ak bagay sa yo. Se Katolik jouk–jouk lan nannan. Se dè dògm. Kouman w ka rele Katolik yo, pou ap moke w de yo poutèt yo gen dògm, alòske ou ranpli ak sa, ou menm? Pa sitèlman isit la, men mesaj sa ap anrejistre, nou konprann, ou wè, pou al toupatou nan mond lan. Remake. Kouman w ka fè di yo fo, alòske ou aksepte kredo men lòm fè ki kontrè a Bib la, dògm, jis menm jan avèk yo? Poukisa? Ou nan yon òganizasyon ki se pitit fi vye pwostitye a. Kisa yon pwostitye ye? Se yon fanm k ap viv enfidèl a mari l. Pretann li se yon legliz Kreytyèn, epi ap repann fos doktrin, pwòp afè pa l, olye pou l pran Pawòl Sent Bondye a.

288 Jis tankou Èv te fè a, pou ap koute–koute dyab la, epi lakoz tout lanmò ak tritès ki te janm frape tè a. Sa te rive pa Èv, paske li te komèt fònikasyon espirityèl kont Bondye, lè l t ap dezobeyi Pawòl Li.

289 E se egzakteman sa legliz yo ap fè jodi a, se ap komèt fònikasyon espirityèl kont Pawòl Bondye a. E yo pap menm vle w nan legliz si w pa dakò ak doktrin yo.

290 Ebyen, yo konn voye lèt ban mwen, “Si w kwè nan sesi, epi si w di sesi se kòrèk, ou va...”

291 Mwen konn reponn, “M jis pap vini.” Non, mesye. M ap preche jis sa Bib sa di, oswa anyen ditou. Ou wè? Se sa.

292 Rete sou Pawòl sa. Se sa nou dwe fè, frè. Rete la. Kounye a n ap desann nan dènye jou yo, e nou konn sa. Lè a rive.

293 Kouman nou ka fè di! O, yo di sesi, sela, se lòtbò. Men nenpòt sa ki pa gen otorite, piga w kwè l. M pa fè ka kimoun ki te di l. Kèlkeswa moun lan!

Isit la, yon sè te vin jwenn mwen, sa pa fè lontan. E l te di...

294 Yon--yon gwoup mesye kèlkonk ke m te preche, dè minis, konsènan batèn lan Non Jezikri, kote k te gen, plis ke twasan minis...Anpil moun ki la te nan reyinyon an, kote tout konsèy Asosyasyon Minis Chicago a te rankontre m. Seyè a te bann yon vizyon, li te di m ki kote yo t ap ye e kisa ki t ap rive. E m te retounen drèt anwo a la, e mwen te di sa. Nou gen bann lan isit la si w vle koute l. Ou wè? E mwen...tout evèk, ak doktè, ak kadinal, ak yo tout, te la.

295 M te di, "Nenpòt lan nou ki ka kondane sa, pran Bib nou e vin isit la." mwen te di, "Poukisa nou rete tèlman trankil?" E pèsonn pat di anyen. Poukisa? Ou wè, yo te pè Pawòl sa. M te di, "Alò, si nou pa kapab, poukisa n ap atake m? Fèmen bouch nou. Ale, fè yon bagay. E si nou paka kore l ak Pawòl la, alò gade silans."

296 Kifè, apresa, men gwoup mesye sa yo ki te voye yon dam anba, ki te di, "Frè Branham, èske se Anj Seyè a ki te di w." Anj Seyè a, ou konnen, foto Li--Li la, ou wè. "Si se Anj Seyè a ki te di w Sa, ebyen, n ap kwè L."

297 M te di, "Nenpòt moun, ke yon gwoup minis ki t ap fèb konsa, 'Si Anj Seyè a te di.' Si Anj Seyè sa te di yon bagay kontrè a Pawòl sa, sa patap Anj Seyè a."

298 Anj Seyè a ap konfime Pawòl la. Se egzakteman sa l te toujou fè atravè chak aj. Li ankò ap fè menm bagay la. Li rete ak Pawòl la. E nenpòt minis ki wenn ak Sentespri ap rete toupre menm Pawòl la, paske Bib la di ke Bib la annantye te ekri pa Sentespri a.

299 E kouman w ka fè gen Sentespri a epi renye sa Bib la di? Espri menm ki nan ou a, rann temwayaj ke se pa vre. Ou wè? Jelèk la t ap devore, se tou, en-en, t ap devore vrè bagay Bondye yo. Wi, mesye. Pawòl ki pa gen otorite kontrè ak Doktrin apot yo. O, la la!

300 Sa a se Doktrin apostolik la. Sa a se Bib la. Sa a se Sentepri a. Chak Pawòl Ladann se verite. Ou jis kwè e aksepte L, e ou pa retire ladann, epi obsève chak pwomès k ap akonpli, manifestasyon Bondye ki prezan kounye a menm.

301 Si L pa Bondye jis otan L te ye lè timoun Izrayèl yo te travèse Lanmè Wouj la, Li patap Bondye. Li pa menm Bondye ki te desann jou Pannkot la ke Li ye drèt la, jodi a, Li pa menm Bondye a. Alò, pat gen ankenn rezirèksyon, si L pa menm Bondye jodi a? Ou wè? Akwa bon pou voye predikatè nan seminè, pou kouve yo tankou ti pousen nan enkibatè, pou al nan viwonn lan konsa, si yon bagay tankou Bondye pa egziste?

302 Kisa w ap fè, wete nan Pawòl Bondye a? Ki kote otorite w ye? Ou di, "Legliz." Legliz, gen nèfsan swasant nèf diferant òganizasyon pami yo. Kiyès nan yo ki gen rezon? Pèsonn patap konn kisa pou fè. Ou t ap nan konfizyon. Se vre. Men bondye pa pral jije moun yo ak legliz.

303 L ap jije yo ak Kris, e Kris se Pawòl la. Bib la di, "Nan kòmansman Pawòl la te la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè e abite pami nou." L ap jije legliz epi moun yo ak Pawòl la, se sa, Pawòl vivan an, resisite a.

304 Alò si Pawòl vivan, resisite sa di yon bagay kontrè a Pawòl *isi a* la, alò se pa pawòl ki te leve, resisite a. Paske, Sila a, L ap rann temwayaj a Verite sa a. Li paka di yon bagay *isit la*, epi yon lòt bagay *laba a*.

305 Mwen ka di yon bagay isit la, epi yon bagay laba a, paske m se yon nonm. Ou menm, tou. Ou ka gen plis konesans ak konpreyansyon.

306 Men, pa Bondye; Li enfini. Ou wè? Li gen...Premye desizyon an, premye bagay Li di a, dwe tabli Etènèlman. Se menm lan. Li paka di yon bagay isit la, epi yon bagay laba a. Li oblije di menm bagay la tout tan, pou l ka bondye.

307 Kidonk si Lespri a sou ou, se Bondye, l ap temwaye ke Pawòl sa se Laverite, chak Pawòl Ladann. E Se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Se sa Bib la di. Wi, mesye. Dakò.

Kounye a, annou depeche nou pou pran pwochen etap ti ensèk sa a.

308 Dabò, li te yon gazam. Kisa l te devore nan Pyebwa Bondye a? Fwi.

309 Etap pwochen an li te antre; li te mouri nan etap sa, pou antre nan yon lòt etap. Kisa l te fè la? Li te vini fwa sa tankou yon sotrèl. Li te manje fèy yo. Se abitud sotrèl la.

310 Bon, kisa pwochen bagay la te fè? Li te retounen nan yon lòt etap, kòm yon jelèk, e li te antre nan ekòs la.

311 Kounye a, men li k ap vini antan ke...antan ke hazil, katriyèm etap li, la antan ke hazil. Kisa yon hazil ye? Li se yon sousè, ap souse Lavi, Lespri, Lavi a. Se sa l fè, desann toudwat, met men sou chè a, pou ap souse. Hazil, men li. Kijan n ap rele l? Denominasyon. Sa se non kòrèk bonòm sa. Poukisa? Li se yon destriktè; ap souse Lavi.

312 Chak fwa Bondye sisite yon mouvman pami pèp Li, chak fwa, yo fè l yon denominasyon, drèt la yo mouri. Mwen vle ke yon moun ki konn istwa legliz, vin kondane sa. Montre m yon sèl fwa ke yon òganizasyon te janm òganize, si li pat mouri drèt la. Jelèk la te met men sou li, te debarase l de relijyon lan. E apres sa sousè a te vini e li te pran...te souse Lavi nan Pyebwa a.

313 Ki jan de Vi ki te Ladann? Sentespri. Kisa sa t ap fè? Li patka kenbe Sentespri a la epi gen dògm kanmenm. Sentespri a patap pran pozisyon pou sa. Kidonk li te pran Sila ki Sen an, Lavi ki soti nan Pyebwa a, pou ba li yon dògm, pou fè yon denominasyon. "Nou pa fè ka de sa Sila a di. Denominasyon nou an di *sesi*." Men ni. Sonje, apre li te vin yon denominasyon, li toujou mouri, e pa janm leve ankò.

314 Premye òganizasyon an se te Katolik; li te mouri imedyatman. Natirèlman, se te dògm, pou kòmanse.

315 Apati de sa premye refòm lan te vini, se te Luther, li te òganize epi mouri.

Pwochen ki te vini Wesley; òganize, mouri.

Pwochen ki te vini Pannkotis; òganize epi mouri.

316 Prezbiteryen, Literyen, tout lòt sa yo, ak–ak Nazareyen, Pèleren Sentete, ak tout òganizasyon sa yo ki te swiv konsa, chak fwa yo te mouri. Gade yo. Poukisa? Yo òganize e sa touye yo. Kisa yo t ap fè? Yo t ap aksepte dògm.

317 Nou menm Nazareyen, yon bagay mèveye, pwochèn legliz pou–pou te vin Pannkot la. Kisa sa te ye? Nou te kwè nan sanktifikasyon, men lè I te kesyon de don Lespri yo, pale an lang ak gwo pwisans Bondye, nou te rele Sa “demon,” e la nou te mouri. Se sa. Ki kote I ye jodi a? Mouri. O, li gen plis manb, men ki kote I ye? Li se yon kadav.

318 Mwen te wè I, lòt nwit pase a, se vre, tout bagay la nèt. Pastè yo, lonje la anwo a, ap bo yon kadav, ap fè lanmou avè I. Te di, “Yo pa rete anpil tan, de tout fason. Se tou.” Kidonk, m va ba ou I, yon lè, sou bann. Ou wè? Dakò.

319 Bondye te plante yon Pyebwa, pou pote fwi esprityèl, fwi Lespri. Èske se vre? Men kisa lòm te fè? Lòm te toujou eseye rann Li yon fòm atifisyèl. Li te fè sa, laba; I ap fè I kounye a. Bon, pou sa a, annou akselere kounye a, epi byen rapid. Lòm te toujou eseye pran Legliz esprityèl la pou ba I yon fòm atifisyèl.

320 Luther te gen yon Legliz esprityèl. Kisa k te rive? Osito ke Luther te mouri, yo te ba I yon fòm, atifisyèl.

321 Kisa Wesley te fè? John Wesley, yon grantòm de Dye! Kimoun ki ka di ke John Wesley pat yon òm de Dye? Kisa I te fè? Osito ke limenm ak John ak Charles te mouri, yo te òganize I. Kan I te fè sa, li te mouri.

322 Menm bagay ap desann atravè aj yo, a chak fwa, sou yo chak. Yo te fabrike aparans atifisyèl, bon zèv, pi gwo kongregasyon, moun ki pi entèlijan. “Selebrite vil la vle fè pati de nou.”

323 Se egzakteman sa k te rive nou tou bann moun Pannkotis yo. Egzakteman sa. Nou–nou bese estanda nou. Nou te elwaye nou de Lespri. Nou te vle gwo bilding, ak bagay rafine, ak tout bagay konsa, e nou te gen dè pastè distenge. Kisa nou t ap fè? Nou menm manman yo nou te voye ti mesye nou yo al nan seminè sa yo laba a, pou vin pastè. Kisa yo ta pral anseye yo? Teyoloji ak tout sòt de zafè men lòm te fabrike. E kote yo jodi a? Yo te retounen,

yon bann Riki ak Elvis. Se egzakteman vre. Kisa nou genyen jodi a? Yon bann pouriti, "Pyete pou lafòm."

324 Bib la te di: "Nan dènye jou yo, yo va gen yon fòm Sentete, men va nye Pisans Li a, Lavi li a." Poukisa? Azil te souse Li. Egzak. Òganizasyon an te retire l. Premye Timote 3, Pòl te di, "Konnen sa, nan dènye jou yo, tan danjere sa pral vini. Moun yo pral renmen pwòp tèt yo, fyè, vantè, blasfematè, dezobeyisan, engra, enfim, san afeksyon natirèl, enkontinan, meprizan anvè moun ki bon, trèt, oten, y ap gen yon aparans sentete, epi va refize Pwisans Li a." Azil te souse li. Jelèk te vin sou li, depi lontan de sa. Nou pral byen prezante w Pyebwa sa, annantye, jis nan yon ti moman, si Seyè a vle.

325 "Pi gwo plas la." O, asireman. "Ebyen, ou konnen, legliz nou an si tèlman akimile lane pase a ." O, asireman.

326 Katolik la bat ou depase ou yon milyon kilomèt. Se yon fè. Li te menm rive konsa Larisi jiskaske yo kouri dèyè li epi yo mete, etabli kominis. Yo te fè menm bagay la o Meksik. Apre sa, yo soti pou fè sa nan tout mond lan, kote li ye la. Se vre.

327 Pinga w janm pè kominis. Kominis se yon mouvman san Bondye. Men nou tande kèk nan predikatè sa yo, kanpe dèyè chè a, y ap kondannan, "Kominis! Kominis!" Mwen pa kwè nan li tou. Men, pa...Epi di legliz yo a, "O, yo pral anglouti nou tout. Tout mond lan antye pral vin kominis." Sa egzakteman kontrè a Pawòl Bondye a. Pa gen okenn kote nan Bib la ki di ke sa pral konsa.

328 Men, Bib la di ke Romanis, legliz Katolik, pral balanse mond lan. Pran Danyèl epi chèche konnen. Tèt lò a, wa Nèbikadneza, wayòm Babilòn; Mèd ak Pès te ranplase l; Anpi Lagrès la te ranplase sa; epi Wòm te ale nan fen a. Dis zòtèy sa yo kouri nan tout wayòm ki sou tè a. Pinga w...

329 Gen yon rido an fè. Gen yon rido banbou. Gen yon rido violèt. Frè, ou menm, pa pè okenn nan rès sa yo, men veye rido violèt sa a.

330 Li chita jis isit la sou twòn nan, jodi a, nan peyi sa a. Sonje byen, menm jan Akab te fè, ak Jezabèl dèyè l. Sa a...Bib la rele legliz Katolik la "Jezabèl; prostitiye." Epi Akab pa t yon move gason. Mwen pa di ke mesye Kennedy pa yon bon gason. M pa konnen anyen de li. Li se yon gason. Se tout sa mwen konnen. Li se Prezidan an. Mwen kwè li pral fè yon bon Prezidan. Se pa li; se sistèm ki dèyè li a. Rete tann jiskaske li vin enfiltre nan kabinè a, ak tout kote li kapab, answit, gade sa ki pral rive. Gade sa li te fè nan lòt nasyon yo. Gade sa li toujou fè.

331 Epi èske Bib la pa di, nan Revelasyon 13? Nimewo nasyon sa a se trèz. Li gen trèz bann ak trèz zetwal nan drapo a. Trèz bann nan drapo a. Trèz, tout bagay ladan l se trèz; trèz koloni, trèz tout bagay. Epi li trouve l nan 13yèm chapit la nan Revelasyon.

332 Epi Bib la te di: "Li monte tankou yon ti mouton," libète relijyon; "de ti kòn," sivil ak eklezyastik. Epi apre yon ti tan, yo inifye, "Epi li te pale tankou dragon an te fè, e li te fè tout sa dragon an te fè anvan li." Epi Bib la te di, "Yo te fè yon imaj pou bèt la," konfederasyon legliz la, jis sa yo te fè kounye a, isit la nan vil Nouyòk. Epi laba gwo mòg sa a kanpe! Epi nou tout ki metodis, ki batis, ki pannkotis, ansanm ak nou tout, ekonomik...moun ekumenik isit la, ap eseye fè yon bagay konsa, epi vann dwa denès nou, pou rantre nan pakèt Babilòn sa a. Ki problem nou? Asireman. Vann dwa denès ou, tankou Ezayi te fè, pou yon bouyon popouri. Se tout sa ou pral jwenn. Se tou.

333 "Te fòmè yon imaj de bèt la." Egzakteman. Ou pa bezwen pè kominis. Ou dwe pè katolis. O, Li te di, "Li t ap antre ak flatri, tankou yon ti mouton. Men," te di, "obsève li." Dèyè li, se yon lou. Li se yon rize. Obsève li. Wi mesye. Kòz, li kontrè a Pawòl la. Sa Pawòl la di dwe akonpli.

334 Kominis pa anyen eksepte yon jwèt nan men Bondye. Se egzakteman sa. E poukisa yo oblije fè sa? Bondye te oblije pèmèt kominis, pou li ka fè sa yo, Pawòl Li a, akonpli. Asireman. Se... Eske ou te reyalize sa? Èske w te janm panse a sa? Bondye dwe fè Pawòl Li a akonpli.

335 Gade. Kote te gen katsan pwofèt kanpe laba a, devan, Akab ak Jozafa, yon jou. Jozafa, yon nonm jis. Li te di: Men, anvan nou monte nan Ramòt Galaad, li te di. "Èske nou pa ta dwe konsilte Seyè a?"

336 Akab te di: "Wi. Asireman." ou wè? Jezabèl dèyè tout bagay, ou konnen. Li te di: "Nou pral—nou pral... Mwen gen katsan pwofèt isit la. Nou pral fè yo vini."

337 Tout se bon moun. Te fè yo vini. Yo tout te pwofetize, yo di: "Monte ale. Seyè a avèk nou."

338 Sa pa t sonnen byen, pou nonm vètye sa a. Wa peyi Izrayèl la, oswa wa pèp Izrayèl la anwo a... Li pa t sonnen trè byen. Li te di, "Èske pa gen yon lòt?"

339 "Katsan predikatè, deja nan yon sèl akò, ki di, 'Monte. Seyè a fin pale ak nou, Li di nou: "Monte."

Li te di, "Men, ta sipoze gen yon lòt kèlkepa dot."

340 Li te di: "Mwen gen youn, men mwen rayi l." Asireman, absoliman. Wi. Li te di, "Li toujou ap kriye kont mwen. Li toujou ap di mechanste sou mwen." Kijan li ta kapab fè anyen dot, lè Pawòl Bondye a te kont li?

341 Se konsa yo voye chache Miche. Miche te di "Ou mèt ale. Wi. Se kòrèk. Men, mwen te wè pèp Izrayèl la gaye, tankou mouton ki pa gen gadò."

342 Answit, li, poukisa, gwo predikatè sa a te mache vini, evèk la, epi frape l sou bouch li. Li te di: "Ki kote Lespri Bondye a te ale lè Li te soti nan mwen?"

343 Apre sa li te di "Li sèlman pa t nan ou, pou kòmanse." Alò answit -answit, li te di, "Wa rann ou kont de sa nan jou sa yo." Li te di—li te di—li te di...

344 Akab te di, "Mete l nan chanm prizon an . Ba li pen doulè ak — ak dlo doulè." Li te di: "Lè m retounen anpè, mwen pral koresponn ak ti konpè sa a."

345 Li te di, "Si w retounen, alò Pawòl Bondye a pa t pale avè mwen." Poukisa? Poukisa? Li te anlinye ak Pawòl la, anlinye ak Pawòl la.

346 Nenpòt pwofesi ki pa rete ak Pawòl sa a... Se egzakteman sa. Se rezon sa ki fè mwen di jodi a; kèlkeswa jan li parèt bon, konbyen predikatè ap di *sesi*, *sela*, *se lòt bò*, "Kominis pral pran mond lan epi jete l atè." Pinga w janm eseye konbat kominis. Konbat Romanis. Paske, sa a se ENSI DI LE SENYÈ. Senyè a te di Romanis pral dirije, pa kominis. Se jis yon poupe twèl.

347 Men, ou wè, li te dwe fè sa. Seyè a te di Miche, "Mwen gen pou voye Akab laba a. Fè predikatè yo di sa, voye Akab laba a, yon fason pou pawòl Eli te di yo akonpli."

348 Bondye te oblije kite kominis leve. Kisa yo fè? Yo anpile tout mòg sa yo ansanm, epi yo te fè yon konfederasyon legliz, pou rasanble, pou fè yon imaj de bèt la, jis sa Pawòl Li a te di ki ta pral pran plas. Pa enkyete w pou sa. Obsève bagay l ap fòme pa anba a. Se vre. Hmm!

349 Mwen... sipoze m ap fatige nou, men... [Kongregasyon an di: "Non." — Ed.] Men, se vre. Mwen pa konnen ki lè m ap ka pale avèk nou ankò. Petèt jamè. Nou pa konnen. Nou ka pa janm rankontre ankò, men Mwen vle ou konnen ki sa ki Laverite.

350 Obsève Pawòl sa a. Se Laverite ; pa mwen. Pawòl sa a, Sa a se Li. Si pawòl mwen an kontrè a sa a, alò pa kwè mwen. kwè Sa a. Donk, si w di, "Oke, nou gen Sa a, epi w ap preche kontrèman a Li," alò, se devwa w pou w vin jwenn mwen. Egzak. Se devwa w pou vin jwenn mwen. Ou wè? Jis vini, epi ann wè sa ki Pawòl la, kounye a.

351 Bon, se poutèt sa, nou dekouvri ke se te...se kominis ap rasanble ansanm. Bondye te di, "Gòg ak Magog, la, pral rasanble ansanm," sèten, "pou mennen batay la." Se egzakteman vre, paske li pral mennen fòs sa yo ansanm. Li dwe vini. Bib la te di sa pral fèt.

Bondye te plante Pyebwa sa a, pou I bay fwi espiryèl Li.

352 Epi lòm te toujou eseye fè li nan yon fòm atifisyèl, "Gen yon aparans Sentete." Pi gwo bilding yo nan vil la, asireman, plizyè milyon de dola! Woy! Epi moun ap preche Jezi ap vini, epi depanse sis ak uit milyon dola nan yon bilding kèk kote. Epi, misyonè, mwen konnen misyonè sou teren an, k ap preche Levanjil, san yon pè soulye nan pye yo, manje de repa nan yon semèn. Èske w kapab wè poukisa, frè, nou... Ki pwoblèm moun yo? Mwen pa kwè an reyalyte ke yo kwè L ap vini. Ou—ou—ou—pawòl ou yo pale... Ebyen, ou—lavi ou pale pi fò pase pawòl ou yo. Ou...Wè? Epi Li se...

353 Ti misyonè sa yo, kote mwen rive nan reyinyon mwen an konsa, pa gen soulye; ti pantalon mare nan senti l, *konsa*; k ap viv laba a ak pis, ak amib, ak pinèz, ak tout kalite maladi, ak tout lòt bagay yo laba a; vye men fennen li yo dechikte, amib manje yo ak tout lòt bagay. Kanpe la, di: "Ou, se Frè Branham?"

Mwen di: "Wi."

Li te di: "O, swa beni! Mwen toujou priye pou ou."

354 Mwen te panse, "O Bondye, kite nonm sa a priye pou mwen. Wi. Se nonm la. Se li menm."

355 "Mwen...mwen—mwen—mwen li atik ou yo, Frè Branham. Ou sètènman di Laverite. Nou kanpe avèk ou." O, frè, se—se nonm la. Sa se li; pòv ti nonm.

Tande yon moun di, "Ou konnen kiyès sa ye?"

"O," di, "li pa fè pati òganizasyon nou an."

"Èske se konsa? Kiyès li ye?"

"Poukisa, li pa avèk nou."

"Ebyen, kiyès li ye?"

"O, li se yon-li se yon endepandan."

"O, li ye? En-En. Ebyen, kisa li fè?"

"O, li gen yon ti travay laba a. Li—li pa pral vin jwenn nou."

"Ebyen, mwen vle konnen li."

356 Ou konnen, lè m te yon ti gason, ap chase pòm nan vèje pòm la, mwen te toujou jwenn pyebwa a te gen tout klik yo anba li, ou konnen. Rose m byen fò ak baton, se la kote bon pòm yo te ye.

Yo di, "Oke, li se jis yon moun k ap woule atè anba Sentespri."

357 Ou konnen, ou toujou mete epouvantay la kote bon pyebwa a ye. Dyab la fè menm bagay la, pou fè w pè. Pa enkyete w. Ale dirèk dèyè epouvantay sa a.

358 Mwen t ap obsève yon mamòt yon jou, k ap manje yon pwa bè m t ap plante. Chak fwa mwen fin plante yon ranje pwa bè, ti tonton sa a soti, manje yo. Mwen te panse, "Mwen pral fè li pè pou l mouri." Se konsa, mwen te pran yon sak an papyè. E mwen se vrèman yon atis; ou te dwe wè mwen. Mwen te trase sa mwen te panse ki yon foto efreyan. O, li te efreyan, kanmèm, pwiske mwen te desine li. Epi mwen te mete l sou yon sak, epi mete kèk pwa bè ladan l, epi kwoke li sou yon baton. Epi lè van an te soufle, li te souke *konsa*.

359 Yon ti mamòt soti nan twou a, ou konnen. Epi li te kouri desann rive laba a, li te manje pwa bè yo, epi li kouri moute dirèk kont sak sa a. Li fè bak. Li gade l, gade l konsa. Apre sa, li ale, "wou," vole sou li, epi, o, sak la rete kanpe. Li gade l ankò, ou konnen, epi gade li sou tout kouti, ankò. Li gade ankò epi wè pwa bè yo kontinye desann nan ranje a. Epi yo te bon, ou konnen. Alò, li gade epouvantay sa a sou wout li. Se konsa li te mache, li te kontinye yon ti kras pi pre, konsa, ap eseye fè li pè, e li pa t deplase. Pa enkyete w; li mouri. Se konsa tout epouvantay yo ye. Se konsa li—konsa li jis...

360 Sa li te fè, li pran ti pye l, li frape sak sa a, li sekwe l, sekwe l. Li vole tounen epi li gade l, konsa. Li frape l ankò, sekwe, sekwe. Se tout sa li ye, jis yon kliketi. Tankou chwèt llandè a, sèlman bri ak plim, epi pa gen chwèt nen li, ou konnen. Kidonk, jis frape li *konsa*, epi sekwe l kat ou senk fwa konsa. Ou konnen sa li te fè? Li tte ale tout dwat dèyè sak la epi li kontinye manje pwa bè mwen an. Li te konnen plis sou li, mye ke mwen menm. Ou wè? Sa li te ye? Ou wè, li pa t kite epouvantay la stope l. Gen yon bagay ki bon dèyè epouvantay la.

361 Lè yo di: "O, yo se moun k ap woule atè anba Sentespri," jis kontinye alantou dèyè freyè sa a epi rantrè ladan l. Ou wè? Kontinye epi kwè Li. Ou wè? Petèt Gen kèk Sentespri la tou, ou wè. Ou pa konnen. Ou wè? Trè byen.

362 O, den-...ann gade azil denominasyonèl sa a k ap travay. Legliz natirèl; Legliz espiryèl. Gade vye azil sa a kounye a, kijan li òganize l. Li te deja gentan manje ekòs la, epi manje fwi li yo, e, o, frè, tout bagay disparèt. Tout don Lespri Bondye yo ale; pa gen gerizon diven, pa gen pale an lang, pa gen okenn pwofesi, non pa gen anyen, pa kwè nan—kwè nan pwofèt. Yo pa kwè nan bagay sa yo. Yo pa konnen. Tout, fabrike pa lòm! Tout sa yo genyen se fabrike pa lòm, atifisyèl. Ou wè? Trè byen. Legliz natirèl a, gen yon legliz natirèl. Sa a se sa ki fabrike pa lòm nan. Legliz espiryèl...

363 Ou konnen, Bib la di sa? Wi mesye. Legliz natirèl; ak Legliz espiryèl. Epi Bib la di: "Chase esklav la ansanm ak pitit li ." (Agar) "paske li p ap eritye ak fanm lib la ak pitit li." Ou wè?

364 Kidonk, legliz natirèl la, ki pral eritye (Kisa?) nan rasanbleman jèb yo, rasanbleman pakèt yo, pou yo boule. "Epi li p ap eritye, vin eritye, ak fanm lib la." Si esklav la nan esklavaj ak pitit òganizasyon li yo, li pa pral eritye ak la fanm lib la, paske pitit fanm lib yo pral nan Anlèvman an. Epi pitit esklav la pral kanpe nan jijman an, ou wè, rejete. Wi. Espiryèl yo lib. Wi mesye.

365 Azil la, Ezayi denominasyonèl yo. Bon, Ezayi. Gen Ezayi ak Jakòb, tou de marasa, tou de relijye. Ezayi te yon moun chanèl. Li te yon bon moun. Li pa t di, oke, bon... Li pa t soti epi vòlè, bwè kleren, oswa anyen konsa. Li te yon nonm relijye. Men, li te panse, "Oke, osi lontan ke mwen relijye, ki diferans sa fè?"

366 Men, ti Jakòb li menm, li pa t bay enpòtans a ki fason pou l jwenn li, men dwa denès la se sa li te vle . Kèlkeswa jan pou li te jwenn li, depi li te jis resevwa li! Si li te dwe ajenouye l sou lotèl la, epi rele ak kriye, epi fè yen-yen, ak deran larim. Eskize m. Oswa, ou konnen, ak dlo nan je l. Mwen pa t vle di sa. Kidonk... Eskize m. Alò, ajenouye l sou lotèl la epi kriye jouk li jwenn li, poukisa, li te resevwa li. Ou wè? Li pa t bay enpòtans a kijan li te resevwa li, depi li jis te resevwa li.

367 Gen nan yo ki di, "Mwen...Frè Branham, moun yo ajounouye la, ap yen-yen sou lotèl sa a, epi kriye, epi kriye. Mwen pa vle li konsa." Ebyen, ou pa p jwenn li.

368 Yon vye mesye nwa aje, frè koulè, desann nan Sid la, yon fwa, li te toujou kontan. Epi li, chèf li a te di, "Kisa ki—sa ki fè kè ou tèlman kontan toutan, ti gason?"

Li te di: "Mwen te resevwa vrè relijyon sensè."

Li te di: "Pa gen yon bagay konsa."

369 Li te di: "Ou te fè yon sèl erè. 'Pou otan ke ou konnen, pa gen okenn bagay konsa.'" Li te gen yon opinyon diferan. Li te di: "'Pou otan ou konnen.' Ou te dwe di li konsa."

Yon jou, li te di: "Mwen vle jwenn kèk nan relijyon sensè sa a."

Li di: "Kilè ou vle li?"

Li di: "Kounye a."

Li te di, "Oke, ann ale jwenn li."

370 Yo soti. Li te di, "Men yon galata pou zèb. Li bèl." Epi li te di: "Wi, madanm mwen pa pral tandè m, epi pa gen anyen deyò isit la," li te di. Se fason sa moun vle li, ou konnen; remèt yo li sou yon plato. Li te di, "Nou pral mete ajenou isit la."

Vye frè a di: "Ou pa jwenn li isit la."

371 Ebyen, mesye, li desann nan etab la. Li te di: "Èske nou pral jwenn li isit la?"

Li te di: "Non."

Li te di, "Nou pral ale nan kawo mayi a."

Li te di: "Non."

Li te di: "Ki kote ou jwenn li?"

372 Li te di: "Swiv mwen." Li rale pye pantalon l monte, li te rantre nan anklo kochon an, osi difisil ke li te kapab, nan labou a, te di, "Vini dirèk isit la. Isit la se kote ou jwenn li."

Li te di, "Mwen pa vle vini la."

Li te di, "Ou poko vle li, chèf. Ou pa vle li."

373 Ou konnen, Naaman te panse sa tou. Naaman, Naaman te di: "Bon, mwen vle debarase m de lèp mwen an."

374 Eli di: "Ou desann laba, bò larivyè Jouden an, kote li vide nan Mediterane a." E te di: "Li ranpli ak labou. Tranpe ladan li sèt fwa."

375 "O," Naaman te di, "Olala, gras! Èske dlo yo pa pi bon, anlè alantou Damas ak pa anwo laba a? Ooo, yo bèl epi klè laba a." Olala, nou te wè isit la lòt swa, sou kasèt la, isit la, ou konnen. Li te di: "O," li te di, "poukisa, poukisa, nou pa vle desann laba a. Mwen pa kapab desann la. Epi ou konnen kiyès mwen ye? Mwen se kòmandan gad la. Mwen se jeneral lame a."

376 "Ebyen, si ou vle debarase w de lèp ou a, ale desann laba a. Men si ou vle kenbe li, monte laba a. Li te di, 'Plonje.'"

377 Epi m ka wè l ap mache nan dlo sa a. Èske ou ta ka imajine? O, sa fè prestij li mal. Mwen ka wè l, ou konnen, pwente ti zòtèy li soti konsa a; bouche nen l, ou konnen.

378 Se konsa kèk moun eseye vin jwenn Kris, "Mwen ta renmen jwenn gerizon, mwen ta renmen, ou konnen, ale nan syèl la, men, o lala, mwen mande si rès yo oblije wè m ?" En-en. Ou ipokrit. Ou p ap janm jwenn li, de tout fason. Se vre. Ou wè? Ou p ap janm jwenn li, de tout fason. Pa enkyete w. Ou poko vle li sifizaman. Se vre. Ou pa vle li sifizaman. Se egzakteman sa. Lè w pare pou w jwenn li, w ap jwenn li, tout bon. Bondye pral ba ou li lè ou pare. Trè byen.

379 Kounye a, tout, azil denominasyonèl yo, te manje tout bagay la. Remake chak ensèk, chak ensèk sa yo, lè li t ap travay Pyebwa a, li te fè yon wout pou lòt sa ki ta pral swiv li a. O, li se yon nèg entelijan. Wi mesye. Ou wè? Li retire fwi yo, ou wè, Lespri a, se konsa (Kisa?) li te kapab retire fratènite, ou wè, fèy yo.

380 Se konsa, lòt bò a te vini epi li te fè pwòp demè li, li retire fèy yo. Poukisa li te fè sa? Li wete fèy yo pou pa gen okenn frechè ak lonbraj, pou lòt moun te kapab wè, pou li te kapab al nan ekòs la . Ou wè?

381 Li t ap antre nan ekòs la, li t ap antre nan arèt la, epi li te retire Doktrin la nan yo , ou wè, bagay la menm ki sipòte Lavi a.

382 Epi apre sa, osi vit ke li te pèse twou yo ladan l, li te gen, pwochen gwoup la, vye azil ak vantouz la pwoche, sa a te pran denominasyon an, epi souse l epi òganize l dekwa pou w pa ka jwenn li.

383 Epi kisa Lavi a te fè? Ale desann dirèk nan rasin yo. Se egzakteman sa. Kouri desann dirèk nan rasin yo. Trè byen.

384 Kounye a, menm ensèk la te pèse kè a, jiskaske li te rive nan Lavi a. Li te kontinye avanse atravè fwi a, atravè fèy yo, atravè ekòs la, jouk li te rive dirèk nan kè a, Liy Lavi a. Trè byen.

385 Kounye a ann gade destriktè a k ap travay. Premyeman... mwen pral oblije sote kèk nan sa a isit la, mwen kwè; non, mwen pa kwè sa. Premye bagay konpè sa a te fè, osito ke li te antre nan kè Pyebwa a... Ann obsève l, retounen nan premye etap li a, anvan li te kòmanse twò bon. Ann gade l. Kounye a, ann gade li k ap travay. Premye bagay ke li te kondane, se te detwi premye vrè, Pyebwa fwitye presye Bondye te genyen sou tè a.

386 Bon, si w ka sipòte m jis kèk minit ankò. Mwen vle ou—Mwen vle ou konprann sa a kounye a. Pa... Sa a se mesaj Pak ou a, k ap vini kounye a. En-en, en-en, en-en.

387 Premye bagay li te fè, li te detwi premye Pyebwa fwitye, Bondye a, Kris. Se Li Menm ki te Pyebwa ki te nan jaden Edenn nan. Se vre. Premye Pyebwa fwitye a, li te detwi l. Premye ke Bondye te plante isit sou tè a, se te Kris. Li te detwi Pyebwa sa a ki t ap bay fwi Li a. Bon, yo te gen tout kalite òganizasyon, epi li te jis gen sa nan men li. Men, lè li rive nan yon Pyebwa ki te pote fwi reyèl la, Ensèk Women sa te antre ladan Li, ou wè, detwi Pyebwa a.

388 Pyebwa a? Wi. Jezi te di, "Si Mwen fè..." Nan Sen Jan, "Si Mwen pa fè travay Papa M, oswa pa gen fwi Papa Mwen yo, pa kwè Mwen." Li t ap pote fwi Bondye a. Ki kalite fwi te fè Li pote? Ki kalite fwi?

389 Ann obsève Li pou kèk minit. Nou te pale de sa plizyè fwa deja. Ann jis pran yon ti preliminè, pou moun ki chita isit la, ret tann pou yon minit, pou priye pou yo.

390 Kisa ki te premye bagay yo te konnen, ke Li t ap fè, pou rekonèt ke Li se Mesi a? Lè Pyè te fèk rive, epi Andre te mennen l, Li te gade Pyè e Li te di: "Non ou se Simon, e ou se pitit Jonas." Li te konnen touswit, selon Ekriti a, ke se sa ki te Mesi a. Te gen...

391 Èske w te konnen te gen anpil moun ki te leve anvan sa, dapre listwa, epi yo te rele tèt yo Mesi? Men okenn nan yo pa t kapab fè sa a. En-en. Paske, "Mesi a," Moyiz te di (Pawòl Bondye a, ki pa ka fayi, te pwononse pa Moyiz), li te di, "Mesi w la ap yon pwofèt tankou mwen menm."

392 Kidonk, lè etranje sa a te pwoche bò kote Jezi, epi Jezi te di: "Vwasi, ou rele Simon, epi ou se pitit Jonas ," Pyè te konnen touswit Kiyès Li te ye. Li te konnen se te Li Menm.

393 Lè Natanayèl te ale, li ramne Filip, oswa...Filip te ale, ramne Natanayèl, pito, li ramne l laba a. Epi Natanayèl, yon gran òm, ou wè, gran òm, òm relijye. Epi—epi Filip rakonte l, pandan yo sou wout la, sa Li te fè pou Simon. E lè Natanayèl te rive nan prezans Jezi, kisa Jezi te di? Li te di, "Vwasi yon Izrayelit, ki pa gen riz nan li."

Li di: Mèt, ki lè ou te konnen mwen?

394 Li te di: "Avan Filip te rele ou, lè w te anba a pyebwa, mwen te wè ou."

395 Li te di: "Mèt! Mèt, ou se Fis de Dye a; Ou se Wa pèp Izrayèl la." Ou wè?

396 Poukisa? Sa se fwi a. "Si Mwen pa fè travay Papa M..." Li te konnen jiska panse ki te nan kè yo.

397 Yon fanm te touche rad li, yon fwa, li te ale epi chita nan kongregasyon an. Jezi gade toutotou, e Li te di: "Kiyès ki te touche Mwen?" Yo tout te demanti Li. Li gade toutotou, Li te wè li. Li te gen yon pwoblèm san. Li te di, "Lafwa w te sove ou." O lala!

Vye ti fanm Samaritèn an...

398 Kounye a, sonje, Li pa t janm al jwenn Moun nasyon yo, konsa. Non, mesye. Li te di disip Li yo pou yo pa ale kote yo. Sa se nou. Sa a se jou pa nou an. Li te ale nan fòm Sentespri a, pou nou, jan Li te di Li t ap fè sa.

399 Men, lè Li te ale bò kote yo, kisa ki te pase? Lè li te ale vè fanm Samaritèn nan, fanm lan te di... Li te di li: "Pote dlo pou Mwen bwè."

400 Epi li te di: "Se pa nòmal pou ou menm ki Juif, ou mande m, yon Samaritèn."

401 Te gen segregasyon pa koulè elatriye. Li fè yo konnen touswit, pa te gen okenn diferans, tout soti nan menm pyebwa a. Nou tout se pitit gason ak pitit fi Bondye. Nou tout, ou wè. Epi Li te di...

402 Li te di, "Ebyen, nou adore. Papa nou, Jakòb..." Ou wè, e se te papa jwif yo tou. Ou wè? "Jakòb, papa nou, te fouye pwi sa a, epi Ou di ke Ou pi gran pase li?"

403 Epi li te di: "Dlo M ap ba ou a se Lavi etènèl." Ou wè? Li te di...

"Nou, ebyen, nou adore nan mòn sa a, epi Ou Menm nan Jerizalèm."

Li te di: "Al chache mari w epi vini isit la. Sa a pral rezoud li."

Li te di, "Mwen pa gen okenn mari."

404 Li te di: "Ou te di vrè." Li te di: "Ou te gen senk epi sa w genyen kounye a se pa mari ou."

405 Li te di, "Mesye, ou konnen, sa fè katsan ane depi nou te genyen yon pwofèt, men Ou dwe yon pwofèt. Kijan ou te fè konnen ke mwen te genyen senk mari?" Li te di, "Bon, nou konnen ke... Li lè pou Mesi a vini isit la, Li yo rele 'Kris la'. Epi lè Li vini, Li pral di nou jan de bagay sa yo." O, men fwi Li yo.

Li te di: "Se Mwen Menm."

406 Li kite so a, ansyen so dlo òganizasyon an. Li ale nan vil la. Pe enpòt konbye pwi Jakòb te genyen, li te jwenn yon nouvo Sous. Li ale nan vil la, li te di: "Vini, wè yon Nonm ki te di m bagay mwen te fè a: Èske Sa se pa vrè Mesi a? Èske Sa a se pa fwi a? Èske Sa se pa prèv ki montre ke Sa se Mesi a?"

407 Jwif yo pa t kapab konprann Li. Yo te di, "Li se yon divinò, Bèlzebul."

408 Jezi te di: "Mwen padonnen ou, ou menm. Men, yon lè, Sentespri a ap vini fè menm bagay la; epi, si ou pale kont Sa, ou pa p janm jwenn padon pou li." Ou wè?

409 Kidonk, "Si Mwen pa fè travay Papa M, kwè...pa kwè Mwen." Men Pyebwa fwitye sa a te pote fwi yo.

410 Kounye a kisa? Kisa Li te di? Answit kisa—ki kalite legliz li te etabli? Bon, nou menm Katolik ki vle di ke Jezi te etabli yon legliz, ki kalite Legliz Li te etabli?

411 Èske li te janm mansyone yon denominasyon, yon kredo? [Kongregasyon an di: "Non." — Ed.] Li te toujou kont sa. Li te di: "Ou te blanchi miray yo. Nou menm zo moun ki mouri yo." Li te rele yo tout non Li te ka rele yo. Se vre. Li te kont sa. Se te fwi Bondye a. Bon, ou ka adisyone de plis de, bay kat, si ou vle. Egzak. Li te kont bagay la, òganizasyon, kont teyori yo. Rele yo, "Ipokrit, koulèv nan zèb," epi te di yo se "demon." Li te di: "Ou pran bò kot papa w dyab la, e w ap fè zèv li yo. Kilès nan zansèt nou yo ki pa t pèsekite pwofèt Mwen te voye anvan M yo?" Ou wè? Li te di: "Aprè sa, ou bati tonm yo." Li te di: "Se ou menm ki te mete yo ladann." O, frè, Li pa t menaje yo yon ti kras. Se vre.

412 Se te fwi Bondye a. Kisa Li te ye? Rete ak Pawòl Bondye a, fè Pawòl Bondye a akonpli.

413 Li te di, otreman, "Kisa Ekriti yo te di Mwen Menm Mesi a t ap fè lè Mwen vini? Bon, si Mwen pa pote fwi Pawòl sa a, alò Mwen pa Mesi a. Men, si Mwen pote fwi Pawòl sa a ke Mesi a te sipoze fè, alò Mwen se Li." Amèn. "Kounye a, kiyès nan mitan nou ki ka kondannen Mwen pou peche?" Li te di. Vwala maglwa. "Kiyès pami òganizasyon w yo ki fè menm bagay sa a?" Vwala magla. "Mesi a te sipoze fè sa. Mesi a te sipoze yon pwofèt. Kounye a ann gade kèk nan mitan nou tout," Li te di, "ak tout gwo lide ou yo, Ann gade ou menm k ap fè li." Bon, yo te fè silans. Trè byen. Kisa Li te ye? Li te pote fwi Bondye a. Sentespri a te nan Li. Li te pote fwi Bondye a. Kiyès Li te ye? Li...

414 Kounye a koute byen. Mwen pral prese osi vit ke mwen kapab, pou mwen pa retade dine Pak ou a. Gade. Men, pa w- dine Pak ou a ta sipoze rezirèksyon an. Ou wè?

415 Men kisa? Li te Pyebwa Pwofèt parfè Bondye a, Pyebwa egzanp lan, Pyebwa Epou a. Amèn. Glwa! Mwen pral di yon bagay dirèkteman: Si Li se Pyebwa Epou a (Èske w kwè li? Soti nan jaden Edenn lan?), alò Pyebwa Epou a, san Femèl la, pa ka pote fwi, kidonk li dwe gen yon Pyebwa Epouz. Li dwe fèt nan menm materyèl la, Pawòl la te fè chè nan Pyebwa a. M espere ou sezi li. Se menm Lavi a nan Pyebwa femèl sa a, Epou a, menm jan li ye nan Epouz la. "Zèv Mwen fè yo ou va fè yo tou." Eske se vre? Li te Epou a, sonje.

416 Ou di: "Sa pa nan Ekriti yo." O, li ladan. Mwen sezi sa kounye a. Ou wè? Nou fikse pou gen yon reyinyon gerizon nan yon minit. Mwen sezi sa. Li te sa.

417 Ou vle prèw de sa? Li te di: "Mwen se pye rezen an, nou se branch yo." Sen Jan di li: "Mwen se pye rezen an, ou se branch yo; ou pote fwi a." Ou wè? Epi pyebwa mal la ak pyebwa femèl la pwodui polèn nan, youn kon lòt, pote fwi a. Epi branch lan ak pye rezen an fè menm bagay. Ou wè? Se egzakteman sa.

418 Kidonk Li te di, bon, premye Pyebwa sa a se te yon Pyebwa Pwofèt, yon Pyebwa parfè, Bondye pwofèt yo. Li te yon Pyebwa majè. Li te Pyebwa Pwofèt parfè Bondye a. Poukisa? Li te Pawòl la. Kounye a, lòt moun yo te pwofèt minè yo. "Pawòl la te al jwenn pwofèt yo." Men Li te Pawòl la, Li menm, nan fòm yon Pwofèt. Amèn.

419 Kounye a n ap rive yon kote. Kounye a koute atantivman. Epi pa manke sa kounye a. Li te tèlman bon, mwen te jis ekri li isit la. En-en. Amèn.

420 [Yo tande yon klakson machin—Editè a] Yon moun k ap rele byen fò, klaksonnen byen fò, deyò a. En-En, jis, o, mwen espere w ap pase yon bon moman deyò a. N ap fè sa, isit la. Trè byen.

421 Bon, li te Pyebwa Pwofèt Bondye a. Poukisa? Li te preche tout Pawòl parfè Bondye a, paske Li te Pawòl Bondye a ki te manifeste. Li te Pyebwa Pwofèt parfè a ki te preche Pawòl Pwofèt parfè a, ki te pote fwi parfè Pwofèt la akoz Pawòl Parfè Bondye a. O, frè, w ap pale de yon Pyebwa! Yon Pyebwa, Li te Pyebwa Lavi sa a ke Zanj lan te gade lwen Èv ak Adan, avèk zanj gadyen Cheriben yo, lwen Pyebwa sa a. Kounye a menm Cheriben yo ap eseye atire ladan Li, paske gen yon chemen ki fèt pou yo. Ou wè? Kounye a y ap rale tounen; o, èt imen. Hmm!

Bon, preche tout Pawòl la, Li pa t koupe ni *isit* ni *laba*.

422 Lè Satan vin jwenn li, gwo teolojyen sa a, epi te di: "Li ekri..."

Jezi te di, "Wi, epi li ekri tou..." En-en.

"Men, li ekri..."

Epi Li te di: "Epi li ekri tou..."

423 Pyebwa Pwofèt parfè k ap preche Pawòl Pwofèt parfè a, avèk Siy Pwofèt parfè yo, rezilta Pwofèt parfè yo, fwi parfè Lespri yo.

424 Epi pou yon plezantri... Mwen—mwen pral trè vit nan pati sa kounye a. Paske, pou yon plezantri, yo te pann Li sou... Li te Pawòl la, ou konnen. Yo pann li, Pyebwa Pawòl la; Pyebwa Pawòl la, te pann Li sou yon pyebwa women lòm te fabrike. Hmm! Frè, mwen espere sa te rive lakay ou. Li, ki se Pyebwa espiyityèl parfè Bondye a, yo te pann Li sou yon pyebwa women lòm te fabrike. Amèn.

425 Menm jan kounye a. Y ap eseye pran Pyebwa parfè Bondye a, Pawòl la, epi melanje Li, epi pann Li sou kèk kredo. Lanmò ak Lavi pa p melanje. Jezi pa t janm asiste yon sèvis fineray; Li te resisite mò yo. Poukisa? Lanmò ak Lavi pa ka rete ansanm. Yo kontrè, youn ak lòt. Li pa t preche okenn fineray. Li jis resisite yo. Amèn. Wi. Poukisa? Lavi; epi lanmò.

426 Kounye a gade. Yo pann Li sou yon pyebwa. Eske se vre? "Modi yon moun ki pandye sou yon pyebwa." Eske se vre? Bib la te di: "Modi yon moun ki pandye sou nenpòt pyebwa ke lòm te fabrike."

427 Donk, si jodi a, w ap eseye pandye sou kèk pyebwa lòm te fabrike, voye l ale. Epi pa kite li pann ou la, non plis. Paske, sa se yon plas pou moun ki mouri, kèk fabrikasyon Luther, Batis, presbiteryen, òganizasyon pannkotis, se vre, kèk pyebwa lòm te fabrike. Pa pann la. Pa kite l pann ou la, non plis. Yo pral pann ou la si yo kapab, jiskaske tout lavi a soti nan ou, jouktan ou rekonèt doktrin yo a. Se vre.

428 Men se la yo te pann Pyebwa parfè sa a. Pyebwa fwitye parfè Bondye a te pandye sou yon pyebwa Women lòm te fabrike. Se sa. Se te yon madichon pou te pann sou nenpòt pyebwa lòm te fabrike. Kisa li? Pou debarase Li nan je yo, apre Li te fin pote tout fwi yo.

429 Apre Mari Magdala, listwa te rakonte, te kouri devan yo epi li te di: "Kisa Li te fè? Ki mal Li te fè?" Li te kanpe pwosasyon an, li te di, "Kisa Li te fè ki mal? Èske Li te fè anyen sof preche Levanjil la bay pòv yo? Èske Li te fè anyen sof geri malad yo, resisite mò yo? Epi vrè siy Bondye vivan yo nan Li. Kijan ou ta ka kondane Li?"

430 Epi yo ba li yon kalòt sou bouch, epi di: "Èske w ta koute fanm ki pa gen bon renome sa a nan plas prèt ou a," vwala magla, "evèk ou a?" En-en. Vwala maglwa. Menm bagay la jodi a. Se vre. En-En. Wi.

431 Bon, lè Li te fè tout bagay sa yo, epi Li te pwouve Tèt Li, kisa Li te ye, Li mete l devan yo, epi te di: "Si Mwen pa Li, alò kiyès nou ye?" En-en, en-en. "Si ou ka kondannen Mwen pou peche, si Mwen antò nenpòt kote nan Pawòl la, montre M. Kounye a kite Mwen montre ou kote w antò." Ou wè? *Peche* se "enkwayans". Nou konnen sa.

432 Bon, pou retire Li devan je yo! Yo te si tèlman rayi Li, paske li te kraze tout òganizasyon yo a. Pou retire Li devan je yo, yo antere Li. Epi te woule yon gwo bout wòch denominasyonèl devan pòt la, konsa pou asire Ke Li pa p leve ankò. Ou wè? O lala!

433 Panse a Pyebwa parfè sa a! David te gade dèyè epi te wè Li. Li te di, "Li kanpe bò rivyè Dlo yo. Li bay fèy Li yo nan sezon Li, nan fwi Li; Li p ap tonbe, Li—Li p ap seche. Kèlkeswa sa Li fè va prospere." Li te Pitit pwosperite a.

434 Jozèf se te yon tip de Li. Li te antitip Jozèf la. Tout kote Jozèf te ale, Li te pwosperere.

435 Menm bagay avèk Jezi, Pawòl Li a. "Pawòl Mwen an ap pwosperere, epi Li p ap tounen vin jwenn Mwen sanzefè. Li pral akonpli sa mwen te planifye pou Li a." Ou wè? Li te Pawòl la. Bondye te voye Pawòl la sou tè a, e Li pral akonpli egzakteman sa Bondye te voye L fè a.

436 Kounye a, tandè byen. Sa ap vin rich, avèk krèm sou tèt li. Kounye a, remake.

437 Men Li kounye a k ap vini, epi yo...pou menm zèv Bondye sa a, lè Li te kanpe epi Li te mande yo. Li te di: "Si M pa fè zèv ke Bondye te di ke M ta dwe fè, alò M pa Li; pa kwè M. Men si M fè l, alò kwè zèv yo. Si nou pa ka kwè M, kòm yon Moun k ap fè sa, alò kwè zèv yo ke M ap fè. Yo temwaye de Mwen. Yo pale pi fò pase vwa Mwen." Se vre.

E menm bagay la ka aplike chak fwa. Wi, mesye, Sètènman.

438 Kounye a remake, "Si M pa fè zèv Papa M yo, alò pa...pa kwè M, pa kwè M. Sepandan, si M fè zèv yo, kwè M."

439 Alò kisa yo te fè? Yo pran presye Pyebwa sa a, yo koupe L, yo pandye L sou yon pyebwa lèzòm fè.

440 Apresa, yo p at renmen sa. Twòp moun te kanpe la a, ap kriye poutèt Sa, alò yo retire L de la. Yo di: “Nou pral veve denominasyon nou rèd pou yo pa janm kite antre egzalte sa yo.” Alò, yo mete te L vit nan on twou ki pou Jozèf, yon moun lavil Arimate, epi yo woule yon gwo wòch. Sa te pran on santèn moun pou woule l anlè a.

441 Èske nou te wè-wè, lòt aswè a, nan fim lan, gwo chemen kote yo te woule wòch la? Li te peze plizyè tòn.

442 Yo te woule gwo wòch òganizasyon yo anlè a, pou L p at resisite. Men èske sa te kenbe Li? Non.

443 “Men M pral retabli, Seyè a di.” Annou frape tèks sa a kounye a, epi fè l antre. “M pral retabli, Seyè a di. M pral retabli L an twa jou. M ap resisite L.” Yo p at ka kache L nan wòch sa a. Yo p at ka kache L nan je yo. Yo p at ka retire L nan men yo. “M pral retabli L, Seyè a di.” Epi nan twa jou, Li resisite, Li te retabli.

444 Aprè Pak, rezirèksyon Li, Li te di: “Ale toupatou sou latè a, epi M pral avèk nou. Menm jan Papa vivan an voye M, epi Li nan Mwen, Mwen voye nou epi M ap nan nou. Mwen avèk nou, jiska fen mond lan. Zèv yo, menm bagay ke Mwen fè, pou pwouve ke sa M te ye, nou pral fè menm bagay yo pou pwouve sa nou ye. Mwen renmen sa.

445 “Siy sa yo pral akonpaye sa yo ki kwè,” pa swadizan kwayan, men kwayan yo. Wè? “Bagay sa yo ke Mwen fè, n ap fè yo epi l ap konfime ke nou kwayan. Menm jan ak zèv yo ke Mwen te fè, paske Papa vivan an ap viv nan Mwen. Se pa Mwenmenm ki fè zèv la; se Papa M. Epi se pa noumenm ki pral fè zèv yo; se pral Mwenmen nan nou, k ap fè zèv yo.” Wè? “Kounye a, ale toupatou nan mond lan.”

446 Otremandi: “Nou pral fòme sa ki, pou Mwenmen, Epouz la.” Wè? Trè byen. “Mwen prale avèk nou. Epi Mwen... Nou pral on pati de Mwen. Nou pral Epouz Mwen. Vi M pral nan Kò nou. Menm jan avèk on mari epi madanm li fè yon moun, noumenm avè M n ap fè Youn. E jou sa a n ap konnen ke Mwenmenm nan Papa a, Papa a nan Mwen, e Mwen nan nou, e nou nan Mwen.” Hmm! M jis renmen sa. Satan tèlman fache kont sa. Nou wè Inite Bondye a?

Tout sa Bondye te ye, Li vide l nan Kris; e tout sa Kris te ye, Li vide l nan Legliz la. Men li. Sa fè yo tout fè Youn.

447 Kounye a gade. Bon, Lepouz la se yon Pyebwa Lavi. Otremandi, tankou mari ak madanm fè youn, Kris ak Lepouz la fè Youn: menm bagay, menm Lespri, menm zèv, menm siy, tout rès la. “Paske zèv yo ke M ap fè, n ap fè yo tou.” Jis kibò? “Lemonn antye.” A konbyen? “A tout kreyasyon.” Pa vre?

Ph, tande byen kounye a, pral tire yon magnum.

448 Cheniy Women an kòmanse devore Pyebwa Lepouz la jiskaske Li atenn rasin yo. Menm pyebwa Women an ki...Ki kalite pyebwa ki abat Kris? ? [Asanble a di: “Women.”—Ed.] Ki kalite pyebwa ki abat Epouz Kris la? [“Women.”] Kijan? Nan ranplase on lòt bagay ke Pawòl la. Alò, nou wè, legliz Pwotestan ki pa aksepte Pawòl Bondye a se pitit fi legliz Women an li ye. Bondye pa janm, okenn lè, òganize yon legliz. Legliz Katolik Women an te premye òganizasyon an. E yo tout ki òganize, se pitit fi li.

449 Yo mouri avè l. Bib la di ke, “L ap boule pitit li yo ak dife,” Konbyen ki konn sa? Bib la di l. Ebyen, Bib la di ble a epi move zèb yo pral pouse ansanm jiska dènye jou a, apres a Li ta mare move zèb la (pa vre?), an premye, epi boule li. Epi ble a ta ale nan grenye a. Pa vre? Move zèb yo ap mare ansanm nan òganizasyon, Konfederasyon Legliz yo, pou boule atomik la. Egzakteman sa. Men Legliz la ap pare pou L ale nan grenye a, menm jan de e de fè kat, nan Anlèvman an, paske fanm ki lib la pap erite avèk esklav la. Ooooh, Frè Anthony!

Oh, n ap veye pou jou beni Milenyòm sa a k ap vini,

Lè Seyè nou pral vin chache Epouz Li k ap tann Li;

Oh! nanm mwen ranpli de jwa, alò ke m ap tarvay, veye epi priye,

Paske Seyè nou ap tounen sou latè a byento.

450 Alelouya! Wi, mesye. Oh, Li pral boule move zèb yo. Epi ble a, Li pral pran l nan grenye a.

451 Cheniy Women an kòmanse devore Pyebwa sa a epòk Pòl. Li te di: “Mwen pèsuade,” dapre Ekriti a, “ke, apre depa mwen, dèzèm pral leve nan mitan nou, frè, tankou po mouton sou yo, lou andedan, e yo pral rale anpil apre yo. Paske lespri antikris la, ke nou tande ki te dwe vini nan mond lan, li deja nan mond lan nan kounye a, ap aki nan timoun” (kisa?) “dezobeyisan.” Dezobeyisan a (kisa?) Pawòl la. Men li. Òganizasyon an ki kòmanse.

452 Nou wè sa m vle di, zanmi? Tout sa yo ki wè sa, di: “Amèn.” [Asanble a di: “Amèn.”—Ed.]

453 Li kòmanse devore! Kisa li fè? Gwo chini sa a kòmanse, vye ti chini sa a. Sa... Jowèl wè l.

Tande kounye a. Nou prèske rive nan fen an.

454 Jowèl wè l. Epi li di: “Sa krikèt yo kite, sotrèl devore sa; sa sotrèl yo kite, alò, ti chini devore sa; sa ti chini yo kite, ebyen, gwo chini devore sa.” Se sa Li di. E se egzakteman sa. Sa se Pyebwa Bondye a. Pyebwa a, li koupe L, ti chini sa a. Trè byen.

455 Cheniy Women an kòmanse devore Pyebwa Lepouz sa a epi L ale jiske nan rasin yo. Li koupe L jiske nan baz la, tout! Li koupe Pyebwa a nèt, menm jan li fè l pou Jezi, Epou a. Li koupe Epouz la nèt, epi li kòmanse nan kredo epi denominsayon. Menm vye bibit la! Men kisa? Oh, glwa! Men nan rasin Li yo te gen Semans lan, Semans Wayal Abraham lan. Li pat ka mouri. Pawòl la te nan rasin yo avèk pwomès la: “M pral retabli, Seyè a di.” Kisa? Tout ane yo ke cheniy la koupe, tout sa sotrèl la devore, tout sa lòt bibit yo devore, M pral retabli L, Seyè a di.”

456 Kounye a, konpare sa a avèk Dimanch pase, epi Dimanch anvan an, Mesaj sa yo la a. Tande byen kounye a, alò ke nou rive nan fen an. Gade.

457 “M pral retabli, Seyè a di, tout sa bibit yo manje. M ap retounen chak ti moso de Li ankò.”

458 Kounye a rete trankil si nou kapab, pou yon ti moman, epi tande byen. Pare nou. Epi lapriye ak tout kè nou, pou Bondye revele L ban nou.

459 Alò, pwomès Bondye kòmanse retabli, paske Bondye di Li pral retabli L. Menm jan Li releve Pyebwa Lepouz sa a... Pyebwa Lepou, Li pral releve Pyebwa Lepouz la, paske pral gen Youn lòt bò a, menm jan de e de fè kat. Kisa kounye a? Trè byen. Alò pwomès Bondye kòmanse: "M pral retabli, Seyè a di, tout sa sotrèl la devore, cheniy la."

Tankou premye fwa a, lè Li konstwi premye Legliz sa a.

460 M pral abòde kèk Doktrin kounye a. Si nou pa vle kwè yo, dakò. Men nou... Pito nou sonde L, anvan. Wè? Remake.

Kijan Li fè pouse Pyebwa sa a, pou kòmanse? Oh lala!

461 Sa fè m anpil byen. M konnen ke m pa sanble yon minis, kanpe la a konsa, men mwen-mwen-mwen renmen de kisa m ap pale. Nou wè sa m vle di?

462 E kounye a, remake. Tankou premye fwa a, lè Li te kòmanse premye Legliz sa a ke cheniy Women an te devore, epi ti chini a, e lòt yo, Li te kòmanse avèk jistifikasyon pa lafwa. Jan Batis.

463 Nan Jan 13, ou, chapit 17 la, vèsè 17, Jezi di: "Sanktifye yo, Papa, atravè Verite a: Pawòl Ou se Verite." Dezyèm zèv la se te sanktifikasyon, pou Legliz la. Aprè jistifikasyon, se te sanktifikasyon.

464 Epi aprè ke yo te sanktifye, Li te mande yo pou rete nan vil Jerizalèm lan, Lik 24:49, jiskaske yo te resevwa pwisans Anlè a. Epi la a Li bay nesans a Pyebwa a, Sentespri a, Pannkòt; jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a.

465 E apres a Kris vin abite nan Li, pou pwodwi fwi yo. Amèn. Pa vre?

Jan te preche jistifikasyon.

466 Kounye a gade. Nan... Sa a konstitye nesans natirèl la. Lè yon fanm ap akouche yon bebe (Tande sa.), ki premye bagay ki rive fanm lan, kisa ki soti? Se, an premye, se dlo. "Repanti, epi batize nan Non Jezikri," jistifikasyon. Kisa ki rive fanm lan an dezyèm? San. Pa vre? San; sanktifikasyon. Apres a kisa ki pwochen bagay la? Lavi. Dle, san, lespri.

467 Jan, ou, 1 Jan 5:7, 7:5, pito, mwen kwè, li di:

...Gen twa k ap rann temwayaj nan syèl la, Papa a, Pawòl la (Ki se Fis la.), epi Sentespri a:....twa sa yo fè youn.

Epi gen twa k ap rann temwayaj sou latè a, dlo a, san an, epi Lespri a; yo pa fè youn, men yo dakò nan youn.

468 Nou pa ka gen Papa a san nou gen Fis la; nou pa ka gen Fis la san nou gen Sentespri a. Men nou ka jistifye san nou sanktifye; nou ka sanktifye san nou gen Sentespri a.

469 Sa nou di de sa, frè Nazareyen? Yo te sanktifye pa Jezikri, yon ane e sis mwa anvan Sentespri a vini. Pa vre? Yo te sanktifye pa Jezikri.

470 Kounye a, kòm Li pwodwi premye Pyebwa Lepouz la ke sotrèl la e krikèt la devore, L ap retabli dezyèm Pyebwa a, Li fè l soti de rasin predestine yo ki pa ka mouri. Yo rete toupre rivyè yo. Li viv nan dlo sa yo. Li pat ka montre Tèt Li, men Li la a kanmenm.

471 Kounye a, li kòmanse, remake, menm ensèk la; L ap retabli menm bagay la, menm jan an.

472 Premye a, lè Pyebwa sa a te kòmanse soti nan Katolis, se te Martin Luther, ki te preche jistifikasyon. Dezyèm anj Lan se te John Wesley, ki te preche sanktifikasyon. Luther te preche jistifikasyon: "Jis la ap viv pa lafwa." Wesley te preche sanktifikasyon, dezyèm zèv la gras definitivman. Apresa vin Sentespri a. Menm jan Li te fè konstwi premye Pyebwa a, isit la, Li retabli L ankò, menm jan an, dezyèm fwa a. Wè sa?

473 Remake. Menm ensèk la, ti voryen sa a, menm ensèk la ki te kòmanse epi ki te touye Pyebwa a nan kòmansman an, li rekòmanse atake branch Literyen sa yo, men (kisa?) li pa ka touye L. Li pa ka touye L, paske Bondye deja di: "Mwen pral retabli." Ensèk sa a te kòmanse avèk Luther, pou touye tout branch Literyen yo. Li pase dirèkteman a Wesley, epi li touye tout branch Wesley yo. Men pati prensipal Pyebwa a ap kontinye pouse.

474 Kounye a remake. A lepòk, lè yo te touye Pyebwa a, yo te touye L, li te ale jiske nan rasin yo lè li te touye L a lepòk. Men fwa sa a, poutèt Pawòl la predestine, pa gen anyen ki

pral kanpe L. Bondye di: “Mwen pral retabli. Kèlkeswa jan yo òganize, konbyen yo fè sesí, *sela*, ou *lòt bagay*, Mwen pral retabli.” Kesyon an regle. Tout griyen dan, pase nan betiz, pase nan tenten, ap rele “egzalte, ridikil,” tout sa nou vle. Bondye di kanmenm: “Mwen pral retabli, Seyè a di.” Osi sèten ke Li resisite Jezi nan tonm lan, an twa jou, an twa dispansasyon, oubyen twa seksyon, Li pral leve Legliz la ankò jiska plenitid Li e pwisans Li. “Mwen pral retabli, Seyè a di.”

475 Kisa ki rive? Vye cheniy sa a te kòmanse devore epi gen menm jan efè ke l te fè, men (kisa l fè?) si jis te gen branch Literyen yo. Li p at janm te gen Lespri a dèyè la a, ke Luther te genyen, paske Li kontinye viv. Apresa, vin gen Wesley. Epi apre Wesley mouri, gwo pwofèt sa a, apre Wesley mouri (kisa yo fè?), yo òganize tèt yo, epi tout branch yo mouri, men (kisa Li fè?) Legliz la kontinye viv, vin dwat nan Pannkòt la. Lè yo òganize tèt yo (kisa ki rive?), branch yo mouri, men (kisa?) Legliz la kontinye vanse.

476 Kisa? Menm bagay la Pannkotis yo te fè, menm ansyen taktik la, kredo denominasyonèl la ki pran Sa nan kòmansman an, pou detwi Pyebwa a nan-nan Pyebwa Lepouz la, nan kòmansman an, se menm vye taktik la ke dyab la te itilize pou dezyèm Pyebwa sa a, men (kisa?) Bondye te predestine L. Li dwe kontinye vanse, pe enpòt. Si tout sa... Si sa p at rive, lè Luther te òganize, kesyon an t ap regle lè sa a; li retounen tankou yon lòt; li t ap on dezyèm legliz Katolik, on legliz Katolik Women. Wè?

477 Men, Bondye te detèmine pou fè l. Li te deja pwononse Pawòl Li. Lalwa Li pral asire l ke Li akonpli. Pe enpòt konbyen fredri an reta Li genyen, Li pral viv, de tout fason. Nou ka gen peryòd fredri avèk divèjans denominasyonèl, e tout rès la, men Pyebwa sa a pral viv osi sèten ke gen yon Bondye vivan pou fè L viv. Wi, mesye. Li di: “Mwen pral retabli.”

478 M konnen ke nou gen yon prentan ki ta, sezon Pak la rive ta. “Seyè a ap repouse Vini Li,” yo di, e tout sa. Epi van frèt la touye anpil branch denominasyonèl sa yo, men li pa ka touye Lavi sa a ki predestine.

479 “Syèl la ak latè a va pase, men Pawòl Mwen p ap janm pase.” “Tout sa yo Li te konnen davans, Li rele yo: sa yo ke Li rele, Li jistifye yo; sa yo ke Li jistifye, Li te deja glorifye yo.” Alelouya! Li ekri nan Liv la, Liv Lave Ayo a, e li pa ka mouri.

480 Tout-tout bibit yo ke lanfè a ka lage kont Li p ap janm kanpe Li. Okenn kominis, Katolik, pa gen anyen lòt ki pral kanpe Li. “Mwen pral retabli, Seyè a di.” Tout pyebwa Women yo fabrike pa lòm pap janm pann Li la a. Tout tonm yo pap janm kenbe Li la a. Tout gwo wòch denominasyonèl yo poze devan pòt la pap janm kenbe L la a. “Mwen pral retabli, Seyè a di. Pral gon Pak. M pral mennen tounen menm Legliz sa a avèk menm pwisans Li. M pral mennen tounen Lepouz sa a egzakteman jan L te ye lòt bò a, avèk menm siy yo, menm fwi a, menm bagay ke yo te fè. M ap mennen L tounen ankò. Mwen pral retabli, Seyè a di,” (kisa?) “retabli tout sa denominasyonèl yo devore, retabli tout sa òganizasyon an devore. Mwen pral retabli, Seyè a di, tout sa.”

481 Kounye a, nou di: “E bagay sa yo ki pati, nan denominasyon an?”

482 Bondye se bon Kiltivatè a. Li koupe Pyebwa a, se tou, Li koupe tout branch yo ki mouri. Kisa Li pral fè? Boule yo, anlè a. Egzakteman. Bondye se Kiltivatè Pyebwa sa-sa. Li pran swen de Li. Li veye sou Eritaj Li. Li... Kisa ki Eritaj Li? Pwòp Pawòl Li. Li veye sou Pawòl Li, pou konfime Li; pou veye sou Li; wè kote Li ka renmen L. Li pral retabli L. Alò lè legliz sa yo kòmanse òganize tèt yo, epi bagay konsa, Li jis koupe yo, epi Legliz la kontinye vanse.

483 Lè-lè Literyen an di: “Nou pral vin on òganizasyon. N ap osi gran ke Katolik yo.” Trè byen. Li jis koupe branch lan. Epi Wesley reprann Li, Li leve yon lòt pwofèt. Alò, osito ke Wesley fè sa...Ebyen, Wesley mouri, gwo pwofèt sa. Kisa yo fè? Yo òganize l. Lapannkòt vini. Osito ke l mouri, Li koupe sa. Li kontinye monte. Wè? Li pral retabli.

484 Kote fwi yo pouse? Yo pa kòmanse anba isit la. Yo kòmanse nan tèt la. Ki kote solèy la frape Pyebwa a an premye? Ah, glwa! Nan Limyè aswè a, tèt Pyebwa a. Amèn. Pa anba sou branch anba yo, men anlè a nan tèt Pyebwa a kote fwi a ap muri.

Amèn!

Èske nou renmen Li? Amèn!

Èske nou pral sèvi Li? Amèn!

Èske nou kwè Li? Amèn!

Sètènman mwen kwè nan Li, ak tout kè mwen.

485 Kounye a, kisa l ye? Li pral koupe vye pye rezen sa yo ki mouri pandan ke L ap monte, tout pye rezen òganizasyon sa yo, jiskaske Li monte nèt nan tèt Pyebwa a. Se la Li pral pran fwi Li. Kounye a remake. Bondye koupe Li. Trè byen. Yo mouri, epi yo p ap antre nan-nan Prezans Bondye a, yo p ap vini nan premye rezirèksyon an. Men y ap...Fwi Pye Rezen òganiza-...Pye Rezen orijinal Bondye a. Yo pral nan gwoup òganizasyon yo, men yo p ap vini avèk fwi Pye Rezen an.

486 Kounye a gade. Bondye pa janm pwodwi yon òganizasyon. Legliz la mete branch yo, yon òganizasyon, epi Bondye koupe li, Li koupe sous la. Li pote fwi òganizasyon an.

487 Men si Pye Rezen sa a pwodwi on branch ki soti nan Pye Rezen an, Li pral pote menm bagay la avè L. Alò, nou wè, sa premye a te ye. Epi Wòm te voye bibit li yo lòt bò a ki devore Li, men Bondye pral fè pouse Youn tèlman wo ke li p ap ka manyen L. Li pral kontinye monte. Amèn. Mwen...Ann ale. Pyebwa a ale de yon kote a yon lòt, depi yon dispansasyon al nan yon lòt dispansasyon. Depi Luther, L ale a Wesley; depi Wesley, a Lapannkòt; depi Lapannkòt, L ale a Pawòl la.

488 Se Pak ankò pou vrè kwayan yo de Pawòl Li ki pa janm fayi. Se Pak. Se yon rezirèksyon. Bondye gen moun toupatou. Se Pak pou yo. Poukisa? Yo resisite, amèn, resisite de kredo sa yo e denominasyon. Yo monte, yo travèse yo. Se Pak ankò. Semans Wayal la te kachen nan rasin yo, Pawòl la, Li te cache isit la nan Pawòl sa a, pandan dèzane, epi dèzane, e dèzane, epi Li jis kòmanse revele. Se tan Pak. Predestine depi fondasyon mond lan, Legliz sa ap kòmanse leve. Remake kijan Bondye te predestine nan kòmansman an. M gen...

Ebyen, m pral di l kanmenm. Trè byen.

489 Remake isit la, ke, pou retabli premye Pyebwa pafè a an twa jou aprè lanmò L. Aprè lanmò premye Pyebwa a, Li retabli L an twa jou. Pa vre? Li retabli L! Kounye a Pyebwa Lepouz la pral retabli tou an twa jou, twa etap, pito. Twa etap, Li pral retabli. Kounye a gade. Kisa? Jistifikasyon, sanktifikasyon, batèm Sentespri a; youn, de, twa.

490 Kounye a remake. Aprè twa jou, premye Pyebwa a retabli tankou nan kòmansman an, Li gen menm siy yo, menm mirak. Jezi tounen, menm Jezi a, k ap fè menm bagay la. A la fen twazyèm jou a, siy yo parèt, pa la fen premye jou a. Oh, frè! M espere ke nou konprann. Twazyèm jou a, se lè vrè manifestasyon Kris la te vin konnen, a la *fen* twazyèm jou a. Wè? Remake. Èske nou konprann? [Asanble a di: “Amèn.”—Ed.]

491 Pa premye jou a, on fòm ki mouri; dezyèm jou a, te gen yon rimè, wè, oubyen, dezyèm jou a, li te toujou mouri; Luther, Wesley. Nan kòmansman twazyèm jou a, te gen yon rimè ki t ap pale. Anyen premye jou a, Luther; anyen dezyèm jou a. Epi nan twazyèm jou a, dispansasyon Sentespri a, te gen yon rimè ki t ap pale, ke, “Li te menm lan ayè, jodi a, e pou toutan.”

492 Men nan *fen* twazyèm jou a, se la ke Li fè konnen tèt Li, Li vini nan mitan yo, Li vini nan mitan pèp Li epi Li di: “Gade Mwen. M se menm Lan.”

493 Fòm ki mouri yo kontinye jiskaske yo rive Lapannkòt, lè sa a yon rimè kòmanse pale, ke, “Li te.”

494 Kounye a, isit la, nan dènye jou a, Li isit la avèk nou, L ap aji nan mitan nou la a. A la *fen* twazyèm jou a, Li te parèt epi Li montre yo tout siy rezirèksyon Li, ke Li te vivan, menm lan ayè, jodi a, e pou toutan, fwi vivan Prezans Li. Fwi vivan Prezans Li! Èske nou konprann? [Asanble a di: “Amèn.”—Ed.] Yo te manifeste nan fen jounen an, lè Li te parèt devan yo tout, Legliz Li. Amèn. Poukisa? Yo tout te rasanble, oh, amèn, a la fen twazyèm jou a.

495 “Limyè aswè yo,” Bib la di, “t ap klere nan dènye jou yo.” Limyè aswè a se menm Limyè a Lwès la ke Limyè ki a Lès la. E menm Limyè a ki te klere a Lès, ki te pwodwi premye Legliz la ke Women yo te detwi pa adorasyon payen yo-yo e ensidswit, nan tan Limyè aswè a, se menm Limyè a. Kounye a remake, menm Limyè a!

496 E poukisa Limyè aswè a vini? A kisa Limyè aswè a sèvi? A retabli. Whew! Nou konprann? [Asanble a di: “Amèn.”—Ed.] Limyè aswè a gen menm objektif ke Limyè maten an, pou retabli sa ki te detwi pa Laj Tenèb yo, atravè Wòm. Bondye pral retabli, Li pral klere Limyè aswè a (kisa?), retabli tout Pawòl Bondye a ankò, manifestasyon konplè Kris la nan Legliz Li

a. Tout sa Li te fè, egzakteman jan Li te fè l, l ap konsa ankò nan Limyè aswè a. Nou wè sa m vle di? Oh, se pa bèl bagay? [“Amèn.”] Epi pou nou konnen ke n ap viv isit la menm pou wè L kounye a, Limyè aswè a, egzakteman selon pwofesi a. Limyè aswè a vini pou retabli kisa? Pou retabli sa bibit yo te devore.

497 Li kòmanse grandi, apres a kisa li fè? Yo fòme yon denominasyon, alò Bondye koupe yo, Li mare yo, mete yo sou kote, Li kite yo òganize tèt yo. Epi swivan an rive; Li mare yo, mete yo sou kote. Pyebwa a kontinye. Apres a Li mare yo, mete yo sou kote, Li di: “Kounye a, on jou konsa, yo pral boule.” Li mare yo nan òganizasyon yo.

498 Men apres a kisa? Jis nan tèt Pyebwa a, se la ke fwi a muri an premye, se vre, jis nan tèt Pyebwa a. Alò se tèt Pyebwa a, isit la, ki wè Limyè aswè a.

499 Kounye a, Noe te gen twa chanm nan lach la. On chanm se te pou bagay yo k ap ranpe. Wè? Dezyèm chanm lan se te pou zwazo yo. Men chanm anlè a se la limyè a te ye. Limyè a ki te klere, an premye, li pat janm vini nan premye etaj la, dezyèm etaj la, men nan dènye etaj la.

500 Pyebwa a pa pote fwi li an premye nan pati anba a, nan dezyèm lan, konsa. Tout te koupe, nan òganizasyon an.

501 Men li nan pati anlè a, kote, “Mwen pral retabli, Seyè a di. M pral voye Limyè aswè a. Li pral mennen tounen, mennen tounen Pawòl la, fè L manifeste. M pral retabli tout sa M te pwomèt. Tout sa M te pwomèt, menm Sentespri a pral mennen, pote menm siy yo. M pral gen on Pak, on rezirèksyon pou Lepouz la, menm jan M te genyen pou Epou a.” Wè? Limyè aswè yo vini pou klere, menm jan a maten an, menm siy yo, menm bagay yo. Limyè aswè a pral pwodwi menm fwi ke yo te gen la a, si Li klere menm Pyebwa a. Amèn. Sa pwouve ke Pawòl Li akonpli kounye a, “M pral retabli, Seyè a di.”

502 Kounye a tande byen. Kounye a, te gen... Kounye a tande. Pa manke Sa kounye a. Te gen kat mesaj lanmò.

503 Oubyen, èske nou ta prefere ke nou fini? Èske nou ta prefere nou-prefere nou jis ale bonè. [Asanble a di : “Non.”—Ed.]

504 Tande vrèman byen kounye a. Gade. Te gen kat. Kat mesaje lanmò te touye Pyebwa sa a. Pa vre? Kisa l te ye? Krikèt, sotrèl, ti chini, cheniy. Pa vre? Kat mesaje demon Women, dogm, touye Pyebwa sa a. Youn pran fwi Li; youn pran ekòs Li, ou, fèy Li yo; youn pran ekòs Li; youn pran Lavi a. Pa vre? Kat mesaje dogm te touye Pyebwa a, tout sòf rasin yo.

505 Epi si kat mesaje lanmò te touye Pyebwa a, kat mesaje Lavi retabli Pyebwa a. Èske nou konprann? [Asanble a di: “Amèn.”—Ed.] Amèn. Paske Bondye di: “M pral retabli L.” Li pral retabli L. Kijan? Pa kat mesaje lanmò, yo touye L, alò kat mesaje Lavi pral retabli L. Kisa ki te premye a? Martin Luther, jistifikasyon. Kisa ki te dezyèm lan? John Wesley, pa sanktifikasyon. Kisa ki te twazyèm lan? Lapannkòt, avèk restorasyon don yo, Sentespri a, batèm Sentespri a. Kisa ki te katryèm lan? Pawòl la. Kisa? Pawòl la. Te gen kat gwo pwofèt.

506 Youn nan yo, Martin Luther, li te kòmanse klere yon Limyè. Te gen yon ti Limyè, jis yon ti fòs, jistifikasyon.

Après Wesley vini, pi fò, sanktifikasyon.

507 Aprè Wesley, pi fò pase li vini, Lapannkòt, batèm Sentespri a, nan on lòt gwo pwofèt. Wè?

508 Men nan dènye jou yo, Malachi 4, Eli dwe vini avèk Pawòl la menm. “Pawòl Seyè a vini a pwofèt la.” Nan Limyè aswè yo, li dwe vini, pou retabli epi mennen tounen. Kisa? “Mennen tounen kè timoun yo a Lafwa Bondye a.” Katryèm Limyè a.

509 Kat asasen yo pran Li. Kat mesaje detwi Li. Kat mesaje lanmò te pran L, nan dogm.

Kat mesaje lajistis retabli L ankò.

510 “Pwofesi, fis de lòm. Èske zo sa yo ka viv?” M ta swete nou gen tan. Mwen note l isit la, men m dwe kite sa. “Pwofesi. Èske zo sa yo ka viv?” Kisa ki kat etap yo ke Legliz la pase? Kisa ki kat etap yo ke zo sèk Ezekyèl yo pase? Men Lavi a vini sèlman, pa lè po nè a te sou yo, men lè van an te soufle sou yo. Se lè sa a ke katryèm Mesaj Lavi a te tounen.

511 “Mwen pral retabli, Seyè a di.” Alelouya! Glwa! Lwanj pou Bondye. Katryèm Limyè a dwe vini, Li pral pwodwi menm siy yo. Gade. Jistifikasyon te mennen tounen pilp la.

Sanktifikasyon te mennen tounen ekòs la, doktrin sentete.

512 Kisa ki mennen tounen fèy la? Pannkòtis yo, fèy yo, bat men yo, lajwa, ap rejwi, Pannkòtis.

513 Kisa? Katryèm lan se te Pawòl la, Limenm. Pawòl la ki fèt chè, fwi prèv siy rezirèksyon ke Kris finalman, aprè jistifikasyon an te plante, sanktifikasyon an te plante, batèm Sentespri a. Òganizasyon yo te mouri. Epi Kris te santre tèt Li ankò tankou somè piramid sa a. Pemye liy, jistifikasyon; sanktifikasyon; batèm Sentespri a; apres a Somè k ap vini.

514 Kisa l ye? Gwoup Sentespri sa a ki fasone pou l ka adapte avèk menm jan ministè ke L te genyen lè L te pati, konsa, lè L ap retounen, li pral atrap tout nan Anlèvman an, kote jistifye, sanktifye, epi batèm Sentespri a. Piramid sa a pral kanpe ankò. Kay Bondye a pral viv ankò. Pyebwa Lavi a ap pouse ankò.

Nasyon ap brize, Izrayèl ap leve,

Siy ke pwofèt yo anonse;

Jou nasyon yo konte, yo ranpli ak lakrent;

“Retounen, O epapiye, a pa nou yo.”

Jou redanmsyon an pre,

Kè lèzòm ap tonbe anba pè

Se pou nou ranpli ak Lespri a, lanp nou limen e klè

Leve je nou! Redanmsyon nou toupre.

Fo pwofèt yo bay manti, Y ap nye Verite Bondye,

Ke Jezikri se Bondye nou; (Amèn.)

Men nou pral mache kote apot yo te mache.

Paske jou redanmsyon an pre,

Kè lèzòm ap tonbe anba pè; (Bonm atomik epi tout lòt bagay.)

Men se pou nou ranpli avèk Lespri a, lanp nou limen epi klere,

Leve je nou! Redanmsyon nou toupre.

515 Amèn. Retabli tout bagay! Siy Lòt la nan tan la fen an. Nou pale de sa. Kijan Lòt...Anj sa a, Jehova fèt chè nan mitan moun yo, te chita avèk do L ki vire bay tant lan epi Li di: "Kote Sara, madanm ou?"

"Nan tant lan ki dèyè W."

516 Li te di: "M pral rann nou vizit." Epi Sara te ri. Li te di: "Poukisa Sara ri?" Li te nan tant lan. Amèn.

517 Jezi di te di l ap menm bagay la nan Vini a. Oh, alò Limyè aswè a, de Malachi 4, vin klere nan tenèb yo, amèn, pou mennen Limyè aswè a sou Pawòl predestine a. Alelouya! Kisa katryèm Mesaj sa a ap ye? Kisa ki katryèm mesaje sa a? Pou klere Limnyè a sou Pawòl la. Pawòl la predestine. Li dwe soti. On bagay dwe fè l, paske Bondye te di: "M pral retabli, Seyè a di. M pral retabli." Egzat. Limyè aswè yo klere Pawòl predestine sa a. Wi, mesye.

Oh, li pral Limyè nan tan aswè a,

Chemen Glwa a, w ap jwenn li sètèn;

Nan chemen dlo a, gen Limyè a jodi a,

Antere nan presye Non Jezi a.

Jèn ak granmoun, repanti de tout peche nou,

Sentespri a pral antre sètèn;

Paske Limyè aswè yo vini,

Se yon reyalite ke Bondye ak Kris fè Youn.

518 Men yo, Youn, ansanm; Youn, nan nou. Menm siy yo ke imen yo pa ka fè, ap manifeste, soti, Pawòl la, pou pwodwi Pawòl Bondye predestine a, apati de rasin Pyebwa lòt bò a, ke tout denominasyon yo te refize, epi refize, e refize. Men pral gon Limyè k ap vini. Pral gon Limyè k ap vini, ki pral leve.

519 Ki kote, lòt bò a nan Jerizalèm? Non, mesye. Limyè aswè yo p ap leve nan Jerizalèm. Limyè aswè yo pral (ki bò?) nan Lwès. Yo te gen jou yo epi yo te refize L.

520 Men Limyè aswè a pral leve nan Lwès la (poukisa?), pou klere Pawòl la (kisa?), pou muri fwi a, pou pwodwi Pyebwa Lepouz la avèk menm siy yo, mirak, epi fwi ke yo te genyen nan kòmansman an. “Li pral Limyè nan tan aswè a.” Egzat. Oh! Alò, Pawòl la pral pote fwi Li nan sezon Li a. “Li p ap fane, men L ap bay fwi Li,” David te di, “nan sezon Li a,” amèn, menm fwi ke L te genyen nan kòmansman an.

521 Kounye a, avèk Pawòl Li nan etap predestine Li, jan Li genyen L kounye a, epi nou wè ke tout Pawòl sa yo predestine. Kisa l ye? Se yon konfimasyon pafè ke Vini Seyè a toupre, epi moman an lè Li te di: “M pral retabli, Seyè a di, tout sa ti chini sa yo, tout sa Methodis yo kite, tout sa cheniy devore, tout sa sa te fè la a, jiskaske yo depouye L. Men M pral retabli, nan tan aswè a.” Oh lala! Whew!

M kwè, onètman, ke m ta ka prèske preche kounye a.

Oh, jan m renmen Jezi,

Oh, jan m renmen Jezi,

Oh, jan m renmen Jezi,

Paske Li te renmen m an premye.

M p ap janm abandone Li,

M p ap janm abandone Li,

M p pap janm abandone Li,

Paske Li te renmen m an premye.

522 Amèn. Èske nou pa renmen Li? M jis renmen Li avèk tout kè mwen. Èske nou ka gen yon liy priyè? [Asanble a di: “Amèn.”—Ed.]

523 Papa Bondye, nan men W mwen-mwen remèt Mesaj sa a. Byen ke L te dekoupe, m priye, on jan, ke Sentespri a akonpaye L sou bann sa yo, e atravè nasyon yo. Epi si mwen retire de latè a, pèmèt ke Sa a viv, Seyè. Se Pawòl Ou. Kite Limyè aswè a klere, Seyè, ke Li pwodwi Lepouz de Kris glorye sa a. Beni L, Seyè. Pa kite L tounen vin jwenn Ou san anyen. Ke Li akonpli sa Li te prevni pou fè. Akòde I, Papa. Tout lwanj ap pou Ou.

524 Kounye a, nou konnen, Papa, kèlkeswa sa nou ta di, se toujou Pawòl la epi nou kwè Li. Men nou ta renmen W, Seyè, nan maten Pak sa a, ke Ou pwouve asanble sa a, petèt kèk isit la pou premye fwa, ke Ou toujou Jezi, ke Ou pa yon fòm ki mouri, ke Ou son Bondye vivan, resisite, ki Ou viv nan mitan nou jodi a. Akòde I, Papa, epi n ap fè lwanj pou Ou, nan Non Jezi. Amèn.

525 Konbuen isit la ki malad? Annou wè men nou. Jis leve men nou. Oh, èske...

526 Èske Billy Pòl...Èske li gen...M kwè ke li distribye kat lapriyè. Pa vre? [On frè di: “Wi.”—Ed.] Kisa yo te ye? ? [“E, youn jiska san.”] E, youn jiska san. Nou pa ka pran tout, men annou pran kèk nan yo . Jis rete kanpe la a, si nou vle.

527 Kiyès ki gen nimewo en? Ann wè nimewo en. E, nimewo en, leve men w. Kat lapriyè; gade sou kat ou. Si w ka leve, trè byen. Nimewo en.

528 Ebyen, èske ou sèten ou gen bon? Trè byen. Trè byen. Ann ale, ann kòmanse yon kote. [Frè Neville di: “Li lòt bò a.”—Ed.] Oh, ebyen, okay. Si ou genyen I, n ap kòmanse la a, alò. Dakò.

529 Nimewo en, fè wout ou isit la, si w ka mache. Si ou pa kapab, ebyen, n ap pote w. Wè? Trè byen. Nimewo en.

530 Nimewo de. Leve men w, trè rapid, kounye a. Nimewo de, vin la a.

Nimewo twa. Jis la a, mesye.

Nimewo kat, nimewo kat.

531 Nimewo senk. Kounye a, tout moun jis rete chita jis pou kèk minit. Nimewo senk.

532 Nimewo sis. Leve men w rapid. Nimewo sis. Sis, sis, kite me wè l, tanpri. Yon moun ap pwente men l. Mwen pa...Oh, de... Li dèyè nan pyès lan la a. Trè byen. Nimewo sis. Trè byen. Jis on moman kounye a.

Sèt, sèt. Trè byen, dam lan dèyè la a. Uit.

533 Kounye a, si tout moun jis kenbe pa nou...Tanpri, jis on moman kounye a. Jis vrèman an silans kounye a. Bon, sa pral prèv la. Se prèv la.

534 Sis, sèt. Youn, de, twa, kat, senk, sis, sèt. Kontinye monte la a. Trè byen. Sèt. Trè byen, mesye, se byen.

535 Uit. [Frè Neville di: "Li se uit."—Editè a.] Uit, uit. Trè byen, frè. Uit, nèf, dis. Dis, onz, douz.

536 Ebyen, sanble tankou nou sispann vini. Ebyen, n ap kòmanse la a. Se kòrèk. Petèt nan kèk minit...Trè byen.

Ann priye kounye a.

537 Papa, Bondye, jis yon Pawòl de Ou ap vle di tèlman anpil. Kite—kite—kite moun yo wè, Seyè. Mwen—mwen te eseye onèt, te eseye di yo Pawòl Ou. Seyè, padone erè sèvitè W. Mwen—mwen jis, mwen—mwen jis fè tèlman anpil nan yo, Seyè. Mwen—mwen priye ke Ou pap gade erè sèvitè W, men W ap gade Pawòl Ou, ke m ap eseye preche. Seyè, mwen remèsye W pou Sa. Mwen kontan, ak tout kè m. Seyè, Se plis pase lavi, pou mwen. Mwen bay vi m, nenpòt lè, pou Sa. Mwen—mwen konnen Se vre. Se Pawòl Ou.

538 E tanpri padone fason estipid mwen yo, Seyè. Anpil fwa ke mwen—mwen ranse epi bay blag, ke mwen pa ta dwe fè. Mwen wont sa, Seyè. Mwen jis soti nan kalite fanmi sa a. Jis pase sou sa, tanpri, Papa, si W vle. Kouvri l ak San Ou. Se sa mwen mande W fè. Jis, mwen konfese l. Ou pa ka pase sou sa, men Ou ka padone m lè mwen konfese l.

539 Kounye a, mwen te konfese peche m yo. Mwen konfese peche moun sa yo. Mwen priye, Bondye, ke W va padone yo, chak moun.

540 E moun yo, se pou yo reyalize ke nou pap jis eseye jwe kèk kalite komedi. Se Sentespri an nan dènye jou yo, kap temwaye de Pawòl Li, jan m te fèk di L la. Men, Papa, sa pa enpòtan, mwen jis yon nonm. E si m ta di L, yo di: “Sa se entèpretasyon li. Se sa li panse sou Sa.” Men, Papa, si W ap jis pale epi pwouve ke Se vre, alò y ap dwe, y ap dwe pase sou Ou, pou soti anba L, lè sa a, Seyè. Alò Li pap entèpretasyon mwen; I ap pa W. Akòde I, Seyè. E si mwen se sèvitè W, e—e—e peche m yo padone, e Ou te rele m pou travay sa a, alò pale avè I, Seyè. Mwen priye ke W va akòde I. Geri malad yo ak aflije yo toupatou, nan Non Jezi, mwen priye.

541 E si Ou jis ap fè nou konnen W kounye a, jis tankou W te fè la a nan pi an, ak madanm sa a, lè Ou te pale avè I. Ou te di I yon bagay ki pat bon avè I. Li te gen senk mari. Kounye a, Ou te pwomèt pou fè I nan tan aswè a. Ou te pwomèt pou fè I nan dènye jou yo. Ou te di: “E se, se konsa sa va ye nan Vini Fis de lòm lan. Jan sa te ye nan jou Lòt yo, se konsa sa va ye,” Bondye kap viv nan chè imen, kap bouje nan mitan nou, nan fòm Legliz Li, nan Sentespri a, ap fè menm siy yo. Akòde I, Seyè, jis jodi a. Ou pa vle, Papa? Alò, mwen priye ke W va kite moun yo wè I, e pou chak moun geri epi sove, pou glwa Bondye. Amèn.

542 Bon, mwen pral atire atansyon nou kounye a, si n ap jis vrèman gen respè pou kèk minit. Kounye a, tout moun, jis an silans otan ke nou kapab kounye a.

543 Èske nou sèten ke n ap reyalize pozisyon ke m ladann isi a kounye a? Mwen te preche Pawòl la isi a, Pawòl Bondye a. [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Mwen te di tout Se vre. [“Amèn.”] Jezi te di, ke: “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke M fè yo li va fè yo tou.”

544 Bon, mwen vle poze nou yon keson. Fè atansyon si nou—si nou di “amèn” ou pa, kounye a. Jezi, Limenm, pat janm pretann pou geri okenn moun. Se vre. Li te di: “Se pa Mwen ki fè zèv yo. Se Papa Mwen ki abite nan Mwen.” Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] E Jezi te di, nan Sen Jan 5:19: “An verite, an verite, absoliman, Mwen di nou, Pitit la Limenm...” Kòm yon Òm, Li te jis yon Tabènak kote Bondye te viv. Ou wè? Li te di: “Pitit la pa ka fè anyen nan Limenm; men sa Li wè Papa a ap fè, Pitit la fè sa menm jan an.” Osinon: “Papa a montre M yon vizyon, kisa pou fè, e Mwen fè jis tankou L di Mwen.”

545 Bon, yon jou nou jwenn ke te gen, di, yon ti madanm pat ka antre nan liy priyè a. Li te gen yon pwoblèm san, e li te genyen l pandan anpil lane. Kifè li te jis manyen rad Li, li di nan tèt li...Li te ensiyifyan; li te jis yon pòv, vye ti madanm, pat gen okenn lajan. E li pat ka monte la a ak prèt sa yo ak yo tout ki te kanpe la a, ki te gen dwa pou kanpe ak tout bagay. Kifè li pat ka kanpe la a, kifè li te jis ranpe arebò jouk li te rive la a epi te manyen rad Li. Li te di: “Mwen kwè Li jis egzakteman. Li se, Li pote Verite a ban nou, Lavi a. Mwen kwè Li se Pawòl Bondye a. E si mwen ka jis manyen Li, m ap—m ap geri.”

546 Èske nou kwè? Èske nou te ka kwè menm bagay madanm sa a te kwè a, ke Li se Pawòl Bondye? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Bon, Bib lan di, jodi a, ke: “Li se Gran Prèt la, Gran Prèt nou kounye a menm.” Èske nou kwè sa? [“Amèn.”] “Aprè rezirèksyon Li ak asansyon Li, Li te monte Anwo epi bay lèzòm don. E kounye a Li chita sou men dwat Bondye, Majeste an Anwo, e pou fè entèsesyon sou sa nou konfese.” Èske se vre? [“Amèn.”] “E Li se yon Gran Prèt ki ka...” Kisa? [“Touche.”] “Touche pa...” Kisa? “Santiman enfim nou.” Bon, si Li se... Nou kwè Li se menm lan? [“Amèn.”]

547 Bon, gade. Si nou vin isi a, epi jis manyen mwen, pandan tout jounen, sa pa tap fè yon kras diferans. Si nou te manyen nenpòt lòt frè, sè, sa pa tap fè anpil diferans; jis lòd pou poze men, se tou. Men si nou jis manyen Li, se tout sa nou ta dwe fè.

548 E gade, si nou manyen Li ak yon...ak kèk kalite rityèl tankou yo te fè. Yo te di: “O, nou kwè gran Anseyan sa a. Se yon Pwofèt.” Ebyen, Li pat di anyen.

549 Men ti madanm sa a te gen yon sèten bagay ki te manyen Li: lafwa l. Li te manyen rad Li, epi L te di: “Kimoun ki te manyen M?”

550 Èske nou pa kwè ke Bib la di Li se menm Gran Prèt la jodi a ke L te ye lè sa a, Li, e yo ka manyen Li ak santiman enfim nou? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Nou ka manyen Li deyò la a, kit nou nan liy priyè sa a oswa non. Si nou malad, oswa si nou gen yon byenneme ki malad, si nou gen yon bagay sou kè nou, jis vini ak respè devan Bondye epi di: “Bondye, mwen pa konnen sou nonm sa a ki kanpe la a. Li se yon ti nonm tèt chòv. Li, li pa anyen, men mwen kwè ke sa li te preche a se Laverite. E mwen kwè ke li te di bon bagay la, ke Ou se Gran Prèt la. Kounye a mwen vle manyen W. E si li te di m Laverite, alò itilize bouch li pou

reponn epi di m, tankou W te fè madanm lan anvan la a.” Wè si Li se menm lan ayè ak pou tout tan. Fè sa. Se pa jis pou fè L menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? Se pa sa? [“Amèn.”]

Trè byen, tout moun kenbe pozisyon nou epi jis priye ak respè.

551 Sa w di? [Yon moun di: “Mwen gen kèk kat pou lapriye deyò a.”—Editè a.] En? [“Te distribye vennsenk.”] Mwen gen dis dèyè la a kounye a? [“Katòz.”]

552 Dis, onz, douz, trèz, katòz, kenz; èske kat pou lapriye dis, onz, douz, trèz, katòz, kenz, sèz, disèt, dizuit, diznèf, ven, venteen, vennde, venntwa, vennkat, vennsenk: sa ta dwe fè yon bon jan liy. Si nou...Mwen espere nou pa dwe kenbe nou isi a trè lontan. Men kounye a...

553 [Yon moun pale ak Frè Branham—Editè a.] Ou patisipe ladan l. Se trè byen. Jis kite... Se kòrèk.

Ann fredone toupre kounye a, tout ansanm, pandan yo pran li. *Kwè Sèlman.*

Kwè sèlman, kwè sèlman,

Tout bagay posib, kwè sèlman;

Kwè sèlman, jis s-...

Kwè kisa? Pawòl ak pwomès Li. Pou kisa?

Tout bagay posib, kwè sèlman.

554 Ap desann sot nan mòn lan, se la a disip yo te kanpe. Yo te kale yo sou ka malkadi sa a. Papa an te kanpe la a, ap gade pitit li, kap kriye. Disip yo tap pase atravè tout manèv yo, men sa pa tap mache. Jezi vin mache pwoche. Kèk nan yo te di: “Men Li.” Yon moun te pwente yo bay Jezi; lwen klèje a, bay Jezi. Se kote mwen vle pwente moun yo; pa sou mwen, oswa kèk legliz, men sou Jezi. Te di: “Li kapab.”

555 Kifè papa a kouri, te tonbe nan pye L, te di: “Seyè, gen pitye pou pitit mwen. Li kontrarye diferan fason ak yon demon. Li toumante. Li kimen nan bouch. Li tonbe nan latranblay,” malkadi. E l te di: “E mwen te mennen toupatou. E menm disip Ou yo pat ka fè anyen pou li.”

556 Jezi te di: “Mwen kapab, si w va kwè, paske tout bagay posib pou sila a ki kwè.”

Jis s-...

Menm ayè, jodi a, ak pou tout tan! Tout anndan kounye a. Tout moun fè silans.

...kwè,

Tout bagay posib...(Ala yon moman!)

Kwè sèlman, jis kwè sèlman,

Tout bagay posib, jis kwè sèlman.

557 O Seyè, Pawòl la ap poze nan tout viwonn isi a kounye a. Kite Limyè aswè a klere, Seyè, fè L viv. Nan Non Jezikri, mwen priye. Amèn.

558 Kounye a, nan Non Seyè Jezikri, mwen pran tout espri anndan isi a sou kontwòl mwen, pou glwa Li.

559 Mwen gade anba liy priyè sa a. Pa gen yon sèl moun nan liy priyè sa a ke mwen konnen. Yo se, chak moun, etranje pou mwen. Nou tout nan liy priyè sa a, ki se etranje pou mwen, e mwen pa konn anyen sou nou, pwoblèm nou yo oswa anyen, leve men nou anlè, tout moun nan longè liy priyè a.

560 Konbyen moun nan oditwa a ki se etranje pou mwen, e mwen pa konn anyen sou nou? Nou gen menm otorite a deyò la a, tankou sila yo genyen isi a. Sèlman, m ap pran yon grenn moun alafwa.

561 Men, kite m pran sa bò isi a, jis on minit. [Frè Branham bouje mikwo an—Editè a.] Èske nou ka tandè kounye a ak sa a? [Asanble di: “Wi.”]

562 Dam sa a isi a. Men yon nonm ak fanm, rankontre ankò. Mwen pa konnen l, pat janm wè l. Li se yon etranje pou mwen, men jis yon pafè etranje.

563 M ap sèlman aji sou baz Pawòl sa a. Pawòl sa a te di: “Zèv ke Mwen fè nou va fè yo tou, si nou kwè nan Mwen.”

564 Lèt jou maten an, lè vizyon sa a vini ankò, apre dè milye nan yo, epi te di: “Prezans Jezikri ki pa janm fayi an avè nou kèlkeswa kote nou ale.” Mwen kwè sa, solanèlman, ak tout kè m. Si m pa janm wè nou ankò, nou kwè ke sa se Verite a? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]
Se vre.

565 Men yon madanm ke m pat janm wè nan vi m. Li se jis yon madanm ki te resevwa yon kat pou lapriyè.

566 Fason ti gason an fè yo dabitid, li vin anndan isi a, pran kat pou lapriyè yo epi melanje yo tout, ansanm, devan noumenm moun yo. Bay yon kat pou lapriyè a nenpòt moun ki vle youn, kèlkeswa kote l ye a. Pèsòn pa konnen ki kote liy lan pral kòmanse, oswa anyen sou li. Se poutèt sa, ti gason an pat ka di: “O, kounye a *men*, si w ban mwen *tan kantite*, m ap mete w devan, e asire ke w la a.” Li pa fè l limenm. En-en. Pèsòn pa konnen.

567 Nou jis kòmanse. Kèlkeswa kote Sentespri an di “rele,” nou rele apati de la a menm. E mwen konfyan pafwa ke mwen pran yon moun, lè mwen isi a, espesyalman, ke yon moun pa janm...etranje, ou wè, ke m pa konnen.

568 Bon, si madanm sa a ki kanpe isi a, si... Gen yon bagay ki pa bon. Li ka malad. Li ka gen yon lòt moun, malad. Li—li—li ka jis kanpe la a, petèt li jis ap pran pòz tankou l malad. E petèt li jis kanpe la a, ap eseye denonse yon bagay. Si se sa l ap fè, jis gade kisa k rive. Ou wè? Nou te, wè sa te epwouve, tou. Pa vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Wi, mesye. Gade yo kap bwote l sot nan pòt la, mouri. Ou wè? En-en. Kifè kounye a n ap—nou jis dekouvri, wè si se vre oswa non. Ou wè? Epwouve l, ou wè.

569 Bon, nou pap jwe jwèt legliz, zanmi. Nou nan tan lafen a. Fwi a sou tèt pyebwa a, ap miri. Se vre. Seyè a ap vini.

570 Mwen pa konnen l. Bondye konnen l. Li te konnen l. Anvan te janm gen yon mond, Li te konnen l. Li te konnen li tap kanpe la a menm. Li te konnen mwen tap kanpe la a menm. Paske, Li enfini. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Kounye a, si Li enfini epi te konn sa, alò Li konnen poukisa madanm lan kanpe la a. Alò, menm Bondye ke...

571 Jezi, lè Li te isi a sou latè, ak Bondye nan Li, ki te pale ak madanm lan nan pi an, epi te di l yon bagay ki pat bon avè li. Nou tout konn kisa l te ye. Pa vre? E li te di: “Mesye, Ou dwe yon pwofèt.” Se te premye ekspresyon li. “Kounye a, nou konnen ke li tan pou Mesi a isi a, ke yo rele Kris la. E lè Li vini, se pral bagay ke Li fè a.”

572 Bon, si Li se “menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” e te pwomèt pa Pawòl sa ke mwen te fèk preche a, ke nan tan aswè a Li tap isi a epi fè menm bagay la, alò n ap chache li. Se pa sa? Se pa sa n ap fè? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Ap chache rezirèksyon Legliz sa a. Kounye a, si L ap fè pou fanm sa a menm jan Li te fè anvan la a, ki konfime Pawòl la, ke Se vre. [“Amèn.”]

573 Bon, dam la te jis kenbe men li, e mwen tou, ke nou se etranje, youn pou lòt. Mwen pa konnen l. Mwen pat janm wè l. Li se jis yon etranje, ki kanpe isi a. Konsa nou ye, deyò la a, anpil nan nou.

574 Mwen konnen kèk nan moun sa yo ki chita bò isi a. E mwen pa konn anpil. Mwen konn Madam Collins isi a. Mwen sèten de sa. Sè, madanm Frè Ben, e mwen te wè Frè ak Sè Dauch isi a, on moman... Frè Wright; Frè, Sè Dauch; frè bò la a sou bout la. Mwen konn kèk nan nou, bò isi a. Mwen mwen—mwen pa konn twòp nan nou, paske mwen pa anndan isi a anpil, pou fè konesans. E nou gen etranje anndan isi a.

E kifè nou jis priye.

575 Si mwen se yon etranje pou ou, e mwen pwofese ke Limyè aswè a vini. E Limyè aswè a tap menm jan ak Limyè maten an. Li tap revele menm fwi mistè Bondye yo, an palan de espiryèlman. Sa se vre. Kounye a, mwen sèlman ap pale avè w tankou L te fè madanm sa a nan pi an. Li te di: “Pote yon dlo ban M bwè.” Ou wè? M ap di menm bagay la. Se pa mwen. Se Li. Men si Li tap revele m pou kisa ou kanpe la a, ou wè, si L ap revele m pou kisa ou la a, alò w ap konnen ke Li konnen tout bagay sou vi w. Si L ap di w yon bagay ki te fèt, ou wè, ou konnen si se vre oswa se pa vre. Alò si Li konn kisa k te fèt, e ka di w sa, Li ka...sètènman w ap kwè Li lè sa a pou sa k pral fèt. Si Li ka di w deja kisa w te fè anvan isi a, sètènman sa tap revele devan li, oswa dèyè li, anvan l lan, ak tout sa ki ladan l, montre ke l vre.

576 Èske asanble a ap kwè Li, ak tout kè nou, si L ap fè l? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Mwen kwè nou tap kwè, kit Li te fè l oswa non. Nou toujou kwè sa, men sa sèlman ranfòse li.

577 Kounye a, m ap jis gade madanm lan, e l ap vin wen. Li konsyan, etan yon etranje pou mwen.

578 Men jis kite m montre nou kounye a. Anpil nan nou wè foto sa a ki pandye la a. Bon, Se pa, anwo, Limyè sa a. Se egzakteman sa ki pande isi a menm nan mitan mwen ak madanm sa a kounye a menm. Èske nou pa wè sa? On kailte—on kalite Limyè krèm, jòn vèt, tankou emwòd, jan nou rele li, L ap fofile dwat... Se sa ki fè l santi l...

579 Bon, jis kite m montre nou on bagay. Ou te santi yon sansasyon vrèman dous, enb. Si se vre, madam, leve men w anlè konsa moun yo ka wè. [Sè a di: “Wi.”—Editè a.] Ou wè? [“Alelouya.”] Se...Li pa ka anpeche tèt li santi l, Li la a menm. Ou wè?

580 Bon, kounye a, si Li kase antre sou li, mwen pa konnen. Sa depann. Sa dwe Bondye. Mwen pa ka fè l, mwenmenm. Se—se Bondye ki dwe fè l. Wi.

581 Dam lan vrèman, pa natirèl, tap tann yon operasyon. Li gen yon bagay ke doktè a ta di li: “Ke yo dwe opere,” men li pa al kot doktè a. Se vre. [Sè an di: “Non. Jezi se Doktè mwen.”—Editè a.] E li—li...Se yon—yon bagay ki gwosi. E bagay ki gwosi sa a sou bò dwat la, toupre zo rèl do a. Se vre. Si se vre leve men w anlè, konsa moun yo wè. [“Se vre.”]

582 Kounye a nou kwè? [Asanbke di: “Amèn.”—Editè a.] Kounye a, nou pa wè li, (Ou wè? Ou wè?) men nou kwè l ak tout kè nou kounye a, ke se vre. Trè byen. Trè byen.

583 Kounye a nou di: “Petèt ou te devine sa, Frè Branham.” Ou pa ka devine sa, yon milyon fwa, pafè.

584 Ebyen, jis kite l kanpe la a, yon minit. L ale kite m, kounye a menm. [Sè an di: “Wi.”—Editè a.] Kounye a, jis, ann wè, jis on moman, ou wè. [“Alelouya!”] Li sanble li kòrèk; Kreyèn. Bon ann wè. Bon jis si L ap di nou yon lòt bagay ki tap fèt. Wi. Men li tounen dwat ankò. [“O, non.”] Wi, mesye. Li se yon—li se yon...Wi. Se yon—se yon bagay ki gwosi, ke se, ke doktè yo tap retire. E se...Li tap ba l pwoblèm. Men li pral fè Kris konfyans pou li.

585 E pa sèlman sa. Li pa moun bò isi a. E li gen yon moun avè l. Se mari l. E l ap soufri, tou. [Sè an di: “Wi.”—Editè a.] Se vre. Èske w kwè Bondye ka di m, pandan m ap gade mesye an dwat isi a, nan vizyon sa a, kisa k pa bon avè l? [“Wi.”] Ebyen, di l jis al manje dine li. Pwoblèm lestomak li pati. Ou kwè se Kris kap fè sa? Wi? Ou sot Tennessee. [“Wi.”] Nashville. [“Wi, mesye.”] Se vre. Madam Binkley. Trè byen. Ou ka tounen lakay ou kounye a epi vin byen, oumenm ak mari w. Bondye beni w.

586 Nou kwè Seyè Jezi? [Asanble rejwi—Editè a.] Si se pa menm Seyè Jezi ki te isi a nan jou ki te pase yo, nan Limyè Legliz aswè a. Egzamine madanm lan, pale avè l, mande l si bagay sa yo ki te di yo pat vre. Si n ap jis kwè. Kounye a èske nou satisfè ke Li se Kris menm lan? [“Amèn.”] Bon, nou konnen mwen pat ka fè sa. Mwen se yon nonm. Mwen se frè nou. Men Li se Bondye.

587 Bon ann wè. Èske sa se pwochen moun lan? Ou se moun ki te nan liy priyè a? Trè byen.

588 Bon, byensi, onksyon sa a, ou reyalize, jis febli mwen, tankou mwen pa konn kisa. Bon, Jezi, lè ti madanm sa a te manyen rad Li, Li te di: “Mwen wè vèti te sot nan Mwen.” Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Sa vle di “fòs.” Li te vin fèb. E si Li... Si sa ta rive Pawòl la, Limenm, kisa l tap fè a jis youn ke Pawòl la te vin jwenn? Kisa l ta? Si l te fè Pitit Bondye a sa, kisa l ta vin jwenn mwen, yon pechè ki sove pa gras Li? Ou wè? Li jis fè m vire an won epi an won. Ou wè?

589 Men, poutan, mwen isi a pou reprezante Li. Pou rep-...Mwen se yon move reprezantan. Mwen—mwen repanti pou tout peche m yo, ke—ke nou pap gade kisa mwen ye; men gade Kimoun Li ye, ke n ap gade nan fason sa a.

590 Bon, mwen se yon etranje pou ou, madam. Mwen pa konn madanm sa a, non plis. Nou se etranje youn pou lòt. Se vre. Bon, si Seyè Jezi (mwen ki pa konnen w, e ou pa konnen m), si Seyè Jezi ap revele m yon bagay, ke w isi a pou li, yon bagay ou te fè, oswa yon bagay ou pa ta dwe fè, oswa yon bagay nan fason sa a, nou konnen sa tap yon, sa tap yon mirak esepsyonèl. Se yon bagay ki pa ka eksplike. Yon mirak se yon bagay ki pa ka eksplike. Nenpòt moun konn sa. Ou wè? Sa tap yon mirak esepsyonèl.

591 Li tap plis yon mirak pase si te gen yon—yon dam ki chita isi a nan yon chèz woulant, epi te gen atrit, epi tou bloke. Mwen tap di l: “Leve epi mache,” e li ta pral mache sot la a, tout moun tap rele pou sa. Men, nou wè, an reyalite pwisans lafwa li pou l kwè, epi jis leve epi mache, te ka fè sa.

592 Men pou tounen laba a epi rale yon lavi yon kote, sa pran plis pase sa. Sa pran Bondye sèl, kote nou ka di, ou wè, nou konnen si se vre.

593 Kounye a, yon bagay te rive, yon lòt kote. Kounye a tann. Li kite isi a. L ale nan...ale nan oditwa a, yon kote, yon kote. L ale kounye a.

Jis on minit. Kite m pale ak madanm lan ankò.

594 Kounye a, jis vrèman gen respè epi gade kounye a. Jis priye, se pou n ap priye la a. Mwen vle nou priye: “Seyè, kite se mwen.” Kèk nan nou moun yo deyò la a, ki pap nan liy priyè a, jis priye.

595 Ankò mwen pale avè nou, pou ba-...pou lafwa nou. Ou wè? Se sa te ka fèt pou lòt madanm sa a, sa ka fèt pou ou. Se lafwa ou. Ou wè? Ou se sila ki fè li. Se pa mwen. Se lafwa w nan Bondye. Ou wè?

596 Jezi pat janm di: “O, Mwen te konnen Mwen ta pral rankontre madanm sa a bò la a.” Non.

597 Men lè rezirèksyon Laza a vini, kounye a, se sa Bondye te montre L pou L fè. Ou wè? Bondye te di: “Ale lwen.” E Li—Li te pwouve jis kisa L te ye. Tale lwen. Epi lè L tounen, Li te di: “Laza ap dòmi.” E Li tounen, e tale e te resisite Laza sot nan tonm lan. Te rele nanm li, apre l tale pandan kat jou. Li pat janm di Li te vin fèb la a. Se te Bondye ki tap itilize don an.

598 Men, sa a, lè madanm sa a te manyen Li, se te madanm lan ki tap itilize don Bondye a.

E se menm bagay la a isi a. Se nou kap fè sa.

599 Bon, sou sa a, sou vwayaj lachas yo, kote...Mwen te wè lous la, ak kote diferan bagay yo, ak tout diferan bagay sa yo ki te predi isi a, te di poukisa yo rive, jis mo pou mo. Se Bondye. Sa pa deranje m.

600 Men lè moun yo kòmanse itilize don Bondye a, ou wè, ou vin sèvitè piblik Bondye, pou nou jis tape nan liy lan. Ou wè?

Epi nou manyen Li pa sa a, alò Li reponn. Ou wè?

601 Bon, wi, kounye a madanm lan ap antre nan vizyon an. L ap antre, oswa vizyon an ap bouje antre. Sanble tankou w te ka wè sa toutotou li. Madanm lan malad. Li vrèman malad. L ap souffri, yon sèl bagay, ak yon pwoblèm lestomak, trè mal. Leve men w anlè si se vre. E ou gen konplikasyon de bagay. Se vre.

602 Ou gen yon moun avè w tou. Se mari w. E li malad. [Sè an di: "Se vre."—Editè a.] Si Bondye ap revele mwen, a mari w, kisa k pa bon avè l, èske w ap kwè mwen se pwofèt Li? Nonm lan deranje ak je li, ak zòrèy li, e li nan yon trè move kondisyon. ["Wi, Wi. Louwe Seyè a! Louwe Seyè a!"] Wi, mesye.

603 Èske w kwè Bondye konn kimoun ou ye? [Sè an di: "Wi."—Editè a.] Èske w ta vle kwè mwen se pwofèt Li, vwayan Li, si mwen di w kimoun ou ye? ["Wi."] Ou kwè sa? Madam Robertson. E ou soti Huntsville, se Alabama. Retounen, oumenm ak mari w, epi pou n byen.

604 Nou kwè? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] "Tout bagay posib a sila yo ki kwè." Si nou ka kwè, si nou jis pran—pran pozisyon nou epi kwè ke Bondye fè l. Kounye a, pa doute, men jis kwè ak tout kè nou, ke Bondye ap akòde nou gerizon sa a, e nou ka gen kèlkeswa sa nou mande a.

605 Trè byen, mesye, pwoche kounye a. Ann wè. Èske w se pwochen moun la isi a? Trè byen, mesye. Mwen sipoze ke nou se etranje, youn pou lòt, mesye. Si...Jezi te vin jwenn yon nonm yo te rele Simon, te pale l de kondisyon li, e sa te fè Simon al kwè, ak tout kè li. Èske sa tap lakòz ou fè menm bagay la? [Frè a di: "Wi."—Editè a.] Sa tap fè l. Ebyen, nou etan etranje.

606 Bon, Bondye pa diferan ke l se mal oswa femèl. Li jis menm lan. Li se Bondye. Ou wè?

607 E èske ou, èske w ap kwè ke (sansasyon sa a ki toutotou w kounye a), ke Bondye ap kapab revele w, atravè mwen, sèvitè Li, ke yon bagay ke w isi a pou li, yon bagay ki pa bon avè w, kèlkeswa sa l ye a? Ebyen, w ap konnen si se laverite oswa non. Trè byen. Se pou Li akòde li.

608 Mesye a ap antre nan yon vizyon, oswa vizyon an ap antre nan mesye a. Li pa isi a pou maladi. Li isi a ap chache batèm Sentespri a. Se sa l ap chache. Se vre, mesye. Wi, mesye. E ou pa moun isi a. Ou sot anlè wout la isi a, yon plas ki rele Seymour, Indiana. Sa, sa se—sa se kote w soti a. Yo rele w: “Bill.” Bill, retounen, resevwa Sentespri a, nan Non Jezikri. Kwè.

609 Vini, madam. Èske w kwè mwen se pwofèt Li? Èske w kwè ke Jezikri, Pitit Bondye a, viv? E ou kwè se Li ki pèmèt sa rive kon sa ? Ou kwè sa?

610 Konbyen nou te genyen? Kisa? Ou wè, mwen pa vle vin twò fèb. Trè byen.

611 Non, se pa anyen; ou pa isi a pou tèt ou. Ou isi a pou yon lòt moun. E lòt moun sa a pa isi a. Si m ap di w ki pwoblèm lòt moun sa a, èske w ap asepte gerizon an, epi pran epi kwè? Se yon kansè. Èske w kwè ke y ap geri? Alò ale, nan Non Seyè Jezi, epi kwè. Ann jis...

612 Èske nou kwè, nou tout? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Èske nou kwè onksyon Sentespri sa a? [“Amèn.”] Èske Li pa mèveye? [“Amèn.”] Èske n ap kwè? [“Amèn.”] Trè byen.

613 Kounye a, konbyen nou te genyen? Dabitid de, de ou twa, se yon konfimasyon. [Yon moun di: “Twa.”—Editè a.] Sa w di? [Yon lòt moun di: “Se kat ou te genyen.”] Kat? [“Wi.”] Èske se senkyèm lan sa ki kanpe isi a? Trè byen.

614 Ann—annou kwè ak tout kè nou, ke Jezikri Pitit Bondye a se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

615 Ou isi a pou bebe sa a. Si Bondye ap revele m kisa k pa bon ak bebe w la, èske w ap kwè ke Bondye ap geri li? Ti bonnonm lan gen yon pwoblèm kè ki grav. Se vre. Ba-...ou pa, bebe a pa moun isi a. Li soti andeyò vil la. Li sot andeyò eta a. Ou kwè Bondye ka di m ki kote

bebe a soti? Èske w ap kwè, epi kwè l ap vin byen lè sa a? Mennen l tounen Franklin, Kentucky. Wi, madam, epi kwè ak tout kè w. Si w va kwè, se tout sa w gen pou fè.

616 Kite—kite...Vin isi a jis on minit. Mwen kondane move bagay sa a. Nan Non Jezikri, se pou lanmò pati, epi lavi vini.

“Yo va poze men yo sou malad yo, yo va geri.”

Ou vle al manje? Panse L ap fè w santi w pi byen? Ale. Sa kite w kounye a. Amèn.

617 Ou kwè pwoblèm fanm sa a pral kite w? Trè byen. Al nan plas ou epi di: “Mèsi, Seyè.”

Kijan w ye, mesye? O, dyab sa a, opresyon!

618 Jis on moman. Jis on moman kounye a. Yon bagay te mal pase...Yon bagay pat mal pase; te byen pase. Kounye a, gen yon bagay anndan isi a, ki sanble, ki te kapte mesye sa a jis nan moman sa a. Kite m wè ankò kisa l te ye. Bon jis gade m. Pa di anyen. Jis on moman.

619 Se yon mesye nwa, ki chita dèyè isi a menm, ap gade m. Se pa li...li—li gen yon moun ki malad. Se vre. Gen opresyon ak sinis. Se vre. Ou te manyen Li. Ou pa moun isi a, mesye. Ou sot nan Lès, nòdès, direksyon sa a. Ou sot New York. Wi, mesye. Se vre. Ou se Mesye Hunt. Ou kwè kounye a. Trè byen, mesye. Se byen.

620 Se zanmi w ki chita la a bò kote w, ap priye. Ou kwè, mesye, mwen se pwofèt Bondye? [Frè Coleman reponn wi—Editè a.] Ou vin isi a avè li. Non w se Coleman. [“Wi. Alelouya!”] E ou—w ap priye pou yon papa. [“Wi.”] Ki gen yon stwok. Se ENSI DI SEYÈ A. [“Alelouya!”] Kwè. Ale, kwè kounye a, l ap kite w.

621 Ou gen yon lestomak ki sou nè, ba w pwoblèm. Èske se pa vre? Al, manje. Nan Non Seyè Jezi. Ou kwè Li te geri w? Jis tounen epi di: “Mèsi, Seyè Jezi.” Kwè ak tout kè w.

622 Ou deranje ak yon pwoblèm nè, tou boulvèse, etsetera. Kwè ak tout kè w. Tounen epi pou w byen.

623 Nèvozite. Jis kwè ak tout kè w. Kwè ke Bondye ap fè w byen, e L ap fè l. Pa doute yon tikras.

624 Pwoblèm nè ak kè. Ou kwè ke Jezikri ap fè w byen? Ale, pou vin byen, nan Non Jezi.

625 Sou nè, kontrarye, pwoblèm lestomak kap deranje w ak yon kondisyon lestomak nan lestomak ou ki lakòz manje w vin asid. Ale, pa doute nan kè w; epi l ap rive, ou pap genyen l ankò.

626 Do w tap deranje w. Ou kwè ak tout kè w? Alò ale, e Jezikri geri w nan sa a.

627 Jis on moman. Pa bouje, jis on moman. Kounye a yon bagay te rive. Madanm sa a isi a etranj. Limyè sa a te antoure li, vrèman rapid, apres a te elwaye, epi kouri tounen dwat ankò. Yon bagay te rive. Jis on moman. Se te yon mesye nwa, mwen sèten se pat frè nwa an la a, paske li vin...Jis on minit. Men li. (Fè bak, Billy.” Men li.

628 Se mesye sa a ki chita isi a, mesye nwa. Ou deranje ak yon pwoblèm do, tou. Se vre. Ou se yon etranje pou mwen. Mwen se sa pou ou. Men gen yon sèl bagay ou bezwen ki pi bon pase pwoblèm do a, se, bay Kris kè w, vin yon Kretyen. Ou pa...Èske w ap asepte L kòm Sovè w? Ou sot Ohio. Se vre. Sot Ohio. Tounen, pou w vin byen. Jezikri padone peche w yo, e ou ka al lakay ou epi geri. Kounye a tout fini. Kounye a ou ka al lakay ou. Kwè ak tout kè w.

629 Trè byen, sè, vini. Konplikasyon, ak nèvozite, ak fatig. Ou kwè ak tout kè w ke Bondye ap fè w byen? Al nan plas ou, epi di: “Mèsi, Seyè Jezi, pou tout sa W te fè pou mwen.”

630 Ou kwè ke Bondye Toupwisan ap fè w byen, epi geri do w, epi fè w byen, epi geri pwoblèm ren an. Ale—kontinye wout ou dwat, ap rejwi, epi di: “Mèsi, Seyè Jezi.”

631 Ou kwè, pitit gason, Li fè w byen? Di: “Mèsi, chè Bondye.” Ale, jis louwe Bondye.

632 Kounye a ou kwè ak tout kè w, sè? Alò ale, epi Jezikri fè w byen.

633 Jis on moman. Non, se pat li. Jis on minit. Se pat dam la la a. Jis on segonn kounye a. Jis on moman.

634 Te wè dlo kap badijonnen yon bagay. Yon moun isi a ki travèse lanmè, sot on kote. Se yon madanm, e li soti Lawoland. Kote l ye? Men li. Trè byen, sè. Ou soti lwen pou gerizon. Ou kwè mwen se pwofèt Li? [Sè an di: “O, wi.”—Editè a.] Ou soufri ak rimatis, ak atrit, kò rèd.

Kwè nan Seyè Jezikri, e pote Mesaj la bay moun ou yo. Bondye beni w. L ap kite w e ou ka ale epi geri. Amèn.

Èske nou kwè? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

635 Isi a, dèyè nèt isi a sou dèyè, se yon madanm ki chita dwat dèyè a isi a. E l ap soufri ak yon kondisyon blad bil. O, li pral rate li. Bondye, ede m. Li—li sot Indianapolis. Non li se Gilbert. Kanpe kote w ye a, madam. Apa ou. Se pou w vin byen, nan Non Jezikri.

636 Èske nou tout kwè, ak tout kè nou? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Poze pa nou...Èske Jezi te resisite sot nan mò yo? [“Amèn.”] Èske Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? [Asanble rejwi.] Poze men nou youn sou lòt epi ann priye, pandan mwen priye pou Sè Kelly.

637 Seyè Jezi, kite Pwisans Sen Ou antre nan legliz la kounye a! E se pou Li travèse epi antre nan sè nou isi a pou epaye lavi li, Seyè, Ba li gran gerizon sa a ke l ap reklame a, Seyè. Geri moun Ou yo isi a. Pran glwa pou Tèt Ou. Akòde l, Seyè.

638 E se pou moun sa yo isi a ki kounye a gen men yo youn sou lòt.

639 Satan...

N ap vin kounye a nan mouchwa sa yo; nan Non Jezikri, se pou chak moun geri. Seyè, konfime Pawòl Ou ak siy kap swiv.

640 E kounye a, Satan, oudenm dyab sal, yo bat ou. Bondye te di Li tap restore Pitit Bondye a, ke w te trayi nan Li atravè kredo w yo. Li te pwomèt pou restore Legliz la nan premye kondisyon l yo, lè Limyè aswè yo klere. E n ap viv ladan L. E nan restore, nou gen dwa, nou gen Pwokirè nou, nou gen Avoka nou, Gran Prèt nou, e na pral fòse reklamasyon an. Ou te kenbe yo ase lontan. Ou pa ka fè l pi lontan. Nou kòmande w, nan Non Jeziki, pa pwisans rezirèksyon Li ak Sentespri a ki prezan kounye a: Soti nan oditwa sa a! [Asanble rejwi anpil—Editè a.]